**WO’ZBEKSTAN RESPUBLIKASI’ JOQARI’ HA’M WORTA ARNAWLI’ BILIMLENDIRIW MINISTIRLIGI**

**BERDAQ ATI’NDAG’I’ QARAQALPAQ MA’MLEKETLIK UNIVERSITETI**

*Qol jazba huqi’qi’nda*

UDK: 894.375+8-1/-9

**Nurjanov Mansur Perdebaevich**

# K.Karimov poeziyasi’: ideyali’q-tematikali’q bag’dari’. Janrli’q wo’zgesheligi. Obrazlari’

**Magistratura bo’limi 5A120101–A’debiyattani’w qa’nigeligi (Qaraqalpaq a’debiyati’)**

**Magistr akademik da’rejesin ali’w ushi’n jazi’lg’an dissertaciya**

MAK da jaqlawg’a ruxsat berildi
Magistratura bo’limi basli’g’i’
___________doc., Gulimov A.

Kafedra basli’g’i’: f.i.k. doc., Yusupov Q.
Ilimiy basshi’: f.i.k. doc., Genjemuratov B.

**No’kis-2013**

Mazmuni':

**Kirisiw……………………………………………………………………............3-7**

Tiykarg'i' bo'lim

**I bap. K.Karimov poeziyasi'ni'n' ideyali'q-tematikali'q wo'zgesheligi.......8-30**

I.1. Shayi'r lirikasi'ni'n' ideyali'q-tematikali'q bag'darlari'………...................8-22

I.2. Shayi'r poemalari'ni'n' ideyali'q-tematikali'q ayri'qshali'g'i'…...............23-30

**II bap. K.Karimov poeziyasi'nda janrli'q izlenisler……………....................31-61**

II.1. Shayi'r lirikasi'ndag'i' janrli'q izlenisler……………………......................31-45

II.2. Shayi'r poemalari'ni'n' janrli'q wo'zgeshelikleri……………….............45-61

**III bap. K.Karimov poeziyasi'nda qaharman obrazi'ni'n' jasali'w wo'zgesheligi……………………………………………………………….62-79**

III.1. Shayi'r lirikasi'nda qaharman obrazi'ni'n' jasali'w wo'zgeshelikleri.….62-71

III.2. Shayi'r poemalari'ndag'i' qaharman obrazi'n jasaw sheberligi...............71-79

**Juwmaq……………………………………………………………….80-83**

Paydalani'lg'an a'debiyatlar…………………………………………….........84-89

## Kirisiw

**Temani'n' aktualli'g'i':** 1980-ji'llardi'n' II yari'mi'nan baslap milliy poeziyami'zdi'n' rawajlani'wi'nda jan'a sapa wo'zgerisleri ko'zge taslana basladi'. Ja'miyetlik-siyasiy wo'mirimizdegi, ta'biyattag'i' ha'm adam ta'g'dirindegi ha'diyselerdi su'wretlewde buri'ng'i' qati'p qalg'an stereotiplerden, sxemalardan, qorshag'an wortali'qti' su'wretlewdegi siyasiy qa'liplerden waz keshilip, uli'wmainsani'yli'q ideyalardi', ja'miyet ha'm ta'biyattag'i' waqi'ya ha'm ha'diyselerdi haqi'yqi'y tu'rde su'wretlewge u'lken di'qqat qarati'la basladi'. Usi' ko'zqarastan u'lken a'wlad wa'killeri bolg'an I.Yusupov, Sh.Seyitov, M.Seytniyazov, D.Aytmuratov, K.Raxmanov, T.Ma'tmuratov, T.Sa'rsenbaev ha'm tag'i' basqalardi'n' qatari'na a'debiyati'mi'zg'a 1970-ji'llardi'n' aqi'ri' ha'm 80-ji'llardi'n' basi'nda kirip kelgen H.Ayi'mbetov, J.Izbasqanov, K.Karimov, X.Da'wletnazarov, N.To'reshova usag'an bir qansha shayi'rlari'mi'zdi'n' a'debiy miyrasi' u'lken qi'zi'g'i'wshi'li'q woyatadi'. Wolardi'n' qaharman obrazi'n jasaw, turmi's shi'nli'g'i'n ko'rkem shi'nli'qqa aylandi'ri'w boyi'nsha ta'kirarlanbas joli', usi'llari' bar. Sonli'qtan wolardi'n' poeziyali'q shi'g'armalari'n g'a'rezsizlik zamani' talabi'na say arnawli' tu'rde izertlew bu'gingi ku'nde a'hmiyetli ma'selelerdin' biri boli'p tabi'ladi'. Usi' maqsette biz belgili shayi'r ha'm ja'miyetlik g'ayratker, senator K.Karimovti'n' poeziyasi'n magistrlik dissertaciyami'zdi'n' izertlew obekti si'pati'nda tan'lap aldi'q. Biz tiykarg'i' di'qqatti' woni'n' poeziyali'q shi'g'armalari'ni'n' ideyali'q-tematikali'q bag'dari'na, janrli'q wo'zgesheligine, qaharman obrazi'n jasawdag'i' sheberlik ma'selesine qaratti'q.

**Izertlew obekti ha'm predmeti:** Magistrlik dissertaciyami'zdi'n' tiykarg'i' obekti K.Karimov poeziyasi'ni'n' ideyali'q-tematikali'q ha'm janrli'q wo'zgesheligin, obrazlar du'nyasi'ni'n' ayri'qshali'g'i'n izertlew boli'p tabi'ladi'. Biz bunda shayi'rdi'n' «Arali'qlar», «Waqi't minarasi'», «Menin' terezelerim», «Araldan keldim», «Ko'n'lim mu'lki» toplamlari'ndag'i' shi'g'armalari'n ko'rkem da'rek si'pati'nda tan'lap aldi'q. Dissertaciyani' jazi'w bari'si'nda shayi'r

shi’g’armalari’ haqqi’ndag’i’ a’debiy-si’n ha’m ilimiy-teoriyali’q materiallarg’a da wo’z qatnasi’mi’zdi’ bildirdik.

**Izertlewdin’ tiykarg’i’ ma’seleleri ha’m gipotezalari’.** Biz izertlew jumi’si’ni’n’ tiykarg’i’ ma’seleleri si’pati’nda belgili shayi’r K.Karimovti’n’ poeziyasi’ni’n’ ideyali’q-tematikali’q ha’m janrli’q wo’zgesheligin, obrazlar du’nyasi’ni’n’ ayri’qshali’g’i’n belgilep beriwdi tan’lap alg’an yedik. Na’tiyjede biz shayi’rdi’n’ milliy qaraqalpaq poeziyami’zdi’ lirika ha’m poema salalari’n rawajlandi’ri’wg’a u’lken u’les qosqanli’g’i’n da’lillewdi maqsetke muwapi’q dep tapti’q. Keleshekte de, bizin’ woyi’mi’zsha, shayi’r turmi’s shi’nli’g’i’n uli’wmainsaniyli’q, gumanistlik principler boyi’nsha su’wretlewin dawam yetedi.

**Jumi’sti’n’ maqseti ha’m wazi’ypalari’**. K.Karimov qaraqalpaq poeziyasi’nda wo’zine ta’n wori’ng’a iye shayi’r boli’p yesaplanadi’. Shayi’rdi’n’ poetikali’q do’retpelerinin’ ideyali’q-tematikali’q, janrli’q wo’zgesheliklerin, obrazlar du’nyasi’ni’n’ wo’zine ta’nligin talqi’lay woti’ri’p, woni’n’ indvidual stilin, milliy poeziyami’zg’a qosqan u’lesin belgilew jumi’si’mi’zdi’n’ tiykarg’i’ maqseti boli’p yesaplanadi’. Usi’ maqsette to’mendegidey wazi’ypalardi’ sheshiwdi maqsetke muwapi’q dep woylaymi’z:

–Shayi’rdi’n’ lirikali’q shi’g’armalari’ni’n’ ideyali’q-tematikali’q wo’zgesheligin ani’qlaw;

–Shayi’r lirikasi’ndag’i’ janrli’q izlenislerdi belgilep beriw;

–Bati’s a’debiyati’na ta’n janrli’q formalardi’n’ shayi’r lirikasi’nda rawajlani’w wo’zgesheligin ani’qlaw;

–Shi’g’i’s a’debiyati’na ta’n janrli’q formalardi’n’ shayi’r lirikasi’nda rawajlani’w wo’zgesheligin ko’rsetiw;

–Shayi’r poemalari’ni’n’ ideyali’q-tematikali’q bag’dari’n ani’qlaw;

–Shayi’r poemalari’ni’n’ janrli’q wo’zgesheligin ashi’p beriw;

–K.Karimovti’n’ lirikasi’nda qaharman obrazi’n jasaw sheberligin ashi’p beriw;

– K.Karimovti’n’ poemalari’nda qaharman obrazi’n jasaw wo’zgesheligin ani’qlaw;

**Jumi’sti’n’ teoriyali’q ha’m metodologiyali’q tiykarlari’.** Temani’ u’yreniw bari’si’nda prezidentimiz I.A.Karimovti’n’ ja’miyettin’ ha’m ma’mlekettin’ rawajlani’w principlerin belgilep beretug’i’n miynetlerin[1], metodologiyali’q tiykar si’pati’nda basshi’li’qqa aldi’q. Sonday-aq jumi’si’mi’zda belgili wori’s, wo’zbek, qaraqalpaq a’debiyatshi’ ali’mlari’ V.G.Belinskiy, L.M.Timofeev, T.Bondarenko, A.Kvyatkovskiy, A.Rasulov, T.Boboev, E.Xudaybergenov, H.Umurov, U.Tuychiev, D.Quronov, B.Sarimsoqov, S.Axmetov, Q.Sultanov, K.Xudaybergenov, Q.Ja’rimbetov, Q.Worazi’mbetov, B.Genjemuratov[2] ha’m tag’i’ basqalardi’n’ ilimiy-teoriyali’q miynetlerindegi juwmaqlari’nan paydalandi’q.

**Jumi’sti’n’ izertleniw da’rejesi:** Shayi’r K.Karimov poeziyasi’ arnawli’ izertlenbegeni menen de, woni’n’ ayi’ri’m poetikali’q toplamlari’ jo’ninde bir qansha a’debiy-si’nli’q si’pattag’i’ materiallar jari’qqa shi’qti’. Ma’selen, shayi’rdi’n’ tun’g’i’sh kitabi’ bolg’an «Arali’qlar» toplami’ jo’ninde jazi’lg’an J.Xoshniyazovti’n’ «Merwert shi’qlar»[3] atli’ recenziyasi’nda shayi’r shi’g’armalari’ni’n’ estetikali’q bahali’li’g’i’, wolardi’n’ bizin’ turmi’si’mi’z ushi’n a’hmiyeti, shayi’rdi’n’ wo’siw ha’m a’debiyatqa keliw jollari’, sol toplamni’n’ uli’wma a’debiy processtegi, jazi’wshi’ do’retiwshiligindegi tutatug’i’n worni’, ko’rkem a’debiy da’stu’rlerge qatnasi’ ha’m basli’ jan’ali’qlari’ ha’m wo’zgeshelikleri qi’sqa, i’qsham tu’rde ayti’p wo’tiledi. Sonday-aq, a’debiyatshi’ Q.Worazi’mbetov 1980-ji’llar qaraqalpaq lirikasi’nda ko’rkemlik izlenislerdi u’yrene woti’ri’p, basqa da shayi’rlar menen birlikte K.Karimovti’n’

---

[1] Karimov I. A. Joqari’ ma’nawiyat – jen’ilmes ku’sh. Toshkent. «Manaviyat» 2008. Бизнинг бош мақсадимиз жамиятни демократиялаштириш ва янгилаш, мамлакатни модернизация ва ислоҳ этиждур– Тошкент. «Ўзбекистон» 2005.

[2] Белинский В.Г. Танланган асарлар Т.: Уз. Дав. нашр, 1955, Тимофеев Л. М. Основы теории литературы. М.: «Просвещение», 1971, Лотман М. Ю. О поэтах и поэзии. Санкт-Петербург, «Искусство -С-П». 2001, Расулов А. Бадиийлик–безавол янгилик. Илимий-адабий мақолалар, талқинлар, этюдлар. Тошкент, «Шарқ», 2007, Бобоев Т. Адабиётшунослик асослари. Тошкент, «Ўзбекистон». Умуров Ҳ. Адабиёт назарияси. Тошкент, «Шарқ», 2002, Худойбердиев Э. Адабиётшуносликка кириш. Тошкент, «Иқтисод-молия» 2007, Туйчиев У. Ўзбек поэзиясида бармоқ системаси. Тошкент, «Фан», 1966, Quronov D. Adabiyotshunoslikka kirish. Toshkent, 2004, Ахметов С. Талантқа талап. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1986. Усы автор. Қарақалпақ совет поэзиясы. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1988, Жәримбетов Қ. XIX әсир қарақалпақ лирикасының жанрлық қәсийетлери ҳәм раўажланыўы тарийхы. Нөкис «Билим», 2004. Усы автор. A’debiyattani’wdan sabaqlar. No’kis, «Qaraqalpaqstan», 2012. Оразымбетов Қ. Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы. Нөкис, «Билим», 2004. Генжемуратов Б. Әжинияз лирикасының поэтикасы. Нөкис, «Билим», 1997,

[3] Хошниязов Ж. Мерўерт шықлар // «Жас Ленинши». 1982-жыл. 19-май.

lirikasi'ndag'i' ko'rkem forma salasi'ndag'i', syujet quri'wdag'i' izlenislerine joqari' baha beredi[1]. Soni'n' menen birge, a'debiyatshi' ali'mlar A'.Paxratdinov, K.Allambergenov, M.Bekbergenovalardi'n' avtorli'g'i'ndag'i' joqari' woqi'w wori'nlari' ushi'n sabaqli'qta[2] K.Karimovti'n' wo'miri ha'm do'retiwshiligi haqqi'nda i'qsham a'debiy portret berilgen. Sonday-aq, shayi'r poeziyasi' haqqi'nda J.Bazarbaev[3], K.Allambergenov[4] ha'm J.Yesenovlardi'n'[5] maqalalari'nda di'qqatqa i'layi'q pikirler bar. Al, jas izertlewshi Q.Turdi'baevti'n' woqi'w qollanbasi'nda[6] K.Karimov poeziyasi'na arnalg'an a'debiy portretti ushi'rati'wi'mi'zg'a boladi'.

**Jumi'sti'n' ilimiy jan'ali'g'i'.** K.Karimov a'debiyati'mi'zg'a ideyali'q-tematikali'q ha'm janrli'q ko'zqarastan bir qansha jan'ali'qlar yendirgen shayi'r boli'wi' menen birge, wol ko'rkem forma ha'm mazmun salasi'nda da wo'z soqpag'i'na iye shayi'r. Usi'g'an qaramastan, shayi'r do'retiwshiligi qi'sqasha maqalalardi' yesapqa almag'anda derlik izertlenbedi. Bizin' bul jumi'si'mi'z K.Karimovti'n' lirikali'q ha'm epikali'k poeziyasi'ni'n' ideyali'q-tematikali'q ha'm janrli'q wo'zgesheliklerin, ko'rkem obrazlar du'nyasi'ni'n' ayri'qshali'g'i'n magistrlik dissertaciya talaplari'na muwapi'q ken' tu'rde u'yreniwge bag'i'shlang'an da'slepki arnawli' jumi's boli'p yesaplanadi'. Bular jumi'si'mi'zdi'n' ilimiy jan'ali'g'i'n belgilep beredi.

**Izertlewdin' teoriyali'q ha'm a'meliy a'hmiyeti.** Magistrlik dissertaciya jumi'si'mi'zdi'n' juwmaqlari'nan ha'm ilimiy izertlew bari'si'nda ali'ng'an analiz na'tiyjelerinen a'debiyatqa qi'zi'g'i'wshi'lar, a'debiyat ilimi menen shug'i'llani'wshi'lar, woqi'wshi'lar, izleniwshiler paydalani'wg'a boladi'. Sonday-aq, XX a'sir qaraqalpaq a'debiyati' boyi'nsha lekciya tekstlerin qayta islewde, sabaq wo'tiw bari'si'nda paydalani'wg'a boladi'.

---

[1] Оразымбетов Қ. Ҳәзирги дәуирдеги қарақалпақ лирикасында көркемлик излениўшилик. Нөкис, «Билим», 1992.
[2] Пахратдинов Ә., Алламбергенов К., Бекбергенова М., XX әсир қарақалпақ әдебияты тарийхы. Нөкис, «Қарақалпақстан», 2011, 288-295-бб
[3] Базарбаев Ж «Көңлим мүлки» жолға әнжам болғанда // «Еркин Қарақалпақстан», 2005, 15-сентябрь.
[4] Алламбергенов К. «Көңил мүлким»ниң маржанлары // «Әмиўдәрья», 2011, №3, 72-77-бб
[5] Есенов Ж. Қардың аппақлығы–кеўтл пәклиги // «Еркин Қарақалпақстан», 2008, 23-феврал, 3-б
[6] Turdi'baev Q. G'a'rezsizlik da'wirindegi qaraqalpaq poeziyasi'. No'kis, «Qaraqalpaqstan», 2011, 73-82-bb

**Jumi’sti’n’ quri’li’si’.** Jumi’s «Kirisiw», «Juwmaq» bo’limleri ha’m paydalani’lg’an a’debiyatlar diziminen ti’sqari’ u’sh baptan turadi’.

«Kirisiw» bo’liminde temani’n’ aktualli’g’i’na, izertlew obekti ha’m predmetine, maqset ha’m wazi’ypalari’na, izertleniw da’rejesine, teoriyali’q ha’m metodogiyali’q negizine, ilimiy-a’meliy a’hmiyetine, ilimiy jan’ali’g’i’na, jumi’sti’n’ quri’li’si’na baylani’sli’ ma’seleler so’z yetiledi.

Birinshi bap «K.Karimov poeziyasi’ni’n’ ideyali’q-tematikali’q wo’zgesheligi» dep atali’p, wol «Shayi’r lirikasi’ni’n’ ideyali’q-tematikali’q bag’darlari’» ha’m «Shayi’r poemalari’ni’n’ ideyali’q-tematikali’q ayri’qshali’g’i’» degen yeki bo’limnen turadi’. Bul bapta shayi’r a’debiy miyrasi’ni’n’ yele toli’q u’yrenilmegenligin yesapqa ali’p, woni’n’ woni’n’ do’retiwshiligine uli’wma sholi’w jasadi’q ha’m shi’g’armalari’ni’n’ ideyali’q-tematikali’q wo’zgesheliklerin u’yrendik.

Ekinshi bap «K.Karimov poeziyasi’nda janrli’q izlenisler» dep atali’p, wol wo’z gezeginde «Shayi’r lirikasi’ndag’i’ janrli’q izlenisler» ha’m «Shayi’r poemalari’ni’n’ janrli’q wo’zgeshelikleri» dep atalg’an yeki bo’limnen ibarat. Bul bapta shayi’rdi’n’ lirikali’q poeziyasi’ menen poemalari’ndag’i’ janrli’q izlenisler u’yrenildi.

U’shinshi bap «K.Karimov poeziyasi’nda qaharman obrazi’ni’n’ jasali’w wo’zgeshelikleri» dep ataladi’. Wol «Shayi’r lirikasi’nda qaharman obrazi’ni’n’ jasali’w wo’zgeshelikleri», «Shayi’rdi’n’ poemalari’ndag’i’ qaharman obrazi’n jasali’w sheberligi» dep atalg’an yeki bo’limge bo’lip u’yrenildi. Bul bapta shayi’r K.Karimovti’n’ poeziyasi’ndag’i’ qaharman obrazi’n jasaw wo’zgesheligine analiz jasadi’q.

«Juwmaq»ta jumi’s bari’si’nda islegen ilimiy-teoriyali’q pikirler ba’ntlerge bo’linip, i’qshamlasti’ri’li’p berildi. Paydalani’lg’an a’debiyatlar dizimi ha’zirgi bibliografiya iliminin’ qa’delerine muwapi’q jaylasti’ri’ldi’.

# I bap. K.Karimov poeziyasi’ni’n’ ideyali’q-tematikali’q wo’zgesheligi

## 1.1. Shayi’r lirikasi’ni’n’ ideyali’q-tematikali’q bag’darlari’

Ko’rkem shi’g’armada jazi’wshi’ ja’miyetlik turmi’stag’i’, adam ta’g’dirindegi qanday da bir ma’selelerdi, problemalardi’ qozg’aydi’. Usi’ arqali’ wo’zinin’ aytajaq woy-pikirin, ideyasi’n alg’a su’redi. Sonday-aq jazi’wshi’ ko’rkem shi’g’armani’ do’retiwdin’ bari’si’nda belgili bir ko’zqaraslardi’, principlerdi basshi’li’qqa aladi’. Wolardi’ wo’zi jaratqan obrazlarg’a sin’diredi. Demek, ko’rkem shi’g’armani’n’ mazmuni’ temadan, problemadan ha’m ideyalardan turadi’ yeken. Tema–bul ko’rkem shi’g’armani’n’ sa’wlelendiretug’i’n turmi’sli’q ha’m syujetlik materiallari’ boli’p tabi’ladi’[1]. Al, «Ideya–shi’g’armada qoyi’lg’an ha’m jarati’lg’an ma’selelerdin’ mazmuni’nan, xarakterler analizinen logikali’q ta’rizde kelip shi’g’atug’i’n juwmaq»[2] boli’p yesaplanadi’. Tema ham ideya bir-biri menen ti’g’i’z baylani’sta boladi’. Wolardi’n’ yekewi de turmi’sti’n’ anaw yaki mi’naw ta’repi haqqi’ndag’i’ shayi’r yaki jazi’wshi’ni’n’ pikirlerin woqi’wshi’g’a jetkeriwshi qural.

Ko’rkem shi’g’armadag’i’ ideyali’q-tematikali’q ko’p qi’rli’li’q woni’n’ ko’rkem quri’li’si’ndag’i’ bir pu’tinlilikke zi’yan jetkizbewi kerek. Sebebi, turmi’sti’n’ wo’zinde belgili bir ha’diyse basqa bir ha’diyse menen wo’z-ara baylani’sqa kirisip, quramali’, ko’p qi’rli’ bolg’an jan’a ha’diyselerdi payda yetedi. Sonli’qtan wolarg’a belgili bir ko’zqarastan baha beriw mu’mkin. Al, «Tematika–ko’rkem shi’g’armani’n’ tiykarg’i’ ha’m jetekshi temasi’ menen birge wog’an bag’i’ni’shli’ bolg’an basqa kishi temalardi’ da wo’z ishine qamti’p, shi’g’armadag’i’ ideyali’q–ko’rkemlik bir pu’tinlilikti ta’minleydi»[3]. Ko’rkem shi’g’armada su’wretlenetug’i’n ha’r bir obraz, ha’r bir turmi’sli’q jag’day wo’zine ta’n temag’a ha’m wog’an berilgen bahag’a iye boladi’. Usi’ ma’niste a’debiy shi’g’arma ko’p ma’seleli, ko’p temali’ ha’m ko’p ideyali’ boli’p keliwi mu’mkin.

Ko’rkem shi’g’armani’n’ ideyasi’ shi’g’arma mazmuni’nda sa’wlelenedi. Haqi’yqi’y ko’rkem shi’g’armadag’i’ ha’r bir epizod, ha’r bir obraz, ha’tteki,

[1] Ja’rimbetov Q. A’debiyattani’wdan sabaqlar. No’kis, «Qaraqalpaqstan», 2012. 16-b
[2] Бобоев Т. Адабиётшунослик асослари. Тошкент, «Ўзбекистон», 2002, 105-б.
[3] Бобоев Т. Сонда, 107-б.

bo'lek detallar da tiykarg'i' ideyani' ashi'wg'a xi'zmet yetedi. Shi'g'arma ideyasi'n toli'q tu'siniw ushi'n wonda su'wretlengen waqi'ya–ha'diyseler, obrazlar, detallar haqqi'nda teren' pikir yetip ko'riw, wolardi' ha'r ta'repleme talqi'dan wo'tkeriw kerek. Sonli'qtan ko'rkem shi'g'arma ideyasi' haqqi'nda so'z yetilgende woni'n' usi' wo'zgesheligi di'qqat worayi'nda boli'wi' kerek.

Ko'rkem shi'g'armani'n' ideyali'q-tematikali'q wo'zgesheligin u'yrengende woni' yeki tu'rli usi'lda talqi'law mu'mkin: birinshiden, ko'rkem shi'g'armada berilgen ideya arqali' shayi'rdi'n' niyetinin', maqsetinin' sa'wleleniwi; yekinshiden, shi'g'armada berilgen ideyali'q wo'zgeshelik. Shi'g'armani'n' ideyali'q–tematikali'q wo'zgesheligin u'yrengende usi' yeki bag'darg'a itibar qarati'w kerek.

XX-a'sirdin' 80-90-ji'llari' qaraqalpaq a'debiyati'ni'n' tariyxi'nda, a'sirese lirikasi'nda jan'a wo'rlew basqi'shi' boldi'. Ja'miyettin' rawajlani'w bari'si'ndag'i' buri'li'slar, socialli'q-siyasiy waqi'yalar ko'rkem a'debiyatqa da wo'z ta'sirin tiygizbey qalmadi'. Bul da'wirdin' lirikasi' haqqi'nda a'debiyatshi' Q.Worazi'mbetov: «Uli'wma 80-ji'llardag'i' qaraqalpaq lirikashi'li'g'i' wo'zinin' rawajlani'wi'nda to'mendegishe belgilerge ha'm da'stu'rlerge iye bola basladi'. Shayi'rlari'mi'zdi'n' do'retiwshiligi, belsendiligi ha'm wo'zinshellikleri arti'p bardi'. Dogmatizmnen, haqi'yqatli'qti' boyap ko'rsetiwlerden quti'li'w processi ken'nen yen jaydi'. Lirikali'q shi'g'armalarda ko'birek gumanistlik ko'zqaraslar yele de ku'shlirek rawajlana basladi', shayi'rlari'mi'zdi'n' wo'z joli'na, jazi'w usi'li'na iye boli'wg'a, ko'rkemlik izleniwshilikke di'qqati' ku'sheydi. Xali'qti'n' haqi'yqat ko'rkem tariyxi'na, turmi'si' menen ma'deniyati'na qi'zi'g'i'wshi'li'q artti', socialli'q ha'm uli'wma adamzat mashqalalari'n: jaqsi'li'q ha'm jamanli'q, wo'mir ha'm wo'lim, a'dep-ikramli'li'q ha'm ruwxi'y mashqalalardi' so'z yetiw basli' wori'ndi' iyeleydi. Ko'p g'ana jaqsi' shi'g'armalarda lirikali'q ha'm publicistikali'q usi'llardi' birlestiriw, sonday-aq ja'miyettegi socialli'q qarama-qarsi'li'qlardi' izertlew teren'lesti»[1],-dep jazg'an yedi. Haqi'yqati'nda da

[1] Оразымбетов Қ. Ҳәзирги дәўирдеги қарақалпақ лирикасында көркемлик излениўшилик, Нөкис. «Билим», 1992.

K.Karimovti'n' a'debiy talanti' zor rawajlang'an 1980-ji'llar milliy poeziyami'z tariyxi'nda ta'kirarlanbas wori'ng'a iye shayi'rlardi'n' biri boldi'.

K.Karimov a'debiyat maydani'na wo'z soqpag'i' menen kirip kelgen shayi'r. Woni'n' poeziyasi' janrli'q jaqtan ra'n'ba'ren'. Shayi'rdi'n' ko'rkemlik, stillik izlenisleri qosi'qqa tema tan'lawda, mazmung'a say ko'rkem forma tabi'wda, syujet quri'wda ha'm tag'i' basqa da shi'g'arma komponentlerinde ani'q ko'zge taslanadi'.

Shayi'r K.Karimov aytajaq woy pikirin woqi'wshi'g'a jetkeriwde wo'zine ta'n soqpag'i'na iye yekenligin ko'riwimizge boladi'. Ha'r bir so'z, ha'r bir detal, ha'r bir obraz woni'n' na'zerinen shette qalmaydi'. Woni'n' qosi'qlari'ndag'i' ko'p ideyali'li'q, ko'p temali'li'q ma'selesine kelsek, bul bag'darda da woni'n' wo'zine ta'n joli' bar yekenligin ko'riwimizge boladi'. Shayi'rdi'n' lirikali'q shi'g'armalari'n to'mendegi tematikalarg'a sha'rtli tu'rde bo'liwge boladi': a) watan temasi'; b) tuwg'an jer sag'i'ni'shi'; d) i'shqi'-muhabbat temasi'; v) dosli'q temasi'; g) ta'biyat go'zzalli'g'i'; j) ekologiya temasi' z) filosofiyali'q ma'seleler; i) haqi'yqatli'q temasi'; k) zi'yanli' a'detler; l) balali'q ha'm jasli'q temasi'. Ati' atalg'an tematikalar shayi'rdi'n' ideyali'q poziciyasi'n woqi'wshi'g'a jetkeriwge xi'zmet qi'ladi' ha'm woni'n' indvidual stilin de belgilep beredi.

Basqa xali'qlardag'i' si'yaqli' bizin' a'debiyati'mi'zda da ko'pshilik shayi'rlar **watan ulli'li'g'i'n** ji'rlawg'a wo'z shi'g'armalari'n arnag'an. XX a'sir qaraqalpaq poeziyasi'nda bul tema A.Dabi'lov, S.Nuri'mbetov, A.Musaev, I.Yusupov, K.Raxmanov, T.Matmuratov J.Izbasqanov, H.Ayi'mbetov h.t.b shayi'rlardi'n' shi'g'armalari'nda ha'r ta'repleme ha'm sheber su'wretleniwin tapqan. K.Karimov poeziyasi'nda da bul tema joqari' pafosta ji'rlanadi'. Shayi'rdi'n' «Wo'z u'yime asi'g'aman», «Watan haqqi'nda gimn», «Ata ma'kan» qosi'qlari'nda Watan–insanni'n' kindik qani' tamg'an topi'raq, woni' kamalg'a keltirgen, wo'mirine ma'n'gi mazmun bag'i'sh yetken teberik ma'kan si'pati'nda uli'g'lanadi'. Watan-babalari'mi'zdan bizge kelip jetken ha'm keleshek a'wladlari'mi'zg'a miyras boli'p qalatug'i'n muxaddes na'rse yekenligi uqti'ri'ladi', woni' ko'z qarashi'g'i'nday abaylap asi'raw, wog'an sadi'q boli'w

ideyalari' alg'a qoyi'ladi'. Ma'selen, shayi'rdi'n' «Wo'z u'yime asi'g'aman» qosi'g'i'ndag'i' watan temasi'ni'n' ko'rkem ta'ripine bir na'zer salayi'q:

Ko'kirektegi quyash itimal
Anami'zdi'n' jaqqan woti'nan
Ushqi'n ali'p tutang'an shi'g'ar.

Tuwg'an jerge, sag'an ashi'qli'g'i'm,
Watan degen qa'siyetli ug'i'm,
Bosag'an'nan baslang'an shi'g'ar[1].

Bul qosi'qta shayi'r wo'zinin' su'wretlew obektinin' biri bolg'an «ko'kirektegi quyashti'» metafora si'pati'nda paydalani'p, usi' trop arqali' lirikali'q qaharman qa'lbindegi tuwg'an yelge degen sheksiz muhabbatti' woqi'wshi'ni'n' ju'regine wornalasti'radi'. Sonli'qtan da woni'n' woqi'wshi'g'a degen ta'siri ku'shli. Shayi'rdi'n' «Araldan keldim» poetikali'q toplami'ni'n' wo'zi de avtordi'n' «Watan haqqi'ndag'i' gimn» qosi'g'i' menen baslanadi':

Qi'ri'q bes gradusli'q i'ssi'lari'n'da,
Qumlari'n' ku'ydirdi tabanlari'mdi'.
Saratanda yesken samallari'n'nan,
Qurg'ap yerinlerim qaq-qaq jari'ldi'.

Aral ultani'nan ushqan duzlari'n',
Ko'zlerime uyqi' bermesedag'i',
Men su'yemen seni, su'yemen sheksiz,
Japakesh qa'dirdan qaraqalpag'i'm![2]

Shayi'r ushi'n watan tu'sinigi ha'mme na'rseden qa'dirli. Lirikali'q qaharman bul watanni'n' i'ssi'si'nda ku'yse de, ekologiyali'q dag'dari's sebepli qi'yi'nshi'li'qqa dus bolsa da, ba'ribir wog'an sadi'q yekenligi attan ani'q bilinip turadi'. Lirikali'q qaharman ana jerdin' sheksiz dalasi', u'lkemizdin' bu'gingi

[1] Каримов К. Ўақыт минарасы. Қосықлар ҳәм поэма. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1981, 63-б.
[2] Каримов К. Көңилим мүлки. (Таңланған қосықлар), Нөкис, «Билим», 2005, 138-б

siyreksigen tog’aylari’, ku’nge ku’ygen adamlari’ haqqi’nda so’z yetedi, woni’n’ xa’r bir na’rsesi qa’dirdan, ko’zge toti’ya yekenligi haqqi’nda ji’rlaydi’. Avtor usi’ qosi’g’i’n ja’ne de to’mendegishe dawam yettiredi:

Bu’gin kelbetin’e tu’sken nuqsanlar,
Qara shashlari’ma tu’sti aq boli’p.
Gu’rsiniwi ti’ng’an da’ryalari’ni’n’
Menin’ ju’regime tu’sti daq boli’p.

Leykin ayawlarg’a yemessen’ mu’ta’j!
A’lemde ta’nha’san’, tabi’lmas ten’in’,
Sensen’ menin’ basi’mdag’i’ alti’n taj,
Ju’regim ishinde saqlayman seni!

Bunda lirikali’q qaharmanni’n’ da’rti–watan da’rti basli’ wori’ndi’ iyeleydi. Lirikali’q qaharmanni’n’ shashlari’na tu’sken aq ko’rkem detal si’pati’nda poetikali’q xi’zmetti atqaradi’. Lirikali’q qaharmanni’n’ pikiri boyi’nsha watan ayawg’a mu’ta’j yemes, wog’an tek sadi’qli’q, hadal xi’zmet g’ana za’ru’r. Lirikali’q qaharmanni’n’ ruwxi’y du’nyasi’ ju’da’ teren’. Wol tek ma’zi qi’yalparaz si’pati’nda yemes, al woy-pikiri ken’ ha’m teren’ subekt si’pati’nda ko’zge taslanadi’. Al, shayi’rdi’n’ «Ata ma’kan» qosi’g’i’nda tuwg’an yeldi taslap ketken insanlardi’n’ yeriksiz ayrali’qqa tu’siwi, wolardi’n’ bul ma’kandag’i’ yen’ a’jayi’p demlerin, balali’q da’wirlerin an’sawi’ sheberlik penen su’wretlengen. Shayi’r qosi’qti’n’ son’i’nda woni’ to’mendegishe bayanlaydi’:

Kel, wornalas menin’ ko’kiregime,
Ata ma’kani’m sen, qan’i’rap ati’rg’an,
Tuwi’lg’an ma’kani’n umi’tqan adam
«Insan» degen atqa i’layi’q yekenine
Wo’zim isenbeymen...
Ne ushi’n a’wladlar ta’rk yetti seni??[1]

[1] Каримов К. Көңилим мүлки. (Таңланған қосықлар), Нөкис, «Билим», 2005, 211-б (endigi mi’sallar usi’ basi’li’manan ali’nadi’, qawi’s ishinde tek beti ko’rsetiledi).

«Wo’mirinin’ arbasi’ igri jollardan» degen qosi’g’i’nda shayi’r da’wirdin’, wo’mirdin’ ta’shwishleri, millet, yel, xali’q, Watan ta’g’diri haqqi’ndag’i’ lirikali’q qaharman tolg’ani’slari’ menen woqi’wshi’g’a woy saladi’:

Araldan israpi’l jelleri yeser,
Talay a’rmanlardi’n’ qanati’n keser,
Birazlar: wo’zge jurt izlesek deser,
Qaraqalpaqtan wo’zge Watan tabi’lmas (34-b).

Qosi’qta tek ekologiyali’q apatshi’li’q ma’selesi g’ana ko’terilip qoymastan, adamni’n’ insani’yli’q pazi’yletleri de, filosofiyali’q woylari’ da wo’z sa’wlesin tapqan:

A’zelden i’layi’ solay qari’lg’an,
Bul du’nya ga’hi ken’, ga’hi tari’lg’an,
Tandi’r yan’li’ tum-tusi’nan jari’lg’an,
Qayta jaratpaqqa gu’lal tabi’lmas. (35-b.)

Bunday xarakterdegi qosi’qlarg’a shayi’r ko’binese «Maqtumquli’ joli’na jazi’lg’an shi’g’armalar» dep at beredi. Keyingi da’wirde bunday qosi’qlardi’n’ jazi’li’wi’ yelewli tu’s almaqta. Aqsaqal shayi’ri’mi’z I.Yusupovti’n’ aytqani’nday, «ha’zir bul da’stu’rge (shayi’rdi’n’ wo’zinen aldi’n jazi’lg’an shi’g’armani’n’ mazmuni’ menen u’nlestirip shi’g’arma do’retiwi-avtor) shayi’rlar ku’ta’ i’qti’yatli’li’q penen jantaspasa, wog’an za’ru’rlik qalmay barati’r»[1].

K.Karimovti’n’ bir qatar qosi’qlari’ tuwi’lg’an jer ta’biyati’n ji’rlawg’a arnalg’an. Shayi’r bul bag’darda geyde wo’zi tuwi’li’p woynap-o’sken jerinin’ dalalari’n, maysali’ ati’zlari’n, geyde wo’z u’yin, shan’arag’i’n, geyde wo’zi woqi’g’an mektepti, ag’i’n suwlardi’, ba’ha’r, jaz, gu’z, qi’s ma’wsimlerinin’ almasi’wi’ndag’i’ go’zzalli’qlardi’ sag’i’natug’i’nli’g’i’n sheber tu’rde su’wretleydi. Mi’sali’, «Tuwi’lg’an jer» qosi’g’i’nda shayi’r:

Topi’rag’i’n’di’ qayra-qayra basi’p ju’rgende,
Wo tuwg’an jer! Qa’dirin’ senin’ bilinbes,
Senin’ i’si’q bawi’ri’n’nan qashi’q ju’rgende,

[1] Юсупов И. Дала орфейи-Әжинияз. Таңламалы шығармалары. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1975, 15-б

Sag'i'ni'shtan kirpiklerim ilinbes[1].

-dep tuwi'lg'an jerdin' ta'kirarlanbas ta'biyati'n, wog'an degen lirikali'q qaharmanni'n' mehir-muhabbati'n ji'rlaydi'. Ja'ne de shayi'r:

Gezdim dalalardi', asti'm tawlardi',
Wo'ttim da'ryalardan suw iship talay,
Ko'rdim jemisleri pisken bag'lardi',
Al sen tarta berdin' wo'zin'e qaray.

Ten'selgen shi'narlar saya bolmadi',
Ja'nnet yan'li' bag'lar bolmadi' ma'kan.
Shiyrin bulaq suwi' dawa bolmadi',
Men talpi'na berdim qushag'i'n' taman.

Ko'rip turg'ani'mi'zday, lirikali'q qaharman ne bir dalalardi' gezse de, qanshama da'rya-ko'llerden assa da, ne bir a'jayi'p bag'-baqshalarg'a barsa da, wo'zinin tuwi'lg'an jerinen arti'q ma'kan taba almag'anli'g'i'n aytadi'.

Shayi'rdi'n' biz talqi'lap ati'rg'an «Tuwi'lg'an jer» qosi'g'i' barli'g'i' boli'p 8 shuwmaqtan ibarat. Usi' wonshelli u'lken bolmag'an qosi'qti'n' wo'zinde shayi'r lirikali'q qaharmanni'n' bir pu'tin obrazi'n jasay alg'an.

Watan temasi'n ji'rlaw bag'dari'nda XX a'sirdin' II yari'mi'ndag'i' qaraqalpaq poeziyasi'nda jan'asha izlenislerdi bayqawi'mi'zg'a boladi'. Bunda I.Yusupovti'n', Sh.Seyitovti'n', T.Matmuratovti'n', K.Raxmanovti'n', J.Izbasqanovti'n', T.Sa'rsenbaevti'n' ha'm tag'i' basqalardi'n' ayri'qsha worni' bar. Ma'selen, I.Yusupovti'n' poeziyasi'nda watan temasi' woni'n' ata-ma'kani' bolg'an «Azat» awi'li'n ji'rlawdan baslansa, T.Ma'tmuratovti'n' «Lirika» toplami'ni'n' ko'pshilik qosi'qlari' «tuwi'lg'an jer, ana topi'raq» haqqi'nda boli'p tabi'ladi'. K.Raxmanovti'n' «Watan», «Diydar» toplamlari'nda da tuwg'an jer, watan temasi' teren' mazmun menen ji'rlang'an. K.Karimov poeziyasi'nda da tuwg'an jer, ana Watan temasi'ni'n' ji'rlani'wi'ni'n' wo'zine ta'n wo'zgesheligi bar. Bul tuwrali' a'debiyatshi' S.Axmetov: «A'lbette, tuwg'an jerdin' ta'biyati'

[1] Каримов К. Мениң терезелерим. Қосықлар ҳәм поэмалар. Нөкис «Қарақалпақстан» 1985, 3-4-бб.

ha’mmenin’ de sezimin qozg’aydi’. Lirikali’q qaharmandi’ balali’q ji’llari’ menen jaqi’nlasti’radi’. Shayi’rdi’n’ (K.Karimovti’n’–avtor) «Tuwi’lg’an jer», «Da’rya u’sti tartadi’ ko’gis», «Gu’z qasi’ydasi’» qosi’qlari’ shayi’rli’q su’wretlewlerdin’ ta’biyg’i’yli’g’i’ menen bahali’[1]»- degen yedi. Bul pikirge biz de toli’g’i’ menen qosi’lami’z. Sonday-aq shayi’rdi’n’ «Wo’z u’yime asi’g’aman» qosi’g’i’na di’qqat bo’leyik. Qosi’q ko’lemi boyi’nsha to’rt bo’limnen turadi’. Birinshi bo’limde:

Men du’nyag’a kelip, asti’nda
Balali’g’i’m wo’tken shan’araq.
Duz nesiybem shashi’li’p tan’da,
Ma’nzillerge atlansam ji’raq.

Asi’g’aman sag’an qaytqansha,
Arti’p ta’shwish, g’alma-g’allari’m.
Nelikten de i’p-i’si’q sonsha
Senin’ koyni’n’, senin’ diydari’n’[2]

-dep lirikali’q qaharman wo’z shan’arag’i’n ha’mme na’rselerden u’stem qoyadi’, wo’mirde qansha ta’shwish, g’alma-g’allar bolsa da, ha’r birewge wo’z shan’arag’i’ i’si’q, qa’dirdan yekenin uli’g’laydi’. Al, qosi’qti’n’ yekinshi bo’liminde:

Ko’kti sharlap, siresken bultlar,
Jel hu’wlegen i’zg’arli’ gu’zde–
Sati’rlati’p awi’r tamshi’lar,
Sabalar yedi terezemizdi.

Leykin u’yde ji’lli’ ha’m biyg’am,
Qazandag’i’ su’t tasar yedi.
Tawi’spay-aq yertegin anam,

---

[1] Ахметов С. Қарақалпақ совет поэзиясы. Нөкис, «Қарақалпақстан» 1988, 393-б
[2] Каримов К. Ўақыт минәрасы. Қосықлар ҳәм поэма. Нөкис. «Қарақалпақстан». 1983, 12-б

Inilerim qalg'i'sar yedi[1].

-degen qatarlar arqali' shayi'r balali'q sezimlerinin' yelesleri haqqi'nda bildirse, u'shinshi bo'limde, yer jetip, wo'z u'yinen si'rtta ju'riwi, ana Watan xi'zmetine ketkeni tuwrali' ji'rlaydi'. To'rtinshi bo'limde bolsa, ha'r bir insanni'n' jat jurtlarda ju'rgeninde ha'r ku'ni wo'z u'yine, woshaq basi'na qayti'w tuwrali' woylaytug'i'nli'g'i'n jazadi'. Uli'wma bul qosi'qta lirikali'q qaharmanni'n' bir pu'tin obrazi' jarati'lg'an. Bul pikirdi K.Karimovti'n' «Menin' qosi'g'i'm», «Men tuwi'lg'an dalalar» qosi'qlari'ndag'i' lirikali'q qaharman obrazi' tuwrali' da ayti'wg'a boladi'.

Insaniyli'q, adamgershilik temasi' shayi'r poeziyasi'ndag'i' aqi'l-na'siyat qosi'qlari'nda sheber ji'rlang'ani'n ko'riwge boladi'. Usi' ko'zqarastan shayi'rdi'n' «Xali'qtan asqan dana joq», «Tilek», «Beknazarbiy baqshi'ni'n' aytqanlari'nan», «Rubayatlar» h.t.b. qosi'qlari' di'qqatqa i'layi'q. Ma'selen, «Jasa adamgershilik» qosi'g'i'nda shayi'r insan ushi'n yen' a'hmiyetli pazi'ylet adamgershilik yekenin uli'g'lap, woni' qa'dirlew kerekligin wortag'a qoyadi'. Ma'selen:

Assalawma a'leykum adamgershilik,
Himmetin' aldi'nda iyilsin basi'm.
Sen bag'a ber bizge ba'lentten ku'lip,
Adamgershilik!

Ma'n'gige aman bol
Adamgershilik,
Sag'an a'wladlardi'n' basi' iyilsin,
Menmenlik bu'gilsin u'yleri ku'yip,
Kim si'yi'nar bolsa, sag'an si'yi'nsi'n[2].

---

[1] Каримов К. Ўақыт минәрасы. Қосықлар ҳәм поэма. Нөкис «Қарақалпақстан», 1983, 12-б
[2] Каримов К. Көңилим мүлки. Таңланған қосықлар. Нөкис, «Билим», 2005, 132-б

-degen qatarlarda adamgershilik bar jerde si'ylasi'q, hu'rmet bolatug'i'ni'n uqti'radi'. Al, mi'na qatarlarda bolsa, lirikali'q qaharman adamgershiliktin' joldasi' bolg'an haqi'yqatli'qti' pir tutadi':

Yalg'an misli qag'az qi'li'sh wol,
Jawg'a bende yeterler meni,
Ba'lki a'ylep hali'mdi' mu'shkil,
Jawg'a taslap keterler meni.

Shi'nli'q–menin' si'yi'ng'an pirim,
Qoli'mdag'i' almas sha'mshirim (91-b).

-degen qatarlarda lirikali'q qaharmanni'n' haqi'yqatli'q ha'm jalg'an, wolardi'n' bir-biri menen gu'resi haqqi'ndag'i' uli'wmainsani'yli'q woylari' wortag'a taslanadi'. Shayi'rdi'n' bul temadag'i' qosi'qlari'ni'n' astari'nda filosofiyali'q woy-pikirler de ja'mlengen. Mi'sali', shayi'r «Insan» degen qosi'g'i'nda hadal miynet penen ha'mme na'rseni jen'iw mu'mkin degen pikirlerdi wortag'a taslaydi'. Insanni'n' ma'rtligin, ha'r qanday jag'dayda da shi'damli'li'q ko'rsetetug'i'ni'n aytadi'.

K.Karimovti'n' poeziyasi'nda joqari'da tallap wo'tilgen qosi'qlardag'i'dan basqa da tematikali'q ko'ptu'rliliklerdi ko'riwimizge boladi'. Ma'selen, shayi'r lirikasi'nda ayrali'q temasi', jasli'qti' ha'm balali'qti' an'saw, anani', tuwg'an jerdi sag'i'ni'w qusag'an temalardi' da seziwimizge boladi'.

Shayi'rdi'n' muhabbat temasi'na arnap jazi'lg'an qosi'qlari' ha'r ta'repleme di'qqatqa i'layi'q. Bul temani'n' milliy a'debiyati'mi'zda sa'wleleniwi bay a'debiy da'stu'rge iye. Awi'zeki a'debiyati'mi'z benen klassikali'k a'debiyati'mi'zda muhabbat qosi'qlari'ni'n' a'lwan tu'rleri bar[1]. Ma'selen, shayi'rdi'n' «Aq ko'ylek kiygen qi'z wo'tti jani'mnan», «Bir alti'n qa'peste qamalg'an qustay», «Ci'gan romansi'», «Reneta», h.t. basqa lirikali'q qosi'qlari' di'qqatqa i'layi'q. Mi'sali',

Reneta, Reneta,

[1] Klassikali'q a'debiyattag'i' muhaббat lirikasi'ni'n' janrli'q wo'zgesheligi haqqi'nda a'debiyatshi' Q.Ja'rimbetov di'qqatqa i'layi'q pikirlerdi wortag'a taslag'an. Қараңыз: Жәримбетов Қ. XIX әсир қарақалпақ лирикасының жанрлық қәсийетлери ҳәм раўажланыў тарийхы. Нөкис «Билим», 2004, 106-122-бб

Wo a’jayi’p wot!
Meni bunsha wotta
Qi’ynaydi’ biraq.

La’bi misli g’umsha
Ju’zleri lala,
Won segizge tolg’an,
Go’zzal qi’z bala (87-88-bb)

-degen wo’zine ta’n ko’rkem forma arqali’ shayi’r lirikali’q qaharmanni’n’ go’zzal qi’zg’a degen muhabbati’n ji’rlaydi’. Bunda shayi’rdi’n’ milliy-epikali’q da’stu’rimiz shegarasi’nda qali’p qoymay, du’nya poeziyasi’ni’n’ jetiskenliklerinen u’yrengenligi, usi’ni’n’ na’tiyjesinde lirikali’q qaharmanni’n’ muhabbat sezimlerin su’wretlewde jan’a forma tapqanli’g’i’ sezilip turadi’.

K.Karimov poeziyasi’nda muhabbat temasi’ birden payda bola qoyg’an joq. Shayi’r milliy-epikali’q ta’jiriybemizdegi ha’m wo’zinen aldi’n’g’i’ shayi’rlardi’n’ bul bag’dardag’i’ qosi’qlari’n teren’ u’yrengen halda wo’zine jol sali’wg’a umti’ldi’. Sonli’qtan da XX a’sir qaraqalpaq poeziyasi’n izertlewshi S.Axmetov: «Poeziyag’a 60-ji’llarda kelip kirgen shayi’rlardan Sh.Seyitov, T.Ma’tmuratov, T.Qabulov, K.Raxmanov tvorchestvosi’nda muhabbat lirikasi’ A’jiniyaz da’stu’rin rawajlandi’rmaqta»[1]-dep bildirgen bolsa, bu’gingi ku’ni shayi’r K Karimov poeziyasi’nda da usi’ a’debiy da’stu’r i’layi’qli’ turde dawam yettirilip, muhabbat temasi’ sheberlik penen ji’rlang’anbaqta. Mi’sali’:

Aq ko’ylek kiygen qi’z wo’tti jani’mnan,
Tawi’stay tarani’p, gu’ldey dolani’p.
Sozdi’m qollari’mdi’ jetpedi wog’an,
Qaldi’ ko’kirekte jali’nlar jani’p (76-b)- dese

«Muhabbat» qosi’g’i’nda»

Bir g’aybana wotli’ na’zerden,
Ushqi’n tu’sip qi’z ju’regine,

[1] Ахметов С. Қарақалпақ совет поэзиясы. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1988, 85-б

Won segizge qoyg'anda qa'dem,
Aqi'l-huwshi'm lal yetti mine[1]

-dep lirikali'q qaharmanni'n' ila'hiy sezimlerin wortag'a taslaydi'.

Muhabbat temasi'n su'wretlewde shayi'r bir ta'replemelikten qashadi'. Wol lirikali'q qaharmanni'n' ha'r qi'yli' sharayattag'i' sezimin ha'r qi'yli' su'wretlew qurallari', ha'r qi'yli' usi'llar menen beriwge umti'ladi'. Sonli'qtan da bul temag'a shayi'rdi'n' ko'plegen qosi'qlari' arnalsa da, wol woqi'wshi'ni' zeriktirmeydi. Bul pikirdi biz shayi'rdi'n' «Ko'p ku'ttirdin' qara ko'zlim», «Wonda ba'ha'r yedi» qosi'qlari' tuwrali' da ayti'wi'mi'zg'a boladi'.

Uli'wma shayi'rdi'n' muhabbat temasi'ndag'i' qosi'qlari'nda qurg'aq shawqi'm, ku'ydim jandi'm si'yaqli' qatarlar ushi'raspaydi'. Al, kerisinshe a'piwayi' muhabbat sezimi sag'i'ni'sh, wo'tkinshi jasli'q haqqi'ndag'i' woylari' menen ushlasi'p ketedi.

K.Karimovti'n' poeziyasi'nda ekologiya temasi', a'sirese Aral apatshi'li'g'i' temasi' ayri'qsha wori'ndi' iyeleydi.

Aral mashqalasi' bul bizin' ja'miyetimiz tariyxi'nda tubalawshi'li'q da'wiri dep atalg'an waqi'tta payda bolg'an ha'm ko'pshilikti u'lken tolg'ani'sqa salg'an ma'sele boli'p tabi'ladi'. Bul mashqala-ja'miyet penen ta'biyatti'n' rawajlani'w ni'zamli'li'g'i'n tu'sinbewshiliktin' na'tiyjesinen kelip shi'qqani' ba'rshemizge ma'lim.

Tubalawshi'li'q da'wirinde adamzatti'n' woylawi'nda, psixologiyasi'nda bir ta'replemelik kelip shi'qti'. Aral ten'izi itibarsi'zli'qti'n' saldari'nan quri'y basladi', buni'n' sebebi, A'miwda'rya ha'm Si'rda'ryani'n' suwi'n ha'dden ti'sqari' i'si'rapkershilik penen paydalani'wdi'n' na'tiyjesi yekenligi si'r yemes[2]. Bul na'rse bizin' shayi'rlari'mi'z do'retiwshiliginde de belgili iz qaldi'rdi'.

K. Karimov belgili da'rejede Aral ta'g'dirine baylani'sli' qosi'qlari' menen Aral mashqalasi'n, woni'n' awi'r aqi'betlerin ko'terip shi'qti'. Ma'selen, shayi'rdi'n' «Araldan keldim» toplami'nda «Sag'i'ng'an Aral» du'rkini berilgen.

---

[1] Каримов К. Ўақыт минарасы (Қосықлар ҳәм поэма). Нөкис, «Қарақалпақстан», 1981. 21-б

[2] Bul haqqi'nda qaran'i'z: Әбдирахманов О. Аралым–дәртим мениң.–Таңламалы шығармалары. Ташкент, «Фан», 2010. 340-450-бб.

Wonda lirikali’q qaharman menen a’piwayi’ diyxan wortasi’ndag’i’ dialog, diyxanni’n’ monologi «Suw tasi’wshi’», «Araldan keldim», h.t.basqa qosi’qlari’nda berilgen. Bul qosi’qlardi’n’ formalari’ ha’r qi’yli’ bolg’ani’ menen, wolardi’n’ temasi’, mazmuni’ bir-birine jaqi’n. Bul Aral ten’izinin’ quri’p barati’rg’anli’g’i’, usi’ sebepli shayi’rdi’n’ hu’jdan azabi’nda qi’ynali’wi’ h.t. basqa ma’seleler boli’p tabi’ladi’. Aral ten’izinin’ bunday ayani’shli’ jag’dayi’na lirikali’q qaharman qatti’ qi’ynaladi’, ayrali’q sezimine beriledi. Mi’sali’:

Da’ryani’n’ arti’nda an’g’ar qaladi’,
Ten’izdin’ arti’nda qumlar qaladi’.
Ma’gar jelkildesken bag’lar serpilip,
Samalg’a shag’i’ng’an mun’lar qaladi’.

Shayi’r Aral ten’izinin’ bunday awhalg’a tu’siwindegi sebepshiler–bular sol da’wirdegi yel basqari’wshi’lar yekenligin ashi’q aydi’n aytadi’. Mi’sali’:

Uzi’n woydi’ woylay-oylay ag’alar,
U’lken qalalardi’ ju’rdi sag’alap.
...SHetsiz-sheksiz jerge, suwg’a iyemiz,
Miynetti biz jani’mi’zday su’yemiz,
....Bazi’n aldap-arbap, bazi’n ko’ndirip,
Jen’il-jelpi wa’delerdi do’ndirip...

Shayi’rdi’n’ bunday ashi’q aydi’n pikirleri woni’n’ jetiskenliginen da’rek beredi. Bunday si’patli’ belgiler shayi’r I.Yusupov do’retiwshiliginde de ayqi’n ko’rinedi. Ma’selen woni’n’ «Aral elegiyalari’», «Won’bag’i’rlar satti’lar seni» qosi’qlari’nda Aral ten’izi mashqalasi’ni’n’ tiykarg’i’ sebepshileri kimler yekenligi ashi’q aydi’n ayti’ladi’[1]. Al, K.Karimovti’n’ «Qi’zi’l kitap», «Boljaw» qosi’qlari’nda Aral ten’izindegi suw ko’leminin’ azayi’p qali’wi’ni’n’ aqi’beti, yendigi xali’qti’n’ keleshek turmi’si’ qalay bolatug’i’nli’g’i’ haqqi’nda so’z yetiledi. Shayi’r qosi’qlari’nda ana ta’biyati’mi’zdag’i’ azayi’p barati’rg’an haywanatlar ha’m wo’simlikler du’nyasi’ni’n’ ta’g’dirine jani’ ashi’p ku’yiniwleri, wolardi’ qi’zi’l kitapqa kirgiziwdin’ za’ru’rligi haqqi’nda shayi’rdi’n’ woylari’

[1] Юсупов И. Дузлы самаллар. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1989, 75-76-бб

ko'rkem suwretlengen. Shayi'r ha'tteki Aral ten'izin de qi'zi'l kitapqa kirgizgisi keledi. Mi'sali':

Ta'biyatta azayg'an tu'rler:
Ma'selenki jolbari's, qaplan,
Jupar iyis tarati'wshi' a'jayi'p gu'ller,
Wori'n alg'an qi'zi'l kitaptan.

Mende sonday mu'mkinshilik bolsa
Jazar yedim qi'zi'l kitapqa
Ana ta'biyatti',
Sayi'zlani'p barati'rg'an Araldi',
Suwsi'z kanal jag'asi'nda quwrag'an taldi'.

Shayi'rdi'n' «Daraqlar tik turi'p wo'ledi», «Suwdi'n' da'mi», «Ata ma'kan»[1] qosi'qlari' yelimizdegi ekologiyali'q problemalardan tuwi'lg'an shayi'rdi'n' ishki tolg'ani'slari'na quri'lg'an.

«Daraqlar tik turi'p wo'ledi» qosi'g'i'ndag'i' «shorlang'an dala», «suw sorap gu'wlegen shi'nar», «solg'an japi'raqlar», «tik turi'p wo'lgen daraqlar»di' metaforali'q su'wretlew arqali' ta'biyatti'n' qi'yralg'ani'n, xalqi'mi'zdi'n' ayani'shli' awhali'n ko'rsetetug'i'n a'hmiyetli obrazli' detallar. Solar arqali' lirikali'q qaharmanni'n' ku'yinishi, ishki da'rtleri beriledi:

Yen' uzi'n jollar da tawsi'lar,
Kim aytti' Ha'miw dep tarti'lar.
Bir ku'ni a'jeldin' aldi'nda
Qa'ddim dal boladur. Biraq ta
Tik turi'p wo'ledi daraqlar.

«Suwdi'n' da'mi» qosi'g'i' da ekologiyali'q ma'selelerge quri'lg'an publicistikali'q qosi'q boli'p tabi'ladi'[2]. Qaraqalpaqstanli'lar ushi'n tiykarg'i' mashqalalardi'n' biri bul–Araldan ko'terilgen duzli' shan'g'i't. Bul duz

---

[1] Каримов К. Көңилим мүлки. Таңланған қосықлары. Нөкис, «Билим», 2005
[2] Publicistikali'q qosi'q haqqi'nda qaran'i'z: Жәрмбетов Қ. XIX әсир қарақалпақ лирикасының жанрлық қәсийетлери ҳәм раўажланыў тарийхы. Нөкис «Билим», 2004, 80-89-бб

ta'biyatti'n' ha'r bir bo'lekshesin pu'tinley «qaplap» alg'an. Jer de duzlang'an, shor, hawa da shan'g'i'tli' duz aralas, suw da duzli'. Pu'tkil du'nyani' woylandi'ratug'i'n problema shayi'rdi'n' ishki du'nyasi'na qozg'aw saladi'. Shayi'rdi'n' ish-ishinen sezinip, ju'rek sezimlerinen, tolg'ani'slari'nan do'relgen qosi'q qatarlari' woqi'wshi'da ku'shli ta'sir qaldi'radi'. A'sirese, to'mendegi qatarlarda bul tragediyali'q jag'day shegine jetkizilip berilgen:

«Dushshi' suw» dep soraydi' ballar,
Ballar tu'we ha'tteki bag'lar,
Biyzar bolg'an «da'mli» suwlardan.

Tepsen' terbenbes qara jer,
Duzli' suwdi' simirip u'nsiz,
Qayti'p duzlar quspaqta u'nsiz.

Uli'wma alg'anda, K.Karimov qosi'qlari'nda ekologiya temasi' ha'r ta'repleme su'wretlengenligin ko'remiz. A'sirese, shayi'r qosi'qlari'nda haywanatlar menen wo'simliklerdin' obrazlari' adam obrazlari' menen baylani'sti'ri'li'p, ju'da' sheber su'wretlengen. Buni'n' u'stine shayi'r qosi'qlari'nda Aral temasi'ni'n' zor berip su'wretleniwi wondag'i' tragizmdi artti'ri'wg'a xi'zmet yetken. Qi'sqasi', shayi'r shi'g'armalari'ndag'i' ekologiya temasi'n arnawli' izertlew bizge woni'n' poeziyasi'ni'n' ashi'lmay ati'rg'an qi'rlari'n an'lawg'a ja'rdem beredi dep woylaymi'z.

Juwmaqlasti'ri'p aytqanda, K.Karimovti'n' qosi'qlari'na ideyali'q-tematikali'q ha'rqi'yli'li'q ta'n. Wolarda a'sirese, bu'gingi ku'n problemalari' sheber tu'rde ko'terilgen. Lirikali'q qosi'qlarda publicistikali'q si'pat penen lirizm qari'si'p ketken ha'm wo'zinin' estetikali'q ta'sirin ku'sheytken. Shayi'rdi'n' pikirleri filosofiyali'q teren'ligi, awi'spali' ma'nisi, simvolikali'q obrazlarg'a bayli'g'i' ayi'ri'li'p turadi'. Bulardi'n' barli'g'i' shayi'rdi'n' talanti'ni'n', mashaqatli' izlenislerinin' jemisi boli'p tabi'ladi'.

## I.2. Shayi’r poemalari’ni’n’ ideyali’q-tematikali’q ayri’qshali’g’i’

K.Karimov ko’rkem a’debiyatti’n’ barli’q janrlari’nda tabi’sli’ qa’lem terbetken shayi’rlardi’n’ biri boli’p tabi’ladi’. Wol qaysi’ janrda shi’g’arma do’retse de, basqa ko’rkem so’z iyeleri menen bir sapta turi’p, basli’ di’qqatti’ xali’qti’n’ estetikali’q talg’ami’na say keletug’i’n ko’rkem koncepciyani’ jarati’wg’a qaratti’ ha’m a’debiyatti’n’ alti’n qori’nan mu’na’sip wori’n iyeleytug’i’n qaharmanlar galereyasi’n do’retti. Bizin’ bayqawi’mi’zsha, shayi’rdi’n’ «Watan», «A’sirge barabar bir zamat», «A’sir a’psanasi’», «Jigirmalanshi’ a’sir sazasi’» ha’m «Muhabbat qi’ssasi’» dep atalatug’i’n poemalari’nda birden ko’zge taslanatug’i’n wo’zgesheliklerdin’ biri-bul qaharman obrazi’ni’n’ indvidualli’q qa’siyetleri ha’m wolardag’i’ ku’shli lirizmnin’ bo’rtip turi’wi’, sonday-aq, shayi’r tulg’asi’ni’n’ ha’m woni’n’ ruwxi’y-intellektualli’q du’nyasi’ni’n’ teren’ligi boli’p yesaplanadi’.

K.Karimovti’n’ «Watan» shi’g’armasi’–lirikali’q poema. Poemani’n’ bul tu’rinde «epikali’q elementler (kishigirim waqi’yalar, epizodlar) ushi’rasadi’, biraq wolar shi’g’armag’a epikali’q tiykar bola almaydi’, wolar tek lirikali’q sezimlerdi, lirikali’q woy-pikirlerdi woyatatug’i’n ko’rkem qural boli’p xi’zmet yetedi»[1]. Poemani’n’ bul tu’ri XX a’sirdin’ II yari’mi’ndag’i’ qaraqalpaq poeziyasi’nda I.Yusupovti’n’, M.Seytniyazovti’n’, J.Izbasqanovti’n’, N.To’reshovani’n’ ha’m tag’i’ da basqalardi’n’ do’retiwshiliginde wo’z ko’rinislerine iye. Usi’ ko’zqarastan I.Yusupovti’n’ «Ma’melek woy», M.Seytniyazovti’n’ «Tolqi’tqan woylar», J.Izbasqanovti’n’ «Ti’ni’msi’z woylar yamasa woqi’wshi’ma xat»[2], «Wo’temis»[3] ha’m tag’i’ basqa poemalari’ di’qqatqa i’layi’q.

K.Karimovti’n’ «Watan» lirikali’q poemasi’nda, ati’nan ko’rinip turg’ani’nday-aq, ana Watan temasi’ ji’rlanadi’. Watan temasi’n ji’rlaw boyi’nsha ha’zirgi qaraqalpaq poemashi’li’g’i’ bay da’stu’rge iye. Bul da’stu’r g’a’rezsizlik da’wirine kelip te jan’a mazmun ha’m forma menen bayi’di’. Bug’an

---

[1] Жәримбетов Қ. XIX әсир қарақалпақ лирикасының жанрлық қәсийетлери ҳәм раўажланыў тарийхы. Нөкис «Билим», 2004, 179-бб
[2] Избасқанов Ж. Кеўил лирасы (Қосықлар ҳәм поэмалар). Нөкис, «Қарақалпақстан», 1992.
[3] Избасқанов Ж. Bul da sonda.

I.Yusupovti'n' «Watan topi'rag'i'»[1], B.Genjemuratovti'n' «Modexan so'zi yaki Shin jipegindegi bitik»[2] poemalari' mi'sal bola aladi'. Bul yeki poema da a'debiy ja'miyetshilik ta'repinen ji'lli' ju'zlilik penen ku'tip ali'ndi'. Ma'selen, a'debiyatshi' Q.Worazi'mbetov B.Genjemuratovti'n' ati' atalgan poemasi'nda Watan temasi'ni'n' ji'rlani'wi' haqqi'nda: «Shi'g'armada Watan so'zi bari'nsha uli'g'lanadi'. Watan, woni'n' bir qi'si'i topi'rag'i', bir qari's jeri sonshelli qa'dirli, woni' ha'r bir insanni'n' jekke wo'zine tiyisli bolg'an qa'legen na'rsesinen joqari' qoyi'w kerek degen ideya alg'a su'riledi»[3]. Demek, bul na'rse Watan temasi'ni'n' go'nermeytug'i'n ha'm ma'n'gilik tema yekenligin da'lilleydi. Bul ma'n'gilik temani' sa'wlelendiriw ushi'n K.Karimov «Watan» poemasi'nda mazmung'a say ko'rkem forma taba bilgen. Shi'g'arma 12 bo'limnen turadi'. Biraq, wonda biz obektiv qaharmanlardi' ko'rmeymiz. Shayi'rdi'n' lirikali'q woylari', pikirleri lirikali'q subekttin' worni'n iyeleydi. 12 bo'limde shayi'rdi'n' 12 juwmaqlang'an woy-pikiri bar. Bir bo'limnen yekinshi bo'limge wo'te woti'ri'p, avtor woylari'ni'n' wo'siw evolyuciyasi'n seziw qi'yi'n yemes. Lirikali'q qaharman waqi't ha'm ken'islik boyi'nsha qozg'ala woti'ri'p, bizdi qorshag'an real turmi'stag'i' ha'diyselerden ta'sirlenip woti'radi'. Poemani'n' birinshi bo'liminde-aq avtordi'n' woylaw panoramasi'ni'n' ken'ligi ko'zge taslanadi'. Ma'selen:

Men yele az ju'rdim, ko'p ko'rmegenim,
Ha'm yele ko'rermen talay u'lkeni,
Duz tartsa Hindstan topi'rag'i'n basi'p,
Ganga jag'asi'nda ti'n'larman qosi'q.

-degen shuwmaqtan-aq, shayi'rdi'n' Watan temasi'n ju'da' ken'nen ali'p su'wretlewge umti'lg'anli'g'i'n, pu'tkil ja'ha'n geografiyali'q kartasi'ndag'i' yeller wog'an jat yemesligi, kerisinshe, wog'an teren' filosofiyali'q qatnas jasaytug'i'nli'g'i' ko'zge taslanadi'.

---

[1] Юсупов И. Ҳәр кимниң өз заманы бар (қосықлар ҳәм қысса). Нөкис, «Қарақалпақстан», 2004.
[2] Генжемуратов Б. Сайланды шығармалар. Бир томлық (Қосықлар ҳәм поэмалар). Нөкис, «Қарақалпақстан», 2012, 144-151-бб.
[3] Оразымбетов Қ. Сезимлер дүньясының есигин ашың.– Генжемуратов Б. Сайланды шығармалар. Бир томлық (Қосықлар ҳәм поэмалар). Нөкис, «Қарақалпақстан», 2012, 6-б.

Shayi’r poemani’n’ yekinshi bo’liminde wo’zinin’ Watan tuwrali’ balali’qtag’i’ sada woylari’ menen bo’lisedi. Shayi’r qaharmani’ mektep partasi’nda «Watan» qosi’g’i’n qansha yadlasa da, woni’n’ toli’q ma’nisin uqpag’an. Wol «Watan» qosi’g’i’n woqi’sa ko’z aldi’na wo’z awi’li’nda a’piwayi’ kartina:

Jatti’ ko’z aldi’mda: iz tan’g’i’ shi’qta
Salma jag’asi’nda i’rg’alg’an tallar.
Japi’raq jami’lg’an jasi’l awi’llar,

Mallardi’n’ wo’risten qayti’wi’n keshte,
Woyi’nnan shaqi’rg’an anamni’n’ sesti,
Biyik aq teregi ko’klerdi qushqan,
Bizin’ awi’ldag’i’ juldi’zli’ aqsham,–

eleslep, «Son’ kishkene awi’l, wog’an janajan Watan boli’p tuwi’lg’an».

U’shinshi bo’liminde yelimizdegi puxarali’q uri’si’ni’n’ mashaqatlari’ A’psemet g’arri’ni’n’ tilinen beriledi. Lirikali’q qaharman g’arri’dan grajdanli’q uri’si’ waqi’yalari’ tuwrali’ yesitkende Watan tu’sinigi a’dewir ken’eyedi. Xalqi’mi’zdi’n’ wo’tkendegi Watan qorg’aw tariyxi’n qi’sqasha yeske aladi’. Bul shi’g’armani’n’ ko’rkem tekstinin’ konkretliligine xi’zmet yetedi. Ma’selen:

Tazg’ara boyi’nda, No’kis tu’binde,
U’mitin qaldi’ri’p yerten’gi ku’nge,
Topi’raqqa bas qoydi’ won segizinde,
Wolar qartayi’wdi’ bilmeydi yendi[1].

Poemani’n’ to’rtinshi bo’liminde ata-babalari’mi’zdi’n’ ko’ship-qoni’p neshshe ma’kanlarda panalag’anli’g’i’, besinshi bo’liminde lirikali’q qaharmanni’n’ yer jetip armiya qatari’na ketiwi, alti’nshi’ bo’liminde woni’n’ jol ju’rip neshe yeller u’stinen wo’tip barati’rg’ani’nda wo’z watani’n sag’i’ni’wi’, 7-8 bo’limlerde bul muqaddes za’minnin’ ulli’li’g’i’n ja’ne de teren’irek seziniwi teren’ su’wretlengen. Biyik tawlardi’, bag’li’ dalalardi’, tuwi’sqanli’q

[1] Каримов К. Мениң терезелерим. (Қосықлар ҳәм поэмалар) Нөкис, «Қарақалпақстан» 1985, 74-88-бб.

qa’biristanlari’n ko’redi. «Shayi’r usi’nday sheberlik penen a’piwayi’ adamda Watan tu’siniginin’ ken’eyiwin beredi. Bul avtordi’n’ poemadag’i’ sheberligi ha’m u’lken tabi’si’»[1].

Shi’g’armani’n’ juwmaqlawshi’ bo’liminde lirikali’q qaharman du’nyani’n’ barli’q jag’i’n gezip shi’qsa da wo’zinin’ tuwg’an jerindey, ana wati’ni’nday muqaddes ma’kandi’ tabi’wdi’n’ qi’yi’n yekenligi sheber beriledi. Biraq ta 1980-ji’llari’ K.Karimovti’n’ «Watan» poemasi’n siyasiy-ideologiyadi’q ko’zqarastan bahalawg’a da umti’li’wshi’li’qti’n’ bolg’anli’g’i’n da ayti’p wo’tiwimiz kerek. Ma’selen, prof Q.Kamalov to’mendegishe jazadi’: «Poemadag’i’ bas kemshilik sonnan ibarat, avtor bu’gingi kapitalistlik ha’m socialistlik sistemani’n’ ideologiyali’q gu’resindegi Watan perzentinin’ teren’ publicistikali’q woyi’ menen psixologiyasi’n bere almaydi’. Tek Watani’ woni’ perzentim dese to’besi ko’kke jetedi»[2].

K.Karimovti’n’ «A’sirge barabar bir zamat»[3] atli’ liro-epikali’q poemasi’nda bolsa watan azatli’g’i’ joli’nda wo’limge basi’n tikken jawi’ngerdin’ ishki woy-sezimleri, tuwg’an jerge degen sag’i’ni’shi’ isenimli tu’rde berilgen. Watan qorg’aw temasi’ poemani’n’ tiykari’n quraydi’. Bas qaharmanni’n’ prototipi-bul jerlesimiz Juman Qaraqulov. Watandarli’q uri’stag’i’ Juman Qaraqulovti’n’ ma’rtlik islerin shayi’r ha’r qi’yli’ ko’rkemlew qurallari’ menen su’wretlew arqali’ bul obrazdi’n’ ideyali’q ta’sirshen’ligin artti’rg’an. K.Karimovti’n’ bul poemasi’ tek tematikali’q jaqtan g’ana bahali’ boli’p qalmay, formasi’ jag’i’nan da jan’asha boli’p tabi’ladi’. Wol avtordi’n’ ideyasi’n woqi’wshi’g’a jetkeriwde, watan qorg’aw temasi’n uli’g’lawda u’lken a’hmiyetke iye. Bizge belgili bolg’ani’nday-aq, bul temag’a 1970-ji’llari’ shayi’r T.Seytjanovti’n’ «Ta’g’dir» poemasi’ da arnalg’an yedi. Bul shi’g’arma buri’ng’i’ Awqamni’n’ qaharmani’, uri’sta qaharmanli’q ko’rsetken jerlesimiz Wori’nbay Abdullaevti’n’ yerligin, woni’n’ uri’stan keyingi quramali’ ta’g’dirin su’wretlewge arnalg’an. Bul boyi’nsha belgili

---

[1] Камалов Қ. Бүгинги поэзия ҳәм дәўир талабы// «Әмиўдәрья», 1985, №4, 95-96-б
[2] Камалов Қ. Bul da sonda, 96-б
[3] Каримов К. Ўақыт минарасы. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1981, 70-77-бб.

a’debiyatshi’ ali’m S.Axmetovti’n’ di’qqatqa i’layi’q pikirleri bar[1]. Watandarli’q uri’s temasi’na shayi’r T.Ma’tmuratovti’n’ «Uri’s da’rtleri» poemasi’ da arnaldi’ ha’m bul shi’g’arma wo’z waqti’nda a’debiy ja’miyetshilikten jaqsi’ baha aldi’[2].

K.Karimovti’n’ «A’sirge barabar bir zamat» poemasi’ da Watan qorg’aw temasi’na arnalg’an. Wo’z tuwg’an watani’n si’rtqi’ basi’p ali’wshi’lar bolg’an nemec fashistlerinen qorg’awda jan bergen jawi’ngerlerdin’ yerlik islerin uli’g’law XX a’sirdin’ yekinshi yari’mi’ndag’i’ shayi’rlar ushi’n ku’n ta’rtibindegi tema boli’p tabi’ladi’. Usi’ni’ duri’s tu’singen shayi’r II jer ju’zlik uri’si’ tariyxi’nda wo’shpes iz qaldi’rg’an qaraqalpaqstanli’ jawi’nger, buri’ng’i’ Awqamni’n’ qaharmani’ jerlesimiz Juman Qaraqulovti’n’ yerligin su’wretlew arqali’ woni’n’ bir pu’tin obrazi’n do’retiwge yerisken. Shayi’r poemada qaharmanni’n’ ha’reketin mayda-shu’ydesine shekem su’wretlep woti’ri’wg’a umti’lmastan, woni’n’ wo’mirinin’ kulminaciyali’q momentin tan’lap ali’w arqali’ u’lken salmaqli’ ideyani’ wortag’a taslaydi’. Basqasha aytqanda, dushpan pulemyoti’n granata menen joq qi’lg’an, wo’zi de qurban bolg’an, usi’ arqali’ sol waqi’ttag’i’ wo’z qurallaslari’ni’n’ jen’isin ta’minlegen Juman Qaraqulovti’n’ ma’rtlik isleri shayi’r ta’repinen ta’sirshen’ formada su’wretlengen. Poemani’n’ ha’mmesi boli’p u’sh bo’liminde Watan qaharmani’ni’n’ pidayi’li’g’i’, ibratli’ ha’reketi woqi’wshi’ni’n’ ko’z aldi’nda ayqi’n sa’wlelenedi.

Shayi’rdi’n’ ja’ne bir poemasi’ bolg’an «Jigirmalanshi’ a’sir sazasi’»[3] do’retpesi paraxatshi’li’qti’ qorg’aw temasi’na arnalg’an. Poema 1983-ji’ldi’n’ ayag’i’ ha’m 1984-ji’ldi’n’ basi’nda jazi’lg’an. Uli’wma bul da’wirde du’nyani’n’ bir qatar yelleri arasi’ndag’i’ qarama-qarsi’li’qti’n’ ku’sheyip, bul yeller arasi’ndag’i’ salqi’n uri’sti’n’ ha’wij ali’p, qurallani’w boyi’nsha wo’z-ara jari’sti’n’ shegine shi’qqan da’wiri yedi. Usi’ sebepli bir g’ana woylanbay islengen ha’rekettin’ pu’tkil du’nyaju’zlik yadro uri’si’na ali’p keliw qa’wpi ko’zge ani’q taslani’p turg’an yedi. Buni’ duri’s tu’singen shayi’r poemag’a original ko’rkem

[1] Ахметов С. Қарақалпақ совет поэзиясы. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1988, 356-357-бб
[2] Сейитов Ш. Қәдир тутқан аяўлым Төлепберген!–Т.Мәтмуратов. Жақсылық сарайы (қосықлар ҳәм драмалық поэма). Нөкис, «Қарақалпақстан», 1986, 5-13-бб
[3] Каримов К. Мениң терезелерим. Қосықлар ҳәм поэмалар. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1985, 65-73-бб

forma tan’law arqali’ wo’zinin’ a’hmiyetli ideyasi’n–paraxatshi’li’qti’ qorg’aw, salqi’n uri’sti’ joq yetiw, do’retiwshilik miynetti uli’g’law ma’selelerin wortag’a taslaydi’. Poema ju’da’ qi’sqa boli’wi’na karamastan juwmaqlang’an mazmung’a iye. Ma’selen, poemani’n’ «Jigirmalanshi’ a’sir sazasi’», «SSSR dep atalg’an yeldin’ dawi’si’», «Bati’s yevropa sazasi’», «Amerika materiginin’ dawi’si’», «Jaqi’n Shi’g’i’s dawi’si’», «Epilog worni’na avtordi’n’ so’zi» bo’limlerinde salqi’n uri’s qaralang’an, paraxat turmi’sti’n’ qa’dir-qi’mbati’ ma’seleleri wortag’a qoyi’lg’an. Avtordi’n’ bul pikirleri ha’zir de wo’zinin’ a’hmiyetin joytqan joq. Sonli’qtan da belgili a’debiyatshi’ ali’m, professor S.Axmetov bul poema tuwrali’: «K.Ka’rimovti’n’ «Jigirmalanshi’ a’sir sazasi’» atli’ shi’g’armasi’ da’wir temasi’na bari’wg’a umti’li’wshi’li’g’i’ menen ha’m jan’a forma izlewshiligi menen bahali’. Usi’ poemani’n’ «Epilog worni’na avtrdi’n’ so’zi» degen son’g’i’ tarawi’ jaqsi’ jazi’lg’an. Aldi’nda ayti’lg’an pikirlerdin’ ba’rin son’i’nda juwmaqlasti’ri’p bere alg’an»[1],- dep duri’s pikir bildirgen yedi.

K.Karimovti’n’ «A’sir a’psanasi’» poemasi’ da paraxatshi’li’qti’ qorg’aw, yadroli’q uri’sti’n’ aldi’n ali’w ma’selesine arnalg’an. Bul poemani’n’ da 1986-ji’li’ jazi’lg’ani’n yesapqa alsaq, woni’n’ biz joqari’da ayti’p wo’tken du’nyani’n’ yeki qarama-qarsi’ yellerinin’ arasi’ndag’i’ uri’s qa’wpinin’ ku’sheygen da’wirinde jazi’lg’ani’ bilinip turadi’. Shayi’r da’wir talabi’n duri’s an’lag’an. Wo’ytkeni, paraxat turmi’sti’n’ qa’dir-qi’mbati’na jetiw, woni’ keleshek a’wladqa jetkeriw ma’selesi 1980-ji’llarda ku’n ta’rtibindegi yen’ global, ten’i-tayi’ joq ma’sele yedi. Sonli’qtan da bul ma’selege shayi’rdi’n’ gezektegi «A’sir a’psanasi’»[2] poemasi’n arnawi’ da di’qqatqa i’layi’q. Wo’ytkeni shayi’r paraxatshi’li’qti’n’ insan balasi’ ushi’n yen’ a’ziz na’rselerdin’ biri yekenligin duri’s tu’sinedi. Bul poema liro-dramali’q si’patqa iye. Wol u’sh bo’limnen ibarat. Shi’g’arma avtordi’n’ kiris so’zi ha’m juwmaq penen ta’minlengen boli’p, bul kompoziciyali’q formag’a poemani’n’ personajlari’ bolg’an Iblis, u’y quri’wshi’si’, Egoist, Prezident, Haq niyetli adamzat, Avtor usag’an subektler

---

[1] Ахметов С. Ҳәзирги поэзияның гейпара актуаль мәселелери// «Әмиўдәрья», 1986, №6, 103-б.
[2] Каримов К. Аралдан келдим. Қосықлар ҳәм поэма. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1991. 110-127-бб

kiritilgen. Wolar shayi'rdi'n' ideyasi'n woqi'wshi'g'a jetkeriwge xi'zmet yetedi. Bunda, Egoist ha'm Iblisler uri's woti'n tutandi'ri'wg'a umti'li'wshi'lar, Prezidentti joldan uri'wshi'lar si'pati'nda su'wretlense, al u'y quri'wshi', Avtor, Haq niyetli adamzat qusag'an subektler paraxat turmi'sti'n' ta'reptarlari', uri's woti'n tutandi'ri'wshi' Iblis penen Egoistti a'shkaralawshi'lar si'pati'nda su'wretlengen. Uli'wma bul poema avtordi'n' uri's woti'n tutandi'ri'wshi'lardi' a'shkaralawg'a umti'li'wi'ni'n' jemisi si'pati'nda do'regen shi'g'arma boli'p, wol avtordi'n' wo'zine ta'n indvidual stilinen da'rek beredi. Sonli'qtan da, a'debiyatshi' ali'm J.Xoshniyazov bul poema tuwrali': «K.Karimov «A'sir a'psanasi'» degen poemasi'na dramali'q tu's berip, woni' dialogli'q usi'lda jazg'an. Wol bizin' poemami'zg'a unamsi'z obraz retinde jan'a yenisip kiyati'rg'an Iblis ha'm Egoistlerdin' ha'reketleri arqali' ha'zirgi da'wirdegi qa'weterli qubi'li'slarg'a adamzatti' qarsi' qoyi'wg'a niyetlengen. Bul wog'ada awi'r, a'hmiyetli tema yekenligi wo'z-o'zinen ko'rinip tur. Bug'an bizin' shayi'rlari'mi'zdi'n' da aralasi'p ati'rg'anli'g'i' quwanarli'q jag'day»[1],-degen pikirdi bildirgen yedi.

K.Karimovti'n' «Muhabbat qi'ssasi'»[2] dep atalg'an dramali'q poemasi' avtordi'n' janrli'q izlenislerinen da'rek beredi. Poemani'n' bul tu'rin jazi'w boyi'nsha milliy poeziyami'zda belgili ta'jiriybe toplang'an. Ma'selen, I.Yusupovti'n' «Ma'n'gi bulaq», T.Ma'tmuratovti'n' «Jaqsi' adamni'n' ju'regi», J.Izbasqanovti'n' «Qamal», N.To'reshovani'n' «Yalg'anshi'» ha'm tag'i' basqa da poemalari'n ko'rsetiwge boladi'. Belgili wo'zbek shayi'ri' A.Aripovti'n' «Ja'nnetke jol» atli' dramali'q poemasi' da T.Ma'tmuratov ta'repinen awdari'li'p, tap usi' K.Karimov poemasi' basi'lg'an 80-ji'llari' qaraqalpaq kitap woqi'wshi'si'ni'n' qoli'na bari'p jetti[3].

Shayi'rdi'n' «Muhabbat qi'ssasi'» poemasi'nda muhabbat temasi' ji'rlanadi'. Avtor epikali'q poeziyami'zda az rawajlang'an dramali'q poema janri'na qol urg'an halda, ruwli'q-feodalizm da'wirinde bir-birine ashi'q jaslardi'n' baxi'tli'

[1] Хошниязов Ж. Дәуир талабы ҳәм көркем әдебият (Поэзия–88)// «Әмиўдәрья», 1989, №6, 98-б.
[2] Каримов К. Мениң терезелерим (Қосықлар ҳәм поэмалар). Нөкис, «Қарақалпақстан», 1985. 88-147-бб
[3] Арипов А. Жәннетке жол. Драмалық поэма. Т.Мәтмуратов аўдармасы. «Әмиўдәрья», 1983, №4-5

turmi’s keshiriwine imkaniyat bolmag’anli’g’i’n, shan’araq quri’wdi’ da ruwli’q-feodalli’q turmi’sti’n’ normalari’ belgilep bergenligin su’wretlegen. Shi’g’armada avtor koncepciyasi’n jari’qqa shi’g’ari’wda Aysuli’w ha’m A’met obrazlari’ tiykarg’i’ funkciyani’ atqarg’an. Shayi’r Shi’g’i’s a’debiyati’nda ken’ tarqalg’an «Qos ashi’q qi’ssasi’»na realistlik a’debiyat ni’zamli’li’qlari’ menen jantasqan halda shi’g’armani’n’ ideyali’q bag’dari’n du’zedi. Poemani’n’ obrazlar sistemasi’na Aysuli’w, A’met obrazi’nan basqa Babajan, Ana, Xansuli’w, Ayi’m ju’zbasi’, Arti’q, Muri’nbiy, Arzi’biy, xan, wa’zir, shopan bala obrazlari’ da qatnasadi’. Ati’ atalg’an personajlardan A’met ha’m Aysuli’wlardi’n’ wo’miri tragediyali’q juwmaq penen tamamlanadi’. Avtor bunday juwmaq arqali’ ruwli’q-feodalli’q ja’miyet da’wirinde bir-birine ashi’q jaslardi’n’ wo’miri basqasha boli’wi’ da mu’mkin yemesligin an’latadi’. Sonli’qtan da poemani’ avtor:

«Shiyrin arzi’w a’rman qaldi’ wolardan
Hadali’y muhabbat qaldi’ wolardan
Muhabbat qi’ssasi’ qaldi’ wolardan»

-dep wori’nli’ tu’rde juwmaqlaydi’. Bul juwmaq ha’zirgi jaslardi’n’ ruwxi’y turmi’si’ ushi’n a’hmiyetli boli’p, wo’sip kiyati’rg’an a’wladti’n’ wo’tmish waqi’yalari’nan duri’s sabaq ali’wg’a iytermeleydi.

Juwmaqlap aytqanda, K.Karimov XX a’sirdin’ son’g’i’ sheregindegi qaraqalpaq poemasi’ni’n’ rawajlani’wi’na belgili u’les qosti’. A’sirese, wol bul janrdi’n’ ideyali’q-tematikali’q jaqtan bayi’wi’na, janrli’q-stillik jaqtan wo’sip-wo’rkenlewine wo’zinin’ joqari’dag’i’ ati’ atalg’an poemalari’ arqali’ xi’zmet yetti. Woni’n’ poemalari’ tematikasi’ ha’m ko’rkem formasi’ boyi’nsha ra’n’ba’-ra’n’ boli’p tabi’ladi’. Wolarda Watan, tuwg’an jer, paraxatshi’li’qti’ qorg’aw, uri’sti’ qaralaw, muhabbatti’n’ qa’dir-qi’mbati’na jetiw temalari’ sheberlik penen su’wretlengen.

## II bap. K.Karimov poeziyasi’nda janrli’q izlenisler

### II.1. Shayi’r lirikasi’ndag’i’ janrli’q izlenisler

Teoriyali’q a’debiyatlarda ko’rsetip wo’tilgenindey, janr–bul turmi’s shi’nli’g’i’n ko’rkem su’wretlewdin’ bari’si’nda shayi’r niyet yetken ideyalardi’ beriwdin’ usi’llari’ni’n’ biri… yeger so’z ustasi’ wo’zinin’ aytajaq ideyasi’n ishki sezimler, ruwxi’y keshirmeler arqali’ emocional formada bermekshi bolsa, wonda wol a’debiyatti’n’ lirika tu’rine mu’ra’jat yetedi[1]. Sonday-aq «a’debiy janrdi’ duri’s tan’law, janrdi’n’ mu’mkinshiliklerinen duri’s paydalani’w shi’g’armani’n’ quni’n ko’terip, jazi’wshi’ni’n’ sheberligin artti’radi’»[2].

Shayi’r K.Karimov lirikasi’nda a’dewir janrli’q izlenisler bar yekenligin ko’riwge boladi’. Bul izlenisler wo’z gezeginde shayi’rdi’n’ do’retiwshiliktegi wo’z joli’, stiline iye boli’wg’a umti’li’si’n ko’rsetedi. Wo’ytkeni, turmi’s shi’nli’g’i’n, ruwxi’y keshirmelerdi ko’rkem sa’wlelendiriw boyi’nsha ha’r bir a’debiy janrdi’n’ wo’zine ta’n ko’rkemlik mu’mkinshilikleri, su’wretlew qurallari’nan paydalani’w usi’llari’ bar yekenligin shayi’r duri’s an’lag’an.

Qaraqalpaq lirikasi’nda yerteden kiyati’rg’an a’piwayi’ to’rt qatarli’ qosi’q formasi’ ha’zirgi poeziyada da tiykarg’i’ wori’n iyeleydi. Lirikani’n’ bul janri’ K.Karimov poeziyasi’nda da basli’ wori’ndi’ iyeleydi. Bul qosi’q formasi’ni’n’ wo’zine ta’n wo’zgesheligin, a’hmiyetliligin a’debiyatshi’ Q.Worazi’mbetov to’mendegishe belgileydi: «Folklori’mi’zda, klassikali’q a’debiyati’mi’zda woy-pikir sonday formada (to’rt qatarli’ qosi’q formasi’-avtor) beriledi, wol a’piwayi’ woqi’wshi’ni’n’ ju’regine jaqi’n, woni’ tez qabi’llaydi’. Wol wog’an la’zzet bag’i’shlawi’, woni’ woylandi’ri’wi’, tolg’andi’ri’wi’ mu’mkin. Ha’zirgi da’wirdegi usi’ formada qosi’q jazi’p ju’rgen shayi’rlardi’n’ shi’g’armalari’nan bul formani’n’ wo’mirshen’ yekenligine ko’zimiz jetti. Wo’ytkeni, qosi’qti’ wog’an jaqsi’ tu’sinetug’i’n da, wonshelli tu’sine bermeytug’i’n da adam woqi’w mu’mkin. Mine, usi’ yeki kategoriya ta’repinen de qabi’llansa, qosi’q wo’zinin’

[1] Ja’rimbetov Q. A’debiyattani’wdan sabaqlar (woqi’w qollanba). No’kis, «Qaraqalpaqstan», 2012, 28-b
[2] Ja’rimbetov Q. Bul da sonda, 28-b

tiykarg'i' kriteriyalari'ni'n' biri bolg'an massali'q xarakterin saqlag'an boli'p tabi'ladi'»[1].

K.Karimovti'n' bul da'wirdegi qosi'qlari' ko'binese si'rtqi' formasi' jag'i'nan to'rt qatarg'a quri'lg'an bir neshe ba'ntlerge bo'lingen boli'p, uyqaslari' aaba, abab, aaab formasi'nda keledi. Tematikasi' jag'i'nan didaktikali'q, publicistikali'q, muhabbat, ta'riplew xarakterine iye «A'yledi», «Joq pa», «Qalpag'i'm» ha'm t.b. si'yaqli' qosi'qlari' tuwrali' usi' pikirdi ayti'wg'a boladi'. Bunday lirikalarda mazmung'a say tabi'lg'an ko'rkem formani'n' sa'tli shi'g'i'wi' shayi'rdan u'lken sheberlikti talap yetedi. Tek to'rt qatarg'a so'zdi dizip, sintaksislik ga'p du'zgen menen, wondag'i' so'zlerde obrazli'li'q, woqi'wshi'ni'n' sezimin woyatatug'i'n estetikali'q ku'sh bolmasa, wol qosi'qti'n' talabi'na juwap bere almaydi'. K.Karimovti'n' «Da'wrani'n' wo'ter», «Bilsen' ha'y», «Keshe, A'jiniyaz ju'rgen jerlerde» qosi'qlari'nda avtordi'n' turmi'sqa ko'zqarasi' ani'q, lirikali'q qaharman obrazi'n sheber jasay alg'an. Mi'sali', «Da'wrani'n' wo'ter» qosi'g'i' to'rt qatarli' formada jazi'lg'an. Wonda shayi'rdi'n' du'nyani'n' wo'tkinshiligi haqqi'ndag'i' pikirleri woqi'wshi'ni'n' na'zerine usi'ni'lg'an.

Shayi'r lirikalari'nda mazmunni'n' formag'a sayli'g'i' ko'zge taslanadi'. Mi'sali', ta'rip qosi'qlari' boli'p tabi'latug'i'n «Aq wotaw», «Qalpag'i'm» shi'g'armalari'ni'n' ko'rkemligi a'dewir da'rejede joqari'.

Jazi'q jaylawlarda saydi'n' boyi'nda,
Si'ldi'r-si'ldi'r aqqan bulaq basi'nda,
Misli bati'rlardi'n' dubi'lg'asi'nday,
Neshe zaman sawlat to'kken aq wotaw. (31-bet)

Qosi'q ja'mi won ba'ntten ibarat boli'p, wonda qaraqalpaqti'n' aq wotawi' ko'rkem so'zdin' qu'diretli ku'shi menen ta'riplenedi. Ko'pshilik jag'dayda shayi'rlar ta'rip qosi'qlari'n usi'nday to'rt qatarli', aaba, abab uyqasi'nda jazadi'. K.Karimov ta bul qosi'q janri'na say ko'rkem formani' duri's tan'lay alg'an.

---

[1] Оразымбетов Қ., Ҳәзирги дәуирдеги қарақалпақ лирикасында көркемлик излениўшилик. Нөкис. «Билим», 1993, 89-б

K.Karimovti’n’ «Pa’rshe-pa’rshe yeteyin», «Kisilik–ay kisilik», «Tu’rkstan» qosi’qlari’ XVIII a’sir qaraqalpaq klassikali’q a’debiyati’ndag’i’ tolg’awlar formasi’nda jazi’lg’an. Shayi’r qosi’qta lirikali’q qaharmanni’n’ ishki ruwxi’y halati’n, tolg’ani’si’n jetkerip beriwde 7-8 buwi’nli’ tolg’aw formasi’n tan’lag’an:

Qaratawdi’n’ qarawi’tqan basi’na,
Woynaqlap qulan da shi’g’adi’,
Ji’li’slap ji’lan da shi’g’adi’,
Qaratawdi’n’ basi’na.
Woynaqlap shi’qqan qulandi’,
Yeki iynin jalmap jegen ja’digo’y,
Ji’lan, dese qa’yteyin,
Ji’li’slap shi’qqan ji’landi’
Qulan, dese qa’yteyin.

Qosi’q usi’ taqi’lette dawam yettiriledi. Bir ta’repten bul forma shayi’rdi’n’ ishki lirikali’q sezimlerin-ku’yinishin, tolg’ani’slari’n, emociyasi’n beriwde u’lken a’hmiyetke iye.

«Tu’rkstan» qosi’g’i’ da tolg’aw formasi’na jaqi’n u’lgide jazi’lg’an. Biraq, qosi’q qatarlari’ ba’ntlerge aji’rati’lg’an. Kompoziciyali’q jaqtan usi’lay ba’ntlerge bo’lingen menen, tolg’awdag’i’ si’yaqli’ belgili bir ba’nt wo’lshemlerine, uyqas ta’rtiplerine bag’i’nbay, 7-8 buwi’nli’ shubi’rtpa qatarlar tu’rinde kele beredi:

Wo’zbek wo’zimnin’ jerim dep, -8
Bawi’rman, qazaq buri’nnan-8
Ken’ jaylawi’m menin’ dep -7
Shi’g’i’si’nda ko’p uyg’i’r-7
Si’rti’n’nan ju’rgen iyemlep-8
Betege wo’sken baytaq jer-8
Tu’rkiy xali’qqa wortaq jer-8
Ata-babam a’rmanli’-7
Sende- bir shalqi’p da’wrandi’-8
Su’rsem degen Tu’rkstan-8 (196-bet)

Shayi’rdi’n’ «Kisilik–ay, kisilik» qosi’g’i’ da usi’ formag’a quri’lg’an. Qosi’qta shayi’rdi’n’ pikirdi beriwdegi so’z tan’lawlari’ folklorli’q shi’g’armalardi’ yelesletedi, a’sirese termelerge, betasharlarg’a uqsap ketedi:

Kisilik- ay, kisilik
Kishipeyillik aldi’nda,
Sen pi’ssi’yi’p qalg’aysan’,
«Miywe pitse daraqqa,
Wonnan sayi’n to’menshik»,–
Degen dana naqi’ldan
Asi’p tu’se almaysan’ (27-bet)

«Lirikali’q shi’g’armalardi’n’ ta’biyati’na tiyisli qubi’li’slardi’n’ biri-oni’n’ qi’sqali’qqa umti’li’wi’. Az so’z, az ko’lem menen u’lken teren’, mazmundi’ beriw lirikani’n’ tiykarg’i’ wo’zgesheliklerinin’ biri. Sonli’qtan da lirikali’q tu’rge ko’lemi boyi’nsha yen’ kishi formalar xarakterli»[1],-dep jazadi’ lirikani’n’ kishi formalari’ni’n’, a’hmiyetliligi haqqi’nda Q.Worazi’mbetov

A’debiy processtegi lirikani’n’ do’reliw formasi’n gu’zetkende bir qatarli’, yeki qatarli’ qosi’qlardan baslap won to’rt qatarli’ qosi’q formalari’n ushi’rati’wg’a boladi’. A’debiyatshi’ Q.Worazi’mbetovti’n’ duri’s belgilegenindey, «bunday qosi’qlardi’n’ tematikasi’ da ju’da’ ken’: filosofiyali’q juwmaqlar, i’shqi’ muhabbat sezimleri, insanni’n’ ruwxi’y kelbeti ha’m t.b.»[2]

Shayi’r K.Karimovti’n’ lirikasi’nda, atap aytqanda 90-ji’llardan keyingi do’retiwshiliginde lirikani’n’ kishi formalari’nan biri-to’rtlikler ushi’rasadi’.

To’rtliklerdin’ tiykarg’i’ wo’zgesheliginin’ biri filosofiyali’q pikirlerdi teren’ ha’m tuji’ri’mli’ yetip bere ali’wi’nda. Sebebi, to’rtlikte sezimnen go’re pikir ani’g’i’raq ko’riniwi sha’rt. Demek, to’rtliklerde formali’q si’pattan go’re mazmun si’pati’ basi’m yekeni ko’rinedi.

S.Axmetov, J.Yesenov, Q.Ja’rimbetovlardi’n’ avtorli’g’i’ndag’i’ «A’debiyattani’w terminlerinin’ wori’ssha-qaraqalpaqsha tu’sindirme so’zligi»nde

---

[1] Оразымбетов Қ. Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы. Нөкис, «Билим», 2005, 61-б
[2] Оразымбетов Қ. Сонда 65-б

to’rtliktin’ janrli’q wo’zgesheligin to’mendegishe belgilengen: «To’rt qatardan ibarat bolg’an poeziyali’q do’retpe. To’rtlikler Shi’g’i’s poeziyasi’ndag’i’ rubayi’lardan mazmun ha’m formasi’ jag’i’nan pari’q qi’ladi’ ha’m wonda uyqas a-a-b-b, a-b-a-b, a-b-v-b tu’rinde keliwi mu’mkin»[1].

Usi’ ko’zqarastan qarag’anda shayi’r K.Karimovti’n’ do’retiwshiligindegi to’rtlikler pu’tkilley wo’zgeshe. «Qalada atqan tan’», «Qa’yteyin», «Jip haqqi’nda ballada» qosi’qlari’ to’rtlikler boli’p yesaplanadi’. «Qa’yteyin» qosi’g’i’ ritorikag’a quri’lg’an.

Joqqa bermes bolsa bardi’ qa’yteyin,
Jolda ju’gim qalsa nardi’ qa’yteyin,
Nami’si’mdi’ na’kas taplamaq bolsa,
Semser bolalmag’an ardi’ qa’yteyin. (47-bet)

Qosi’qti’n’ uyqasi’ a-a-b-a wo’lshemine bag’i’nadi’. Biraq wolardi’n’ ayi’rmasi’ qosi’q redifli uyqasqa quri’lg’an. Bul to’rtlikte lirik qaharmanni’n’ turmi’sta ushi’rasatug’i’n belgili bir ha’diyselerden ta’sirleniwi, wog’an wo’zinin’ qatnasi’n bildiriwi sezilip turadi’. Lirikali’q qaharmanni’n’ ilajsi’zli’q, sharasi’zli’q halati’ ritorikali’q qaratpalar arqali’ jetkerilip beriledi.

«Jip haqqi’nda ballada» qosi’g’i’ da to’rt qatardan ibarat shi’g’arma. Bul to’rtlikte shayi’rdi’n’ pikirlew usi’li’ da, formasi’ da wo’zgeshe. Qosi’q ju’da’ sa’tli shi’qqan. Woni’n’ atamasi’ shi’g’arma mazmuni’na ju’da’ say. Uzi’n qosi’q woqi’wg’a tayarlang’an woqi’wshi’ to’rt qatarda-aq u’lken mazmun bere ali’wi’ mu’mkinligine ta’siyin qaladi’.

Qi’sqa jip gu’rmewge kelmedi
Biraq
Shubati’lg’an arqan yan’li’ qosi’qtan
Qi’sqa jip abzali’raq. (7-bet)

A’debiy do’retiwshiliktegi lirikani’n’ kishi formalari’n izertlewshi Q.Worazi’mbetov bunday qosi’qlar haqqi’nda to’mendegishe pikir bildiredi:

[1] Ахметов С., Есенов Ж., Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги, Нөкис, «Билим», 1994, 231-б

«Son’g’i’ 20 ji’lli’qta uyqassi’z, qatarlardag’i’ buwi’n ten’ligi saqlanbag’an to’rtlikler de do’retilmekte. Bulardi’ yerkin qosi’qti’n’ kishi formasi’ dep te qarawg’a boladi’»[1].

Bul to’rtlikte shayi’rdi’n’ pikirdi bayanlaw usi’li’ aldi’n’g’i’si’na sali’sti’rg’anda wo’zgeshe, quramali’raq.

To’rt qatardan ibarat «Qalada atqan tan’» qosi’g’i’ wo’z aldi’na bir poeziyali’q do’retpe yesaplanadi’. Biraq, lirikani’n’ bir formasi’ yesaplang’an to’rtlikten ayi’rmashi’li’qqa iye. Wonda wo’mirdin’ bir ma’writindegi tirishilik kishi syujetlik ko’rinis tiykari’nda beriledi. Verlibr formasi’nda, uyqassi’z jazi’lg’an:

Sergek ata qoraz shaqi’ri’g’i’
Motorlar shawqi’mi’
Kurantlar sesi
Seni woyatadi’ qala tan’i’nda (61-bet)

Ja’mi to’rt qatardan ibarat shi’g’armadag’i’ tirishiliktin’ ti’msali’ retinde «ata qoraz shaqi’ri’g’i’», «shawqi’m», «ses» ko’rkem obrazli’ detal si’pati’nda su’wretlengen. Shayi’r usi’ detallarda wo’mirdi, adam wo’mirinin’ bir mezgilin, waqi’ti’n, payti’n su’wretlegen. Bunda to’rtliklerdegi si’yaqli’ filosofiyali’q woy-juwmaqlari’, didaktikali’q si’patlar joq. Tek si’rtqi’ formasi’ g’ana uqsas.

K.Karimovti’n’ lirikasi’nda ko’p ushi’rasatug’i’n janrli’q forma-verlibr. Bul janrda jazi’lg’an qosi’qlardi’ a’debiyattani’w iliminde ha’r tu’rli atamalar menen aytadi’. Geypara a’debiyatshi’lar «Aq qosi’q», basqalari’ «erkin qosi’q» dep ataydi’. Biraq «verlibr» atamasi’ jiyi-jiyi isletiledi. Qalay da keyingi atamasi’ni’n’ a’debiy do’retiwshilikte qollani’li’wi’ son’g’i’ da’wirde ken’ tu’s almaqta. Wol termin si’pati’nda sin’isip ketkendey ko’rinedi.

Ha’zirgi qaraqalpaq lirikasi’nda verlibr qosi’q formasi’ ken’ tarqali’p, bul bag’darda shayi’rlar azli’-ko’pli tabi’sqa yerisip ati’rg’anday. Bunday shayi’rlar qatari’na Sh.Seyitov, K.Karimov, J.Izbasqanov, S.Ibragimov, B.Genjemuratov,

---

[1] Оразымбетов Қ., Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы. Нөкис. «Билим», 2005, 61-б

Sh.Ayapov, K.Reymovlardi’ jatqari’wg’a boladi’. Bul formani’n’ qaraqalpaq poeziyasi’nda qa’liplesiwinde, tabi’sli’ rawajlani’wi’n da joqari’da ati’ atalg’an shayi’rlardi’n’ worni’ u’lken. Verlibr formasi’nda qosi’q do’retiwde bul shayi’rlardi’n’ ha’r birinin’ wo’zine ta’n stili, joli’ bar. Mi’sali’, bul formani’n’ ha’zirgi qaraqalpaq poeziyasi’nda rawajlani’wi’nda Sh.Seyitovti’n’ qosi’qlari’ belgili wori’n iyeleydi. Woni’n’ verlibrleri woqi’wshi’ni’ jali’qti’rmaydi’. Mi’sali’, shayi’rdi’n’ «Sen iship qoyg’ansan’» verlibrine di’qqat awdarayi’q:

Sag’an wo’mir ha’lek,
Sen wog’an ha’lek!
Sag’an dilbar ha’lek!
Ha’lek na’reste!
Sen iship qoyg’ansan’ aqi’ri’ . . .
Nami’sti’-i’!. . .[1]

Bunda shayi’r qosi’qti’n’ ha’r bir qatari’ndag’i’ so’zlerdi ku’shli intonaciyag’a qurg’an. Sh.Seyitovti’n’ bul qosi’g’i’ni’n’ milliy poeziyami’zdag’i’ verlibrlik formani’ rawajlandi’ri’wdag’i’ xi’zmetlerine a’debiyatshi’ ali’m P.Nurjanov ta wo’zinin’ maqalasi’nda[2] arnawli’ tu’rde toqtag’an.

Shayi’r S.Ibragimov bolsa pikirdi verlibr formasi’nda bergende, qosi’q qarapayi’m so’zlerdey kompoziciyag’a quri’ladi’. Awi’spali’ ma’ni woqi’wshi’ni’n’ tu’siniwi ushi’n qi’yi’ni’raq, quramali’raq jol arqali’ sa’wlelenedi. Al, shayi’r B.Genjemuratovti’n’ bolsa yerkin qosi’q do’retiwde wo’zine ta’n ta’krarlanbas joli’ bar. Wol da Sh.Seyitov si’yaqli’ qosi’q jazi’w qag’i’ydalari’na su’yenedi, intonaciyag’a ayri’qsha di’qqat awdaradi’. B.Genjemuratovti’n’ qosi’qlari’nda lirikali’q qaharmanni’n’ ishki tolg’ani’slari’ ha’r ta’repleme wo’tkir. A’sirese, poetikali’q qaytalawlar arqali’ shayi’r lirikali’q sezimlerdi sheber jetkeredi. Al biz so’z yetpekshi boli’p woti’rg’an shayi’r K.Karimovti’n’ verlibr formasi’ndag’i’ qosi’qlari’ da avtordi’n’ wo’zine ta’n stilin belgilewde a’hmiyetli rol atqaradi’. Ha’tteki shayi’rdi’n’ «Verlibr» dep atalatug’i’n qosi’g’i’ da bar. Bul

[1] Сейитов Ш. Жоллар. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1987, 38-39 b.
[2] Нуржанов П. Верлибр ҳаққында ойлар // «Әмиўдәрья», 1990, №4, 86-б

qosi'qti' a'debiyatshi' P.Nurjanov qatarma-qatar tallay woti'ri'p, to'mendegi juwmaqqa keledi: «…joqari'dag'i' qatarlar poeziya maydani'nda wo'z soqpag'i' menen kirip kelgen shayi'rdi'n' jan du'nyasi'ndag'i' forma tabi'wg'a degen umti'li'wshi'li'qtan da'rek beredi»[1]. Shayi'rdi'n' to'mendegi qosi'g'i'nda da ko'rkem forma tan'lang'an mazmung'a say tu'sken:

Ba'ha'r. Appaq gu'lge mali'ng'an
Alma ag'ashi'ni'n' tu'binde
Yerkinlikti, ma'n'gi wo'mirdi
Suli'wli'qti' teren' sezindim.
Sol payi'tta go'zzal ag'ashqa
Balta urdi'.
Gu'l japi'rag'i'
Shashlari'ma to'gildi sawlap
Sonnan berli shashlari'mda aq . . . (213-bet)

Bul qosi'qti'n' mazmunli'q bayli'g'i', ko'rkemligi attan ani'q ko'zge taslanadi' Qosi'q ja'mi 8 qatar. Biraq woni'n' wo'z aytar so'zi bar. Qosi'qta alma ag'ashi', appaq gu'ller, suli'wli'q, balta, appaq shashlar si'yaqli' predmetler kishkene, biraq tuji'ri'mli' syujetti quraydi'. Degen menen, qosi'q joqari'dag'i' predmetler haqqi'nda yemes. Wolar shayi'rdi'n' tolg'ani'slari'n jetkeriwge xi'zmet yetip tur. Bul syujettin' arti'nda pu'tindi, jaqsi'ni', go'zzal du'nyani' ha'm usi'g'an usag'an jaqsi' pazi'yletlerdi buzi'wg'a qarsi' qarati'lg'an ku'yinishi bar. Wol soni' jetkeriw ushi'n quri'lg'an[2].

Haqi'yqattan da, qosi'qta shayi'r lirikali'q qaharman obrazi'nda wo'mirinin' a'jayi'p ma'writlerin wo'tkergen adamni'n' birden tu'skinlikke tu'siw payi'ti'ndag'i' ishki ku'yinishin verlibr formasi'nda sheber jetkeredi.

Shayi'rdi'n' bunnan basqa «Waqi't wo'lshemi», «Bu'gingi wo'mirim-keshegi ku'ndi», «Don Kixot», «Salqi'n dumanlarg'a», «Jasi'l ren'ler», «Qa'lemles

[1] Нуржанов П. Көркем әдебият ҳәм дәўир талабы. Нөкис, «Билим», 1993, 36-б.
[2] Оразымбетов Қ., Ҳәзирги дәўирдеги қарақалпақ лирикасында көркемлик излениўшилик, Нөкис, «Билим», 1992, 59-б

doslari'ma», «Wo'zime», «Ku'tiw zali'», «Urbanizaciya», «Uyqi'» si'yaqli' verlibr formasi'nda jazi'lg'an qosi'qlari' bar.

«Qag'azdan jasalg'an gu'l shen'ber» verlibri u'lken filosofiyali'q mazmung'a iye. Wonda lirikali'q qaharmanni'n' ishki mun'li' sezimleri turmi'sli'q predmetler arqali' beriledi. Ko'rkem forma mazmundi' beriwge mas tu'sken.

–Bu'gin kim a'lemnen wo'tipti tag'i'?
Buyi'rtpashi' kelgende qoyg'an sawali'
Son' barli'q wo'nerin
Zeyinin sali'p
Ju'z ji'lli'q wo'miri barday aldi'nda
Ren'li qag'azdan gu'ller jasaydi'
Qag'azdan gu'l shen'ber sog'i'wshi' hayal (212-bet)

«Salqi'n dumanlarg'a» yerkin qosi'g'i' belgili bir ba'ntlerge aji'rati'lg'an. Si'rtqi' ko'rinisi jag'i'nan u'sh qatarli' qosi'qlardi' yesletedi. Qosi'qta pikir awi'spali' formag'a quri'lg'an. Adamzatti'n' ju'yrik qi'yali' kosmosqa jol ashqani' menen wo'mir boyi' turmi's ta'shwishlerinen ari'lg'an yemes. Biraq qosi'qti'n' keyingi ba'ntlerinde shayi'r sezimlerin ji'lawlay almay, qurg'aq deklarativlik bayanlawg'a jol qoyadi'.

Salqi'n dumanlarg'a worang'an ali's
Juldi'zlar shog'i'ri' -mi'n' ji'llar boyi'
Qi'yali'n tartadi' adamiyzatti'n'

. . . Ali's juldi'zdarg'a na'zer salmaqqa
Ta'wekel a'ylegen ma'rt insanlarg'a
Million alg'i's bolg'ay
Ma'gar bes milliard
Yaki alti' milliard adam ati'n (51 -bet)

Aldi'n'g'i' ba'ntke qarag'anda keyingi ba'ntte marapatlawshi'li'q ku'shli seziledi.

K.Karimovti’n’ bul da’wirdegi poeziyasi’nda alti’li’qlar, jetilikler, segizlikler de ushi’rasadi’. Shayi’r alti’li’qlari’ni’n’ da tematikasi’ bir qansha ken’. Wonda filosofiyali’q, intellektualli’q pikirlew de, muhabbat haqqi’ndag’i’ ila’hiy sezimlerdi beriw de, tuwi’lg’an jer haqqi’nda ji’r shertiw de ha’m t.b. qatnasi’wi’ mu’mkin. A’sirese, son’g’i’ da’wirde payda boli’p ati’rg’an alti’li’qlardi’n’ pikirlew shegarasi’ bari’nsha ken’eydi[1].

Shayi’rdi’n’ «Adamni’n’ zeynine tiymeklik» degen qosi’g’i’ haqi’yqattanda da izertlewshinin’ joqari’dag’i’ pikirin toli’q da’lilleydi. Qosi’qta uyqas yerkin tu’rde quri’lg’an, biraq buwi’nlar sani’ ten’.

Tasti’ tasqa ursa ushqi’n shashi’rar.
Sol yan’li’-minezler soqli’g’i’sqanda,
Menin’ ju’zlerimdi jali’n sharpi’di’,

Payg’ambar yemespen. Tu’sindim biraq,
Kisinin’ zeynine tiymeklik degen,
Du’nyada yen’ awi’r gu’na’ yekenin. (6-bet)

Shayi’rdi’n’ jetilikleri de simvolikali’q su’wretlewge quri’lg’an. Kishi syujet jeti qatar arqali’ ko’rkem obrazli’ yetip berilgen.

Plastik qaltag’a sali’ng’an piyaz
Quyash nuri’n urlap a’ynekten tu’sken
Shashaq shi’g’armaqta ku’nlep, saatlap
Insanni’n’ wo’mirge umti’lg’ani’nday
Essiz kletchatka sanasi’z tilsiz
Nurg’a ha’lsiz jasi’l qollari’n sozi’p
U’nsiz talpi’nbaqta ha’r ma’writ (7-bet)

Bul qosi’q ta yerkin formag’a quri’lg’an. Shayi’rdi’n’ segizliklerinde de ha’r qi’yli’ pikirler tu’rlishe detallar arqali’ beriledi. A’sirese, filosofiyali’q ha’m simvolikali’q ma’ni teren’letilgen. Mi’sali’, «Tu’n» qosi’g’i’nda aqshamg’i’

---

[1] Оразымбетов Қ., Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы, Нөкис, «Билим», 2004, 83-б.

ta'biyat kartinasi', wondag'i' ji'm-ji'rtli'q, usi' ma'writtegi ha'reket sheber si'zi'ladi'. Avtor bir sutkani'n' bir bo'legin su'wretlew arqali'-aq original ideyani' wortag'a taslaydi':

Ko'kten si'g'alag'an aydi'n' nurlari'n,
Jami'li'p woypatlar, tawlar qalg'i'ydi'.
Qalg'i'ydi' okean ten'iz qi'rg'ag'i',
Ha'tte pitispegen jawlar qalg'i'ydi'.

Uyqi' tartti'ri'wshi' bunday aqshamda,
Yeki taypa g'ana qalg'i'mawg'a bar.
Biri–uri'lardur payi't an'li'g'an,
Yekinshisi woni'n'–ashi'qlar. (7-bet)

Poeziyali'q shi'g'armalarda qosi'q quri'li'si'ni'n' tiykarg'i' elementi-ba'nt arqali' da belgili bir ko'rkem formalardi'n' qa'liplesiwine tiykar saladi'. Sonli'qtanda da bolsa kerek, a'debiyat teoretikleri ko'binese ba'ntlik formalar degen termindi jiyi isletedi.

Qaraqalpaq poeziyasi'nda yen' kishi ba'nt-eki qatarli' ba'nt. A'dette biz yeki qatarli' qosi'q degende izbe-iz qatari' bir-biri menen uyqasi'p kelgen qosi'qti' tu'sinemiz. Bunday qosi'qlar yeki qatardan da, to'rt qatardan da bir ba'ntke birigiwi, bunday ba'ntlerge bo'linbey de dawam yete beriwi mu'mkin.

Shayi'rdi'n' «Tu'yek», «Wo'ldi shayi'r» qosi'qlari' yeki qatarli' formada jazi'lg'an. «Tu'yek» qosi'g'i' yeki qatarli'q ba'ntlerge quri'lg'ani' menen yeki ba'nti bul qosi'q formasi'ni'n' talabi'na ju'wap bermeydi. Sebebi bul yeki ba'ntte pikirler juwmaqlanbay, keyingi yeki qatarda da dawam yettiriledi.

Sati'rlaydi' won par tuyaqlar,
Toz-toz yetip biyday qi'rmandi'.
Masag'i'nan ayi'ri'p da'ndi,
Aldi' buri'n wo'giz aylandi'.

Al «Wo'ldi shayi'r» qosi'g'i'nda ha'r bir ba'ntte uli'wma pikirdin' belgili bo'legi ja'mlengen.

Wo'ldi shayi'r woti'z bir jasta,
Jerlemedi biraq apari'p.

Wo'zi wo'tpey da'wrani' wo'tti,
A'lpeshlegen a'rmani' wo'tti.

Bul qosi'qta a'rmanli' ketken shayi'rdi'n' ma'n'gi jasaytug'i'n yelesin astarli' ma'nide su'wretlenedi. K.Karimovti'n' bul qosi'qlari'ni'n' ha'r bir ba'nti wo'z aldi'na ba'ntlik intonaciyag'a ha'm i'rg'aqqa iye.

K.Karimovti'n' u'sh qatarli' qosi'qlari' «Okku» degen atama asti'nda berilgen. Bul atama negizinde xoqqu (xaytku)-yapon poeziyasi'nda u'sh qatarli' lirikali'q shi'g'arma boli'p tabi'ladi'. «Xokkude ta'biyat ha'm adam ma'n'gi aji'ralmas xali'nda sa'wlelendiriledi. Ha'r bir xokkude belgili bir qosi'q wo'lshemi saqlanadi'-birinshi ha'm u'shinshi qatarlar bes buwi'nnan, yekinshi qatar jeti buwi'nnan, al ha'mmesi boli'p wonda 17 buwi'nnan ibarat. Xokkude uyqas bolmaydi'»[1].

K.Karimovti'n' u'sh qatarli' qosi'qlari'nda tematikasi' boyi'nsha bir-birine jaqi'nli'q bolg'ani' menen, yapon hokkulerindegi qatan' sha'rtlilik-buwi'n sanlari'ndag'i' wo'lshem saqlanbag'an.

Bir shoq gu'lin u'zdim sirennin',-a
Jag'i'mli' hosh iyiske toldi',-b
Ishi gu'l ka'mbag'al bo'lmemnin',-a

Gu'llep turg'an siren jag'i'nan,-v
Ko'pler wo'tti, biraq ta mennen,-v
Wo'zge na'zer salmadi' wog'an-v (7-8 bet)

Ba'ha'r jazg'a tutasqan waqta-g
Aq gu'l ashti' Amur sireni-d
A'miwdegi ashshi' topi'raqta-g

[1] Квятковский А., Краткий поэтический словарь, М., «Сов.Энциклопедияа», 1966, стр 326.

Bul qosi’qta ana-ta’biyatti’n’ ayani’shli’ awhali’ ba’ha’rgi ko’rinis arqali’ jetkerilgen. Shayi’rdi’n’ u’shliklerinde insan wo’mirindegi keskin payi’tlar, buri’li’slar xaqqi’ndag’i’ pikirler juwmaqlang’an formada sheber jetkeriledi.

Azap-aqi’bet shekken ji’laydi’ bir ji’l ,
Ayrali’qqa tu’sken ji’laydi’ ju’z ji’l,
Shu’kir qi’lmag’anlar mi’n’ ji’l ji’laydi’.

Bul qatarlar bizin’ u’shi’n tani’s ga’pler. Biraq shayi’r usi’ aforistlik qatarlardi’ juwmaqlang’an poetikali’q formag’a keltirip, insan wo’limi haqqi’nda teren’ filosofiyali’q pikirlerdi ja’mlep bergen.

Qosi’qqa ko’rkemlik bag’i’shlap turg’an na’rse de sonnan ibarat, wonda qatarlar belgili bir i’rg’aqqa tu’sip, uyqasqa quri’li’p ha’m sintaksislik birlikke say forma taba ali’wi’ yedi.

K.Karimov lirikasi’nda to’rt qatarli’ qosi’qti’n’ uyqas formasi’ aaab, abab, aaba tu’ri ko’p ushi’rasadi’. Shayi’rdi’n’ bunday formada jazi’lg’an shi’g’armalari’nda hali’qli’q poeziyag’a meyillik bar. Shayi’rdi’n’ uyqas tabi’wlari’, so’z saplawlari’, i’rg’aq quri’wlari’ klassikali’q poeziyani’ yesletedi. Ha’r bir ba’nttin’ aqi’rg’i’ qatari’ni’n’ son’g’i’ so’zi yamasa son’g’i’ qatari’ redif penen juwmaqlanadi’. Shayi’rdi’n’ bunday taqi’lettegi shi’g’armalari’ qatari’na «Keler», «Qaytadan tag’i’», «Inanba», «Bawri’ ken’ du’nya», «Da’wrani’n’ wo’ter», «Yosh kelse», «Qaytar», «Tabi’lmas», «Aq wotaw», «Qalpag’i’m» ha’m t.b. bir qansha qosi’qlari’n atap ko’rsetiwge boladi’. Bul qosi’qlardi’n’ ko’pshiliginin’ ko’rkemligi basqa qosi’q formasi’nda do’retilgen shi’g’armalari’na sali’sti’rg’anda a’dewir da’rejede to’men. Shayi’r ko’pshilik qosi’qlari’nda pikirdi qurg’aq bayanlawg’a qurg’ani’ ko’rinedi. Wolarda didaktizm basi’m.

Ko’zin’di ken’ ashi’p a’lem ko’rmesen’,
Ne yaqshi’, ne yaman parqi’n bilmesen’,
Yar wa’spine jetip da’wran su’rmesen’,
Aqi’bette mi’n’ pushayman jersen’-ha’y

(«Bilsen’ ha’y» qosi’g’i’).

Shayi’rdi’n’ bes qatarli’ qosi’qlari’nda uyqas formasi’ ha’r qi’yli’. «A.S.-g’a» atli’ qosi’g’i’nda birinshi shuwmaqtag’i’ da’slepki to’rt qatari’ mazmunli’q jaqtan uyqasadi’, al besinshi qatari’ tek uyqas ushi’n tan’lap ali’ng’ani’ seziledi. Aldi’n’g’i’ qatarlari’ menen ma’nilik jaqtan baylani’spaydi’:

Diydarlaspaq, ko’rmekke bardi’m,
Dedin’: Dosti’m, ju’regim qa’ste,
Ken’es berdim: -Qaq yerikten je,
Kishmish yemish-ju’rektin’ yemi,
Tawsi’lmag’ay bendenin’ demi.

«Toran’g’i’l tog’aylari’» qosi’g’i’ni’n’ da ha’r ba’nti bes qatarg’a quri’lg’an. Qosi’qta uyqas quwalawshi’li’q ani’q ko’rinip tur. Mazmuni’ sayi’z, ko’rkemligi to’men. Pikirler sezimler qursawi’na qari’si’p biriktirilmegenlikten, qurg’aq ga’p bayanlawi’na usap ketedi. «Toran’g’i’l», «Qi’zi’l ji’n’g’i’l», «Qara tal» g’a arnalg’an qosi’qlar qaraqalpaq poeziyasi’nda I.Yusupov, T.Seytjanov, J.Izbasqanov ha’m tag’i’ basqalar do’retiwshiliginde ko’plep ushi’rasadi’. Mi’sali’, T.Seytjanovti’n’ «Toran’g’i’l» qosi’g’i’n ali’p qarayi’q. Shayi’rdi’n’ bul qosi’g’i’nda toran’g’i’l simvolikali’q obraz da’rejesine ko’terilgen. Wol arqali’ shayi’r tuwi’lg’an jer, ata ma’kan degen ila’hiy tu’sinikti uli’g’laydi’. Qosi’qta shayi’rdi’n’ ishki sezimleri menen ayti’lg’an so’zler woqi’wshi’da emocionalli’q ta’sir qaldi’radi’. Sali’sti’ri’p qarayi’q:

Aldi’n woti’n ushi’n kesip ketti,
Bazi’nda bilqastan wot qoyi’p ketti,
Aqi’ri’ adamlar tu’bine jetti,
Qulag’i’mnan ketpes shuwi’ldi’lari’n’,
Toran’g’i’l tog’aylari’.

(K.Karimov)

Yele an’ toli’ ma Maqpal sayi’n’a,
Tag’i’ nur qondi’ ma ma’kan jayi’n’a
Izlep barag’oysam Shortanbayi’n’a
Shayqali’p aldi’mnan tabi’l, toran’g’i’l. (T.Seytjanov)

Shayi’rdi’n’ ha’zirgi qaraqalpaq poeziyasi’n janrli’q jaqtan talqi’lap qarag’anda, shi’g’armalari’ni’n’ ko’rkemligin artti’ri’wdag’i’ izlenislerin bayqawg’a boladi’. A’sirese, shayi’rdi’n’ kishi lirikali’q janrlari’nan yesaplang’an yekilikler, u’shlikler, to’rtlikler sa’tli shi’qqan. Wolarda mazmun menen ko’rkem forma birligi saqlang’an. Shayi’r poeziyasi’ndag’i’ to’rtliklerge atama qoyi’w qa’siyeti ta’n. Ja’ne de wolarda wo’mirdin’ belgili bir ma’writinin’ kartinasi’ sheber si’zi’li’p beriledi. Soni’n’ menen birge shayi’rdi’n’ alti’li’qlari’ menen segizliklerinde, bes qatarli’ ha’m to’rt qatarli’ qosi’qlari’nda, ayi’ri’m yerkin qosi’qlari’nda ko’rkemlik jaqtan ayi’ri’m kemshiliklerdi de ushi’rati’wg’a boladi’. Ma’selen wolardi’n’ geyparalari’nda pikirler qurg’aq bayanlani’p, ishki sezimler menen suwg’ari’lmag’an. Bul na’rse joqari’da keltirip wo’tken ayi’ri’m lirikali’q shi’g’armalarg’a ta’n.

Juwmaqlap aytqanda, shayi’rdi’n’ janrli’q izlenislerin woni’n’ lirikasi’ni’n’ imkaniyatlari’n ken’eytiw, estetikali’q ta’sirshen’ligin artti’ri’w joli’ndag’i’ umti’li’slari’ si’pati’nda bahalaw mu’mkin. Sonli’qtan da ha’zirgi qaraqalpaq poeziyasi’ni’n’ janrli’q jaqtan bayi’wi’nda, formali’q jaqtan jetilisiwinde shayi’rdi’n’ lirikali’q shi’g’armalari’ belgili wori’n iyeleydi.

## II.2. Shayi’r poemalari’ni’n’ janrli’q wo’zgeshelikleri

K.Karimov lirikani’n’ ha’r qi’yli’ janrlari’nda, sonday-aq, poemani’n’ ha’r qi’yli’ janrli’q-stillik tu’rlerinde shi’g’armalar do’retken shayi’r boli’p tabi’ladi’. Biz jumi’si’mi’zdi’n’ bul bo’liminde shayi’r poemalari’ni’n’ janrli’q wo’zgesheligine toqtawdi’ wo’z aldi’mi’zg’a maqset yetip qoydi’q.

Da’slep bizden poema menen lirikali’q poeziyani’, poemani’n’ ishki tu’rleniwinde epikali’q, lirikali’q poemani’, liro-dramali’q ha’m dramali’q poemalardi’ bir-biri menen sali’sti’ri’w arqali’ wolardi’n’ wo’zine ta’n wo’zgesheliklerin ani’qlap ali’w talap yetiledi. Lirikali’q qosi’q penen poemani’ sali’sti’ri’p ko’rgen waqti’mi’zda, wolardi’n’ uqsasli’q ha’m ayi’rmashi’li’q ta’repleri aydi’nlasadi’. Negizinde, lirikali’q qosi’q ta, lirikali’q poema da shayi’rdi’n’ lirikali’q su’wretlewi arqali’ do’reledi. Biraq, lirikali’q qosi’qta

shayi’rdi’n’ poetikali’q na’zeri wo’mirdin’ yen’ a’hmiyetli kishkene bir bo’lekshesine qarati’ladi’, yag’ni’y wol avtordi’ tolg’andi’ratug’i’n tek bir ma’writlik momentti g’ana sa’wlelendiriwge boysi’ndi’ri’ladi’ ha’m bul halat shayi’rdi’n’ teren’ ruwxi’y keshirmeleri menen suwg’ari’ladi’. Sa’ykes tu’rde woqi’wshi’ da usi’ qi’sqa bir ma’writlik sezimnin’ qursawi’nda jasaydi’. Biraq bir qi’zi’qli’ jeri, lirikali’q qosi’qtag’i’ sol bizdi tolqi’nlandi’rg’an poetikali’q obrazdi’ su’wretlew processi bunnan buyag’i’na dawam yettirile bermeydi. Sebebi, lirikali’q poeziyani’n’ janrli’q wo’zgesheligi ha’m mu’mkinshilik shegarasi’ usi’ni’ talap yetedi. Al epikali’q poemada wo’mir shi’nli’g’i’ tutasi’ menen ali’ni’p, bir neshshe syujetlik liniyalar bir-biri menen duwshakerlesip, epikali’q ken’ planda su’wretlenedi. Sonli’qtan, «lirikali’q qosi’qti’n’ mazmuni’n ayti’p beriwdin’ hesh qanday mu’mkinshiligi joq, qosi’qti’ tek woqi’w arqali’ g’ana tu’sinemiz, al poemalardi’ woqi’p bolg’annan keyin woni’n’ ideyali’q mazmuni’n ayti’p beriwge boladi’»[1].

Ilimiy a’debiyatlarda tasti’yi’qlang’ani’nday, poema-sintetikali’q janr, yag’ni’y lirikali’q ha’m epikali’q elementlerdin’ sintezinen turadi’. Sonli’qtan bolsa kerek, geypara ilimpazlar (L.Timofeev, G.Abramovich, G.Pospelov, I.Sulton, Q.Sultanov, K.Ma’mbetov[2] h.t.b.) poemani’ liro-epikali’q janrdi’n’ formasi’ si’pati’nda qaraydi’. Sonday-aq, mi’na pikir de poemani’n’ usi’ qa’siyetin ko’rsetip beredi: «Poema yerkin quri’lmag’a iye bolg’an janr. Wol wo’zinin’ sintetikali’q janrg’a tiyisli yekenligin da’liyllep, tasti’yi’qtan wo’tkere aldi’. Wonda ken’ ko’lemdegi epikali’q tariyxi’yli’q ha’m lirikali’q sheginisler, filosofiyali’q pikirlew ha’m turmi’sli’q saxnalar, qaharmanli’q ha’m komiklik, izbe-iz realistlik su’wretlew ha’m sha’rtli, simvolikali’q yaki fantastikali’q kartinalar biyma’lel birigip ketedi»[3].

Epikali’q poemalarda qaharmanni’n’ xarakteri turmi’sli’q jag’day tiykari’nda ashi’ladi’. Bunda personajlardi’n’ is-ha’reketlerinde ha’m waqi’yalarg’a qatnasi’nda avtor wo’zin shetke ali’p turg’anday, poemadag’i’ obekt wo’z-o’zinen,

---

[1] Рахимжонов Н. Ўзбек совет адабиётида поэма. Тошкент, 1986, 16-17-бб.
[2] Мәмбетов К. Әдебият теориясы. Нөкис, «Билим», 1995, 187-б
[3] Литературное обозрение. 1973, №9, стр. 47.

biyg'a'rez halda rawajlani'p ati'rg'anday boli'p tu'yiledi. Qi'sqasha aytqanda, shayi'r shaxsi' ha'm subekttin' worni'na waqi'ya ha'm obektiv qaharmanlardi'n' roli arti'p, wolar birinshi plang'a shi'g'i'p ketedi.

Liro-epikali'q poemada wo'mir shi'nli'g'i' waqi'yalar menen lirikali'q qaharmanni'n' ruwxi'y keshirmeleri ha'm woy-pikirlerinin' almasi'p turi'w foni'nda ashi'ladi'. Poemani'n' bunday tu'rinde turmi'sli'q jag'daydan go're lirikali'q qaharmanni'n' ruwxi'y kelbeti basi'mlaw ko'rinedi.

Al lirikali'q poemada bolsa pu'tkilley basqasha su'wretlew manerasi'n gu'zetemiz, yag'ni'y turmi'sli'q jag'day subektiv sezimler menen bu'rkeledi de, shi'g'armag'a obekt bolg'an wo'mir qubi'li'slari'ni'n' ha'mmesi tek g'ana lirikali'q qaharmanni'n' ruwxi'y keshirmeleri ha'm lirikali'q monologinin' u'stemligi asti'nda su'wretlenedi. Demek, lirikali'q qaharmanni'n' turmi'sli'q materialg'a jetekshilik yetiwi, wo'mir shi'nli'g'i'na tuwri'dan-tuwri' qatnas jasawi', du'nya ha'm adam ma'seleleri haqqi'nda jeke wo'zinin' woy-pikirleri, ko'z-qaraslari' ha'm ruwxi'y keshirmeleri arqali' juwmaq shi'g'ari'w jag'daylari' lirikali'q poemani'n' wo'zegi bolg'anli'g'i' ushi'n biz de jumi'si'mi'zdi'n' yendigi jag'i'nda shayi'rdi'n' lirikali'q poemalari'nda qaharman obrazi'ni'n' jasali'w bag'darlari'n ashi'p beriwge ha'reket yetip ko'remiz.

Basqa a'debiy janrlar si'yaqli' lirikali'q poemalarda da qaharmanni'n' xarakterin qa'liplestiriw ha'm rawajlandi'ri'wdi'n' estetikali'q principlerinin' biri-bul konflikt kolliziyalari' boli'p tabi'ladi'. Turmi's haqi'yqatli'g'i' konfliktlerdi keltirip shi'g'aratug'i'n birden-bir derek si'pati'nda xi'zmet atqaradi'. Wo'z gezeginde bul qarama-qarsi'li'qlar lirikali'q poemalardi'n' mazmuni'ni'n' teren'lesiwine, tu'p ma'nisin ashi'p beriwge ha'm lirikali'q qaharmanni'n' xarakterin rawajlandi'ri'wg'a tiykar jarati'p beredi. Lirikali'q poemani'n' konflikti wo'mir shi'nli'g'i'na ta'biyiy ra'wishte jaqi'nli'g'i' ha'm woni'n' menen worganikali'q baylani'sta boli'wi' menen a'hmiyetli. Yeger de, lirikali'q qaharmanni'n' turmi's soqqi'lari'na betpe-bet kelip, woni' jen'ip shi'g'i'w jollari' wo'mir shi'nli'g'i'na logikali'q jaqtan boysi'ndi'ri'lsa, wonda bul jag'day lirikali'q poemani'n' tabi'sli' shi'g'i'wi'na ha'm woqi'wshi'ni'n' di'qqati'n wo'z iyrimine

tarti'p ketiwine sebepshi boladi'. Al yeger de, buni'n' kerisi bolsa, yag'ni'y lirikali'q poemadag'i' konflikt jasalma ta'rizde du'zilse, bul na'rse shi'g'armani'n' salpawi'si'p qali'wi'na, na'tiyjede, woqi'wshi'da isenimsizliktin' payda boli'wi'na ali'p keledi. Sonli'qtan, a'debiy konflikt sharayat, wortali'q ha'm lirikali'q qaharmanni'n' ti'g'i'z baylani'si'na quri'li'wi' kerek. Wolay bolsa, lirikali'q poemalarda konflikt kolliziyalari' ha'm dramatizm momentleri qanday forma ha'm ko'rinislerde su'wretlenedi ha'm bul process epikali'q ja'ne liro-epikali'q poemalardi'n' konfliktinen qanday belgileri menen aji'rali'p turadi'? Birinshi na'wbette, lirikali'q poemadag'i' konflikt lirikali'q qaharmanni'n' qa'lbinde keshiwi menen pari'q qi'ladi'. Bul haqqi'nda wo'zbek a'debiyatshi'si' O.Sharafiddinov bi'lay dep jazg'an yedi: «Lirikali'q poemada turmi'sli'q qarama-qarsi'li'qlar, da'wirdin' tipik konfliktleri lirikali'q qaharmanni'n' keshirmeleri ha'm pikirleri arqali' sa'wlelenedi. Soni'n' ushi'n da lirikali'q poemani'n' tabi'si'n belgileytug'i'n basli' na'rse-lirikali'q qaharmanni'n' wo'mirge qatnasi'»[1]. Belgili wo'zbek a'debiyatshi' ali'mi'ni'n' bul pikirin biz wo'zimizdin' izertlew obekti yetip ali'p woti'rg'an K.Karimovti'n' «Watan» lirikali'q poemasi'n tallaw arqali' da da'lillewge boladi'. Joqari'da aytqani'mi'zday, K.Karimovti'n' bul poemasi' 1980-ji'llari' jazi'li'p, shayi'rdi'n' poema janri'ndag'i' belgili tabi'slari'ni'n' biri boli'p, wonda avtordi'n' lirikali'q poema jazi'w ta'jiriybesin–su'wretlew usi'llari'n, qaharman obrazi'n jasaw ko'nlikpelerin iyelegenligin an'latatug'i'n shi'g'armalar boli'p tabi'ladi'. Belgili wo'zbek ilimpazi' N.Raximjanovti'n' duri's ko'rsetkenindey «Shi'n ma'nidegi lirikali'q poemani'n' negizin jarqi'n lirikali'q xarakter belgileydi. Al, xarakterdin' jarqi'n iskerligin bolsa, keskin dramatizm payda yetedi dew mu'mkin. Jarqi'n xaraktersiz lirikali'q poema, al, keskin dramatizmsiz xarakter bolmaydi'»[2]. Bul ilimiy-teoriyali'q pikirge su'yengen halda K.Karimovti'n' «Watan» lirikali'q poemasi'n tallaw bizge qi'zi'qli' ilimiy-teoriyali'q juwmaqlarg'a keliwge mu'mkinshilik jaratadi'.

---

[1] Шарафиддинов О. Замон, қалб, поэзия. Тошкент, 1962, 113-б.
[2] Рахимжонов Н. Ўзбек совет адабиётида поэма. Тошкент, «Фан», 1986, 62-б

Joqari'da belgilep wo'tkenimizdey, lirikali'q poemani'n' tiykari'n lirikali'q xarakter, qaharmanni'n' woylari', woy keshirmeleri iyeleydi. Waqi'ya ha'm ha'diyseler ashi'qtan-ashi'q su'wretlenbeydi. Usi' ko'zqarastan K.Karimovti'n' «Watan» poemasi'nda lirikali'q qaharmanni'n' a'lwan tu'rli woylari'n an'lawi'mi'zg'a, seziwimizge boladi'. Shi'g'armadag'i' barli'q su'wretlengen ko'rkem du'nya lirik qaharmanni'n' woy yelegi arqali', woni'n' kewil keshirmeleri arqali' wo'tedi, barli'q waqi'yani' lirik kaharmanni'n' wo'zi basi'nan keshiredi. Poema 12 bo'limnen turadi'. Bul 12 bo'limde lirikali'q qaharmanni'n' 12 tu'rli halati', usi'g'an sa'ykes woni'n' kewil keshirmeleri shayi'r ta'repinen emocional ta'sirshen' formada woqi'wshi'g'a jetkerilgen. Bul 12 bo'limde de lirikali'q boyaw, lirikali'q qaharmanni'n' gu'yzelisleri basli' wori'ndi' iyeleydi. Ma'selen, wonda lirikali'q qaharmanni'n' ken' du'nya, ana watan, puxarali'q uri's, milliy tariyxi'mi'z, biyg'am balali'q, Wo'zbekstan diyari'ni'n' go'zzal ma'kanlari', wori'siyat jerleri, Watandarli'q uri's boli'p wo'tken jerlerdegi yeskertkishler, ali's Sibir dalalari', Tu'rkmen sho'lleri, kekse Aral tragediyasi' ha'm tag'i' basqa a'lwan tu'rli jerler haqqi'ndag'i' woylari' birinin' izinen biri kelip, avtor woylari'n toli'qti'ri'wg'a, woy juwmag'i'n shi'g'ari'wg'a, watan degen ken' tu'sinikti konkret obrazg'a ja'mlewge xi'zmet yetedi.

Avtordi'n' Watan haqqi'ndag'i' tu'sinigi ju'da' ken'. Wol tar, woshaq basi' a'n'gimeleri menen sheklenip qali'wdi' qa'lemeydi. Wo'zbekstan ana diyari'n, Qaraqalpaqstandi' pu'tkil du'nya ken'islikleri, tariyxi' kontekstinde ali'p qarawdi' maqul ko'redi. Sonli'qtan da, poema to'mendegi qosi'q qatarlari' menen baslanadi':

«Ba'lki keship wo'tip okeanlardi',
Tawlardi' ko'rermen to'besi qarli',
Ba'lki Afrikani'n' wo'tkir quyashi',
Ku'ydirer turistti ko'riwge ashi'q»[1]

[1] Каримов К. Мениң терезелерим. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1985, 74-б (yendigi mi'sallar usi' kitaptan ali'nadi', qawi's ishinde tek beti ko'rsetiledi).

Bul qatarlar lirikali’q qaharmanni’n’ du’nyag’a degen ko’zqarasi’ni’n’ ju’da’ ken’ yekenliginen, qorshag’an wortali’qqa filosofiyali’q ko’zqaras arqali’ jantasqandi’ maqul ko’retug’i’nli’g’i’nan da’rek beredi. Leykin, du’nyani’n’ qaysi’ ali’s tu’pkiri tuwrali’ woyg’a talmasi’n, lirikali’q qaharmanni’n’ na’zerinen woni’n’ tuwi’lg’an jer haqqi’ndag’i’ woylari’, pikirleri ketpeydi. Ha’miyshe woni’n’ woy qi’yali’nda boladi’. To’mendegi qatarlar usi’nnan da’rek beredi:

«Leykin jasli’g’i’mnan sin’gen qulaqqa,
Bir qosi’q jan’g’i’rar ju’rsem qay jaqta,
Men woni’ umi’tsam, pursat bir demge,
Denem sag’i’ni’shtan ku’l bolar demde» (74-b).

Demek, lirikali’q qaharmanni’n’ pu’tkil du’nya, ali’s yeller tuwrali’ woylari’n woni’n’ tuwi’lg’an jerine degen sag’i’ni’shi’nan bo’lek ali’p qarawg’a bolmaydi’. Buni’n’ ha’mmesi K.Karimovti’n’ «Watan» atli’ shi’g’armasi’ni’n’ avtorli’q koncepciyasi’nda lirikali’q qaharmanni’n’ tutqan worni’ni’n’ wog’ada salmaqli’ yekenliginen da’rek beredi. Avtor poziciyasi’n ko’p jag’dayda lirikali’q qaharmanni’n’ poziciyasi’nan bo’lip ali’p qaraw mu’mkin bolmay qaladi’. Bul na’rse wo’z gezeginde poemani’n’ janrli’q wo’zgesheligin belgilep beredi. Avtor obektiv qaharmanlardi’n’ ha’reketin su’wretlewden ko’re lirikali’q qaharmanni’n’ ishki keshirmelerin, Watan, tuwg’an jer, woni’n’ hasi’l topi’rag’i’, tariyxi’ haqqi’ndag’i’ woylari’n beriwdi maqul ko’rgen. Bul na’rseni avtordi’n’ shi’g’armani’ jazi’wdag’i’ maqseti talap yetken boli’wi’ kerek.

Poemani’n’ aqi’rg’i’ bo’liminde shayi’r du’nyani’n’ ali’s tu’pkirlerinen, ken’isliklerinen tuwg’an ma’kani’ Qaraqalpaqstanni’n’ ta’biyati’, wo’simlikler ha’m haywanatlar du’nyasi’, ku’nge ku’yregen dalasi’, «gu’rsingen» kekse Aral haqqi’ndag’i’ pikirlerine qaytadi’. Sonli’qtan da to’mendegi qatarlardi’n’ ta’biyg’i’yli’g’i’, tuwg’an jerge degen muhabbat penen suwg’ari’lg’anli’g’i’ ko’zge taslanadi’:

«Men sag’an aylang’an bir aqqu quspan,
Sen aydi’nsan’ mag’an, sen mag’an aspan.
Ketsem uzaqlardan kelermen tag’i’,

Qaylardan tabarman wo’zin’dey ma’skan» (86-b).

Demek, lirikali’q qaharman du’nyani’n’ qay jerlerin gezbesin, woni’n’ na’zeri tuwg’an jerge, woni’n’ ko’zge su’rme topi’rag’i’na qarati’lg’an. Woy-du’nyasi’ ana diyari’ni’n’ pa’s-ba’lentlikleri, dashi’w-qi’yabani’, taw-dalalari’ menen ba’nt. Bulardi’n’ hammesi shayi’rdi’n’ lirikali’q poema janri’n tan’lawi’na tiykar bolg’an. Lirikali’q qaharmanni’n’ woylari’ a’piwayi’dan quramali’g’a, daradan qospali’li’qqa qaray bag’darlani’p, lirikali’q xarakterdi jarati’wg’a tiykar boladi’. Bul na’rsenin’ ha’mmesi K.Karimovti’n’ «Watan» lirikali’q poemasi’ni’n’ janrli’q wo’zgesheligin belgilep beredi.

K.Karimov epikali’q poeziyasi’nda liro-epikali’q poemani’ da ushi’rati’wi’mi’zg’a boladi’. Ulli’ rus si’nshi’si’ V.G.Belinskiydin’ aytqani’nday: «poema turmi’s shi’nli’g’i’n su’wretleydi, wog’an qosi’msha wo’mirdin’ iri faktlerine umti’ladi’, jay turmi’sli’q prozag’a jol bermeydi, wo’mirdin’ tek poetikali’q jag’i’n g’ana aladi’»[1] Usi’ ko’zqarastan woni’n’ «A’sirge barabar bir zamat»[2] poemasi’ di’qqatqa i’layi’q. Poema Ulli’ Watandarli’q uri’s qaharmani’, jerlesimiz Juman Qaraqulovti’n’ qaharmanli’g’i’n su’wretlewge arnalg’an. Poema u’sh bo’limnen turadi’. Birinshi ha’m u’shinshi bo’limlerde Watan ushi’n jan bergen jawi’ngerlerdin’ basi’na qoyi’lgan yestelik, wolardi’n’ tuwg’an jerden ali’sta ma’n’gige uyqi’g’a bati’p jati’rg’anli’g’i’ haqqi’ndag’i’ woylari’ berilgen. Mi’sali’, poemani’n’ kiris bo’limindegi to’mendegi qatarlar usi’ni’ da’lilleydi:

Wolar ha’r adi’mda,
Juwi’li’p selge
Biydaylar tolqi’g’an i’zg’ar topi’raqta,
Shi’mbay, Ararattan, Latviyadan kelip
Jati’r Don tu’binde, Zvala jaqta–
U’yinen uzaqta uyqi’lar bati’rlar (70-b).

---

[1] Bul citata to’mendegi kitaptan ali’ndi’: Ахметов С., Есенов Ж., Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. Нөкис, «Билим», 1994, 166-б

[2] Каримов К. Ўақыт минарасы. Қосықлар ҳәм поэма. Нөкис, «Қарақалпақстан» 1981 (yendigi mi’sallar usi’ kitaptan ali’nadi’, qawi’s ishinde tek beti ko’rsetiledi).

Bul ashshi’ turmi’s haqi’yqatli’g’i’. Ulli’ Watandarli’q uri’stag’i’ yerisken jemisimizdin’ jetpis ji’lli’g’i’ kem-kemnen jaqi’nlasi’p kiyati’rg’an ha’zirgi ku’nde woni’n’ qatnasi’wshi’lari’nan tiri qalg’anlari’ da ta’wir-aq siyreksip qaldi’. Wolardi’n’ hu’rmetin jayi’na qoyi’wdi’, ibratli’ islerin wo’sip kiyati’rg’an jas a’wladti’n’ ta’rbiyasi’ ushi’n u’lgi islewdi, qaharmanli’q islerin yel xali’q arasi’nda u’git-na’siyat islewdi tiykarg’i’ wazi’ypa yetip qoyi’lg’an bu’gingi ku’nde qaharman jawi’ngerlerimiz tuwrali’ jazi’lg’an ko’rkem shi’g’armalardi’n’ a’hmiyeti ja’ne de arta tu’sedi. Buni’ duri’s tu’singen K.Karimov wo’tken a’sirdin’ 80-ji’llari’ni’n’ basi’nda-aq qaharman jawi’nger Juman Qaraqulov, woni’n’ yerlik isleri haqqi’nda poema do’retiwdi wo’z aldi’na maqset yetip qoyg’an. Poemani’n’ birinshi ha’m u’shinshi bo’limlerinin’ lirikali’q si’pati’ basi’m bolsa, yekinshi bo’lim tiykari’nan epikali’q xarakterge iye. Woni’n’ kompoziciyasi’nda qara so’z benen jazi’lg’an mag’li’wmat, keyin waqi’yalardi’n’ aq qosi’q penen beriliwi, jaw DZOTi’n joq qi’li’w ushi’n Juman Qaraqulovqa berilgen buyri’qti’n’ awi’zeki so’z stilde beriliwi, Juman menen woni’n’ qurallasi’ Sarkisyanni’n’ qi’ymi’l ha’reketinin’ su’wretleniwi, qaharman psixologiyasi’ni’n’ monolog arqali’ jari’qqa shi’g’ari’li’wi’, peyzajdi’n’, nemec fashistlerinin’ ha’reketlerin u’shinshi betten bayanlani’wi’, aqi’r ayag’i’nda, Juman Qaraqulovti’n’ dushpan DZOTi’n wo’z denesi menen jawi’p, qaharmanlarsha jan tapsi’ri’wi’ shi’g’armani’n’ yekinshi bo’liminin’ epikali’q xarakterinen da’rek beredi. J.Qaraqulovti’n’ bul qaharmanlarsha ha’reketinin’ general Malkinnin’ yeske tu’siriwinde mo’hirlenip qali’wi’, bug’an tiykarlani’p shayi’rdi’n’ poema do’retiwinin’ wo’zi de woni’n’ hu’jjetlik tiykarlari’n belgilep beredi. Demek, poemani’n’ ko’rkem quri’li’si’nda lirikali’q ha’m epikali’q elementlerdin’ sheber tu’rde sintezleniwi shi’g’armani’n’ janrli’q wo’zgesheliginen derek berip turg’anday. Poemani’n’ yekinshi bo’liminin’ bi’lay baslani’wi’ni’n’ wo’z-aq woni’n’ epikali’q xarakterinen da’rek beredi:

«Dushpan pulemeti bas ko’tertpedi. Rotag’a to’beshikti iyelew buyi’ri’lg’an yedi.

Ati’ joq to’beshik
belgili tek te,

Uri’s kartinasi’nda u’sh cifr menen
362 inshi.
Wol u’sh san zil boli’p jatar ju’rekte.
Ba’lki, to’beshikke ju’z adi’mnan kem,
Leykin sen a’were bolarsan’ tekke.
Basi’n’di’ ko’terme,
I’sqi’radi’ woq.
Qaraqulov!
–Ya!
–Buyi’raman Watan ati’nan
Granata al,
Jaqi’nlasi’p jawdi’n’ DZOTi’ taman
Ku’lin ko’kke ushi’r,
Wo’lmewdi buyi’raman!» (71-b)

Bul ko’rsetilgen qatarlarda xarakterlerdin’ dinamikasi’n, waqi’yalardi’n’ rawajlani’wi’ndag’i’ dramatizmdi, uri’sti’n’ ashshi’ haqi’yqatli’g’i’n seziwimizge boladi’. A’skerdi wo’limge jiberip ati’rg’ani’n woni’n’ komandiri biledi, biraq wo’liwge bolmaytug’i’nli’g’i’n tasti’yi’qlawg’a ma’jbu’r. Bir qarag’anda paradoks, qarama-qarsi’li’qli’ jag’day boli’p ko’rinetug’i’n bul tipik ha’diyse qatan’ uri’s da’wirinin’ haqi’yqatli’g’i’n sa’wlelendiriwge xi’zmet yetedi. Usi’nday qarama-qarsi’li’qli’, dramatizmge toli’ ha’diyselerdi tan’lap ali’p, wolardi’ uri’s da’wirinin’ ashshi’ haqi’yqatli’g’i’n su’wretlewge paydalana biliwi shayi’rdi’n’ tabi’si’ boli’p tabi’ladi’. Wo’ytkeni, Juman Qaraqulovti’n’ uri’sta ko’rsetken yerligin tek bir lirikali’q keshirmeler menen, lirikali’q qaharmanni’n’ tek bir ishki woylari’ menen, ishki kolliziya menen beriw ku’tilgen poetikali’q na’tiyjeni bermes yedi. Buni’ duri’s tu’singen shayi’r poemani’n’ waqi’yali’q tiykari’n ku’sheytip, bul waqi’yalarg’a degen avtordi’n’, qaharmanlardi’n’ qatnasi’n konkret su’wretlew arqali’ sol uri’s da’wirinin’ dramatizmin teren’ su’wretlewge yerisken. Buni’ biz to’mendegi qatarlardan abaylawi’mi’zg’a boladi’:

Ana uri’s ushi’n tuwmag’an yedi
Adam wo’ltiriwdi woylamadi’ da.
Insandi’ wo’ltiriw …
woq ati’w degen,
Sumli’q yedi tu’sine de kirmegen.
Ta’g’dir won’-soli’na qaratpay leykin
Dalani’n’ perzentin
albi’rt jigitti,
Watanni’n’ basi’na tuwg’ani’nda ku’n,
Paraxat wo’mirden juli’p a’ketti,
Ha’m jali’n ishine tasladi’ woni’.

Bul qatarlardan, ko’rinip turg’ani’nday-aq, shayi’r milliy qaharmanli’q epostag’i’ ko’terin’ki pafosti’ sheber qollang’an halda ma’rt jawi’nger J.Qaraqulovti’n’ obrazi’n jasay alg’an. Sebebi, wo’z watani’n si’rtqi’ basi’p ali’wshi’lardan qorg’aw joli’nda jan beriw ideyasi’ni’n’ bar ulli’li’g’i’ bizin’ milliy–epikali’q da’stu’rimizde, awi’zeki ha’m jazba a’debiyati’mi’zda ha’m Ku’nxoja, Berdaq, Abbaz, Sadi’q shayi’r do’retiwshiliginde, a’sirese, Ulli’ Watandarli’q uri’s da’wiri poeziyasi’nda ju’da’ ku’shli rawajlang’an[1]. Bul a’debiy da’stu’rdi original tu’rde dawam yettirgen K.Karimov wo’zinin’ «A’sirge barabar bir zamat» poemasi’nda qaharmanni’n’ eposti’n’ bar jetiskenligin duri’s paydalang’an halda wo’z shi’g’armasi’nda lirikali’q ha’m epikali’q da’stu’rdi sheber sintezlep, uri’s da’wirinin’ ashshi’ haqi’yqatli’g’i’n duri’s ashi’p beriwge yerisken. Bul na’rse poemani’n’ janrli’q wo’zgesheligin belgilep bergen. Poemag’a uri’s waqi’yalari’ni’n’ tiykar yetip ali’ni’wi’ woni’n’ bayanlaw stilindegi tragizmge tiykar bolg’an. Biraq, shi’g’armani’n’ jawi’ngerdin’ wo’limi menen juwmaqlani’wi’ wondag’i’ pessimizmdi keltirip shi’g’armaydi’. Kerisinshe, Ulli’ Watandarli’q uri’sta jan bergen jawi’ngerlerdin’ wo’limi biykarg’a ketpegenligin, wolar keleshek a’wladti’n’ paraxat turmi’sta jasawi’ ushi’n wo’z janlari’n da

[1] Ulli’ Watandarli’q uri’s da’wiri poəziyasi’nda qaharmanli’q pafosti’n’ ku’shli rawajlani’w ma’selesi Қ.Жәримбетовтың «Каракалпакская советская поэзия периода Великий отчественной войны (Нукус, 1982)» miynetinde de teren’ izertlengen:

qi'yg'ani'n, wo'sip kiyati'rg'an jas a'wladti'n' wolardi'n' islerine sadi'q boli'wi' za'ru'rligin tasti'yi'qlaydi'. Yag'ni'y, poema belgili da'rejedegi woptimizm menen juwmaqlang'an desek boladi'. Buni' to'mendegi qatarlar da'lilleydi:

Wol bunda jatadi' yendi ma'n'gilik,
Kewillerge toqi'p ali'n'lar zinhar,
Sag'i'ni'p ku'tkenler jen'istin' tan'i'n,
Zvala u'stinen ushqan ti'rnalar (77-b).

Demek, bul qatarlardag'i' «ti'rna» detali'ni'n' wo'zi de lirikali'q qaharmanni'n' tuwg'an jerge degen sag'i'ni'shi'n, mehir-muhabbati'n bildirip turg'anday. Milliy-epikali'q da'stu'rimizdegi, I.Yusupov poeziyasi'ndag'i' «ti'rna» detali'n zamanago'y poeziya talaplari'na sa'ykes tu'rde qollani'wi'ni'n' wo'zi de shayi'rdi'n' belgili da'rejedegi sheberliginen da'rek beredi. Sonli'qtan da a'debiyatshi' ali'm J.Xoshniyazov: «K.Karimovti'n' shi'g'armalari'nda epikali'q ko'rinisleri ayi'ri'mlani'p turadi'. Wol ko'binese ideyani' turmi'sli'q detallardi'n' ja'rdemi menen sa'wlelendiriwge ha'reket yetedi»[1],-degen pikirdi aytqan yedi.

Al, to'mendegi qatarlar bolsa, shayi'rdi'n' ani'q poziciyasi'nan, woni'n' tariyxi'mi'zg'a degen optimistlik qatnasi'nan, uli'wma insaniyli'q ha'm gumanistlik woylari'nan da'rek beredi.

Shaqalar si'ri'g'i'p jemiske
ji'lda,
Sentyabr kelgende yelge baxtiyar.
Yeslen' jawi'ngerdi baxi'tli' ullar
Shashi'na aq bantik baylag'an qi'zlar.
Wolar keshe
qi'rshi'n ketken jigitler,
Bizlerdin' bu'gingi baxti'mi'zg'a yar!
Wolar–
jaqsi' niyet, jaqsi' u'mitler,
Wolar–wo'lmeytug'i'n hasi'l a'rmanlar.

[1] Хошниязов Ж. Поэзиямыздың ҳәзирги бағдары ҳаққында. Әдебий сәўбет// «Әмиўдәрья», 1989, №1, 87-б

K.Karimovti’n’ «Jigirmalanshi’ a’sir sazasi’» poemasi’ni’n’ ko’rkem quri’li’si’nda da lirikali’q qaharman, avtor subektleri basli’ wori’ndi’ iyeleydi. Biraq ta woni’n’ biz tallap wo’tken «Watan» poemasi’nan bir qansha wo’zgesheligi bar. Avtor shi’g’armani’ a’piwayi’ to’rt qatar qosi’q penen jazbastan, verlibr formasi’ndag’i’ bayanlaw stili arqali’ wo’z woylari’n beriwdi’ maqul ko’rgen. Shi’g’arma bastan ayag’i’na birinshi betten, yag’ni’y avtordi’n’ meni arqali’ bayanlana bermesen, wog’an obektiv xarakterge iye «SSSR dep atalg’an yeldin’ dawi’si’», «Bati’s yevropa sazasi’», «Amerika materiginin’ dawi’si’», «Jaqi’n Shi’g’i’s dawi’si’» usag’an bayanlaw subektleri arqali’ da shi’g’armani’n’ ideyasi’ jari’qqa shi’g’ari’lg’an. Bul na’rse shi’g’armada tek lirikali’q sezim ha’m woy keshirmelerdin’ u’stemlik yetip ketpesten, wog’an obektiv si’patqa iye pikirlerdin’, ha’tte, dialoglardi’n’, shaqi’ri’q-su’ren tipindegi so’zlerdin’ ha’m tag’i’ basqa publicistikali’q xarakterdegi so’zlerdin’ yenisip ketiwine imkaniyat jaratqan. Uli’wma, K.Karimovti’n’ ti’ni’shli’q, ti’ni’shli’qti’ qorg’aw, yadroli’q uri’sti’n’ aldi’n ali’w haqqi’ndag’i’ jazi’lg’an bul poemasi’nda tek lirikali’q qaharmanni’n’ obrazi’ menen sheklenip qali’nsa avtordi’n’ alg’a qoyg’an maqsetine yerisiwine jeterli bolmas yedi. Du’nya yellerin paraxatshi’li’qti’ qorg’awg’a, biyg’am bolmawg’a shaqi’ri’w avtordi’n’ tiykarg’a maqseti yedi. Buni’n’ ushi’n shayi’rg’a publicistikali’q poemani’n janrli’q ta’biyati’ toli’q juwap berer yedi. Soni’n’ ushi’n da shayi’r «Jigirmalanshi’ a’sir sazasi’» degen atamani’ qoyi’w arqali’-aq shi’g’armani’n’ janrli’q wo’zgesheligin, woni’n’ publicistikali’q xarakterin belgilep berip turg’anday. Demek, K.Karimov poeziyasi’nda publicistikali’q poemani’n’ da wo’zine ta’n worni’ bar. Buni’ biz poemani’ tallaw arqali’ biliwge miyasar boldi’q.

K.Karimov poeziyasi’nda dramali’q poema da basli’ wori’ndi’ iyeleydi. Bug’an woni’n’ «Muhabbat qi’ssasi’»[1] poemasi’ mi’sal bola aladi’. XX a’sir qaraqalpaq poeziyasi’nda poemani’n’ bul tu’ri I.Yusupov, T.Seytjanov, J.Izbasqanov, N.To’reshova ha’m tag’i’ basqalardi’n’ do’retiwshiliginde bir qansha ko’rinislerine iye. K.Karimov bolsa wo’tmishtegi ruwli’q-feodalli’q

[1] Каримов К. Мениң терезелерим. Қосықлар ҳәм поэмалар. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1988, 88-147-бб

ja’miyettegi muhabbat ma’selesinin’ bar tragizmin su’wretlewde dramali’q poemani’n’ ko’rkem formasi’ni’n’ poetikali’q mazmundi’ woqi’wshi’g’a jetkeriwge ju’da’ mas keletug’i’nli’g’i’n duri’s an’lag’an. Wo’ytkeni, ilimpazlardi’n’ duri’s ko’rsetkenindey, «…poemada syujettin’ i’qsham boli’wi’ emocional, ta’sirshen’ momentlerdin’, keskin dramali’q jag’daylardi’n’ jiyi-jiyi ha’m ku’tilmegende ushi’rasi’p woti’ri’wi’ a’hmiyetli wori’n tutadi’»[1]. Rasi’nda da, milliy-epikali’q da’stu’rimizdegi «Qos ashi’q» qi’ssasi’n ha’zirgi poemashi’li’g’i’mi’zda paydalani’wdi’ maqul ko’rgen shayi’r bug’an dramali’q poemani’n’ janrli’q ta’biyati’ni’n’ ju’da’ mas keletug’i’nli’g’i’n duri’s tu’singen. Sebebi, wo’tmishtegi bir-birine ashi’q jaslardi’n’ ta’g’dirindegi dramatizmge toli’ halatlardi’, qarama-qarsi’li’qli’ waqi’yalardi’, tragediyali’q momentlerdi duri’s sa’wlelendiriw ushi’n dramali’q poemani’n’ janrli’q ta’biyati’ mol imkaniyatlar yesigin ashqan bolar yedi. Wo’ytkeni, dramali’q poema avtori’ personajlar arasi’ndag’i’ keskin dialogqa, wolardi’n’ dinamikali’q ha’reketine, xarakterlerdin’ rawajlani’w evolyuciyasi’na, woqi’wshi’g’a degen emocionalli’q ta’sirshen’likke, keskin konflikt penen kolliziyalarg’a u’lken itibar qarati’w arqali’ wo’z ko’rkem koncepciyasi’n toli’q jarata alar yedi.

Poemani’n’ ekspoziciyasi’nda shi’g’armag’a qatnasi’wshi’ qaharmanlar haqqi’nda mag’li’wmat beriledi. Wolar: Aysuli’w, A’met, Babajan, Ayi’m ju’zbasi’, Arti’q, Muri’n biy, Arzi’ biy, xan, wa’zir, shopan bala, zamanago’y qi’z ha’m jigit, no’ker, shabarman ha’m basqalar. Buni’n’ izinen zamanago’y qi’z benen jigittin’ so’zleri beriledi. Wolardi’n’ so’zlerinen biz poemani’ jazg’andag’i’ avtordi’n’ niyetin, maqsetin bile alami’z. Poemani’n’ ko’rkem tekstine di’qqat awdarayi’q:

Zamanago’y qi’z benen jigit

Jigit

Keshegi wo’mirde turadi’ wo’tmish,
Yerten’ aylanadi’–bu’gin wo’tmishke.

[1] Ахметов С., Есенов Ж., Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. Нөкис, «Билим», 1994, 166-б

Toqta!
Bir zamatqa woylarg'a tali'p,
Wo'tken zamanlardi' alayi'q yeske.

Qi'z

Kel biz wo'tkenlerdi alayi'q yeske,
Arzi'w-a'rmanlardi' alayi'q yeske,
A'ziz qurbanlardi' alayi'q yeske.

Jigit

Qos ashi'q qi'ssasi'n alayi'q yeske,
Muhabbat qi'ssasi'n alayi'q yeske.

Ekewi

Yeger wo'tmishti biz ilmesek ko'zge,
Keleshek qaynaqay tas atar bizge![1]

K.Karimov shayi'r babami'z Berdaqti'n' «Aqmaq patsha» poemasi'n jazi'wi'ni'n' sebebin tu'sindire woti'ri'p:

«Qoli'ma duwtar alg'anda,
Aq da'rya betke barg'anda,
Bir qi'ssani' woqi'g'anda,
Ko'p yad yetip ju'rdim woylap»[2]

-degen jazba–a'debiy da'stu'rine sadi'q qalg'an halda, ashi'qli'q qi'ssasi'ndag'i' motivlerdi zamanago'y realistlik poemani'n' poetikasi'na sheber tu'rde yendiriwge umti'lg'an. Wo'ytkeni, avtor muhabbat temasi'na arnalg'an dramali'q poemani'n' janrli'q ta'biyati'na Shi'g'i's xali'qlari' awi'zeki a'debiyati'ndag'i' ashi'qli'q qi'ssalari'ni'n', da'stanlari'ni'n', wolardi'n' obrazlar sistemasi'ni'n', motivlik elementlerinin' ju'da' mas keletug'i'nli'g'i'n duri's an'lag'an[3]. Biraq ta, shayi'r ken' tarqalg'an bul ashi'qli'q qi'ssalari'na original tu'rde jantasqan. Basqasha aytqanda, shayi'r wo'z shi'g'armasi'ni'n' waqi'yalari'n a'piwayi' to'rt qatarli'

---

[1] Каримов К. Мениң терезелерим. Нөкис, «Qarakalpaqstan», 1985, 88-б
[2] Бердақ. Таңламалы шығармаларының жыйнағы. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1977. 213-б
[3] Ashi'qli'q da'stanlari'ni'n' qaraqalpaq lirikasi'na ta'siri haqqi'nda. Qaran'i'z: Жәримбетов Қ. XIX әсир қарақалпақ лирикасының жанрлық қәсийетлери ҳәм раўажланыў тарийхы. Нөкис «Билим», 2004, 45-53-бб

qosi’q formasi’ menen bayanlamastan, dramali’q bayanlaw stilin–personajlardi’n’ bir-biri menen so’ylesiw usi’li’n tan’lap alg’an. Na’tiyjede, shi’g’arma waqi’yalari’ bastan ayag’i’na 3-betten bayanlanbastan, al, personajlardi’n’ wo’z so’zleri, wo’z woylari’, bir-biri menen so’ylesikleri formasi’nda berilgen. Bul bayanlaw stili ali’s wo’tmishimizdegi bir-birine ashi’q jaslardi’n’ tragediyali’q wo’mirin ta’sirli yetip su’wretlewge mas keler yedi. Basqasha aytqanda, avtordi’n’ wo’tmish a’debiyati’ndag’i’ tragediyali’q motivlerge degen qatnasi’, wolarg’a ko’zqrasi’ personajlar arqali’ jari’qqa shi’g’ari’ladi’. Bul na’rse K.Karimovti’n’ «Muhabbat qi’ssasi’» poemasi’ni’n’ indvidualli’q wo’zgesheligin belgilep bergen dep woylaymi’z. Wo’ytkeni, wo’tmish waqi’yalari’n qurg’aq avtor so’zleri menen bayanlay beriw shi’g’arma waqi’yalari’ni’n’ zerigerli tu’s ali’wi’na, woqi’wshi’larg’a degen ta’sirinin’ keskin kemeyip ketiwine ali’p kelgen bolar yedi. Buni’ duri’s tu’singen K.Karimov dramali’q poemag’a personaj si’pati’nda qatnasi’wshi’ qaharmanlardi’n’ so’zlerine, qi’ymi’l-ha’reketlerine, mimikalari’na u’lken di’qqat qarati’w arqali’ shi’g’arma waqi’yalari’ni’n’ rawajlani’w wo’zgesheligin belgilep beredi. Bir-birine ashi’q A’met penen Aysuli’wdi’, wolardi’n’ jasi’ri’n ushi’rasi’wlari’n, bir-birine degen i’nti’g’i’wlari’n, wolardi’ si’rti’nan baqlap turg’an anani’n’ ha’reketlerin ko’riw arqali’ woqi’wshi’ da’rriw-aq waqi’yani’n’ keleshek rawajlani’wi’ usi’ jaslardi’n’ ta’g’diri menen ti’g’i’z baylani’sli’ yekenligin an’lap aladi’. Dramali’q shi’g’armalardag’i’ da’stu’riy konflikttin’ rawajlani’w ni’zamli’g’i’na muwapi’q bir-birine ashi’q jaslardi’n’ arasi’na Muri’n biy kelip sug’i’li’sadi’. Wol Aysuli’wg’a Babajan qazi’ ta’repten jawshi’ yetip jiberilgen. Qazi’ Aysuli’wdi’ hayal u’stine almaqshi’. Demek, usi’ jerden baslap shi’g’armani’n’ konfliktinin’ rawajlani’wi’nda jan’a basqi’sh ju’zege keledi. Bir ta’repten–A’met, Aysuli’w, Xansuli’w ha’m anani’n’, yekinshi ta’repten–Babajan qazi’ ha’m Muri’n biylerdin’ ta’reptarlari’ni’n’ arasi’nda gu’res baslanadi’. Bul gu’res a’ste-a’ste keskinlese baslaydi’. Shi’g’armani’n’ syujetinin’ kulminaciyasi’na kelip A’met penen Aysuli’w qashi’p ketedi, biraq, wolar ko’p uzamay quwg’i’nshi’larg’a tuti’ladi’. Al, syujettin’ bunnan keyingi basqi’shi’nda A’met Xiywa xani’ni’n’ sheshimine muwapi’q wo’ltiriledi, buni’ ko’rgen qi’z

Aysuli’w da wo’z jani’na qas yetedi. Demek, K.Karimov Shi’g’i’s a’debiyati’ndag’i’ ashi’qli’q qi’ssalari’ni’n’ syujetlik rawajlani’wi’na, woni’n’ sheshimine sadi’q qalg’an halda, qaharman obrazi’n jasawg’a umti’lg’an. Shi’g’armani’n’ juwmag’i’nda ja’ne qi’z benen jigit a’debiy saxnag’a shi’g’adi’ ha’m woqi’wshi’g’a qarata to’mendegi so’zlerdi bayanlaydi’:

Jigit

Tan’ ati’p kiyati’r yedi Shi’g’i’stan
A’tten’ wolar tan’di’ ko’re almay ketti.

Qi’z

Shiyrin arzi’w-a’rman qaldi’ wolardan
Hadali’y muhabbat qaldi’ wolardan
Muhabbat qi’ssasi’ qaldi’ wolardan.

Shi’g’armani’n’ finali’ndag’i’ jigit penen qi’z ta’repten ayti’lg’an bul so’zler ha’zirgi zamanni’n’ shan’araq quri’w bari’si’ndag’i’ jetiskenliklerimizdin’ qa’dirine jetiwge shaqi’ri’p turg’anday. Wo’ytkeni, bir-birine ashi’q jaslardi’n’ wo’z ta’g’dirlerin wo’zleri quri’wi’ndag’i’ yerkinlikke birden yerisilgen joq. Bug’an, ata-babalari’mi’zdi’n’ a’sirler boyi’ndag’i’ ti’ni’msi’z gu’resleri, qurbanlari’ arqali’ yerisildi. Avtordi’n’ shi’g’armani’ jazardag’i’ tiykarg’i’ niyeti menen maqseti de wo’tmish waqi’yalari’nan duri’s juwmaq shi’g’ari’w, bu’gingi turmi’si’mi’zdi’n’ qa’dirine jetiw ideyasi’n alg’a taslaw boli’p tabi’ladi’. Usi’ na’rse K.Karimovti’n’ bul dramali’q poemasi’ni’n’ ideyali’q-tematikali’q ha’m ko’rkemlik quni’n janrli’q wo’zgesheligin belgilep beredi.

Uli’wmalasti’ri’p aytqanda, K.Karimovti’n’ joqari’da tallap wo’tilgen shi’g’armalari’ arqali’ biz woni’n’ poemani’n’ janrli’q ta’biyati’n sheber men’gergeninn’ gu’wasi’ bolami’z. Ma’selen, «XX a’sir sazasi’» poemasi’ndag’i’ paraxatshi’li’qti’ qorg’awg’a baylani’sli’ waqi’yalar avtordi’n’ niyetine bola publicistikali’q poemani’n’ janrli’q ta’biyati’na say su’wretlengen bolsa, «A’sir a’psanasi’»ndag’i’ tap usi’nday uri’sti’ qaralaw ha’m paraxatshi’li’qti’ qorg’aw ma’seleleri dramali’q poemani’n’ janrli’q ta’biyati’na baylani’sli’ berilgenin ko’remiz. Wo’ytkeni, bir-birine usas tematikag’a ko’rkem forma tan’lawda

avtordi’n’ yendirgen jan’ali’g’i’ sonnan ibarat, birinshi poemada publicistikali’q stilge basi’m wori’n aji’rati’lg’an bolsa, yekinshi poemada qaharmanlardi’n’ wo’z so’zlerine u’lken ju’k arti’lg’an. Al, avtordi’n’ «Watan» poemasi’ lirikali’q qaharmanni’n’ woy-keshirmelerine quri’lg’an. Bul da avtordi’n’ niyeti menen baylani’sli’. Wo’ytkeni lirikali’q poemani’n’ janrli’q ta’biyati’ da usi’ni’ talap qi’lar yedi. «Muhabbat qi’ssasi’» poemasi’ bolsa, avtor ta’repinen dramali’q poema retinde jazi’lg’an. Sebebi, wo’tmishtegi bir-birine ashi’q jaslardi’n’ ta’g’dirindegi dramatik waqi’yalardi’, tragediyali’q momentlerdi su’wretlewge poemani’n’ usi’ tu’rinin’ janrli’q ta’biyati’ ju’da’ mas keler yedi. Shayi’rdi’n’ «A’sirge barabar bir zamat» poemasi’nda qaharmanni’n’ Ulli’ Watandarli’q uri’stag’i’ qaharmanli’g’i’n su’wretlewge ha’m wog’an degen degen avtorli’q poziciyani’ beriwge wo’zinde lirikali’q ha’m epikali’q elementlerdi ja’mlestirgen liro-epikali’q poema janri’ sa’ykes keler yedi.

Juwmaqlasti’ri’p aytqanda, K.Karimov joqari’da biz tallap wo’tken poemalari’nda usi’ janrdi’n’ ko’rkem ta’biyati’na say qaharmanlar obrazi’n jasag’anli’g’i’n ko’remiz. Bul na’rse wog’an ha’zirgi qaraqalpaq poema janri’n rawajlandi’ri’wg’a u’les qosi’wg’a imkaniyat jaratqanli’g’i’n an’lawi’mi’g’a boladi’.

# III bap. K.Karimov poeziyasi’nda qaharman obrazi’ni’n’ jasali’w wo’zgesheligi

## III.1. Shayi’r lirikasi’nda qaharman obrazi’ni’n’ jasali’w wo’zgeshelikleri

Shayi’r Ken’esbay Karimov lirikalari’ shayi’rdi’n’ intelektual, filosofiyali’q ko’zqaraslari’ menen ishki sezimler du’nyasi’ni’n’ sa’wleleniwinin’ qari’spasi’nan ibarat. Shayi’r ideyasi’n woqi’wshi’g’a jetkerip beriwde lirikali’q qaharman obrazi’n sheber jasawdi’n’ a’hmiyeti u’lken. Biz shayi’r poeziyasi’nda lirikali’q qaharman ha’m lirikali’q qaharman xarakterin jarati’w usi’llari’na wo’tpesten aldi’n a’debiyattani’w ilimindegi lirikali’q qaharman ha’m woni’n’ lirikali’q personaj yaki shayi’r «men»inen wo’zgesheligin bilip ali’wdi’ maqul dep yesaplaymi’z. Geypara poeziyali’q shi’g’armadag’i’ monologti’ ayti’wshi’ birinshi bet, yag’ni’y woni’n’ «men»in lirikali’q qaharman dep yesaplaydi’. Lirikada avtordi’n’ «meni» romandag’i’ personajdi’n’ wazi’ypasi’n atqaradi’. Hesh bir shayi’r da turmi’sta bolmag’an ideyani’ woylap tappaydi’, al turmi’sli’q ideyani’ sezimler arqali’ beredi.

A’debiyattani’w iliminde lirikali’q qaharman tu’sinigi biraz waqi’ttan beri talas-tarti’sli’ pikirlerdi payda yetip kelgenligi ma’lim. Sonli’qtan lirikali’q qaharman tu’sinigi boyi’nsha ko’pshilik ali’mlar wo’zlerinin’ ko’zqaraslari’n bildirip wo’tken yedi. Bir qatar a’debiyatshi’lar lirikali’q qaharman-bul avtordi’n’ wo’zi dese, bazi’ bir ali’mlar lirikali’q personajda shayi’r obrazi’n ko’redi. Geypara poeziyali’q shi’g’armalardag’i’ monologti’ ayti’wshi’ birinshi bet, yag’ni’y «men»di lirikali’q qaharman dep yesaplaydi’. Sonli’qtan, da’slep lirikali’q personaj, lirikaliq qaharman, shayi’r «men»i haqqi’nda tu’siniklerge toqtap wo’tkenimiz maqul.

Belgili wori’s si’nshi’si’ V.G.Belinskiy «Poeziyani’n’ tu’r ha’m janrlarg’a bo’liniwi» maqalasi’nda avtor subektinin’ konkret turmi’sli’q materialg’a sin’ip ketetug’i’ni’n, al lirikada turmi’sli’q material avtor subektine jedirilip jiberiletug’i’ni’n aytqan yedi. Demek, ha’r yeki jag’dayda da turmi’sli’q material ha’m avtor subekti wo’z-ara aji’ralmas birlikti saqlaydi’.

A’debiyattani’w iliminde, soni’n’ ishinde qaraqalpaq a’debiyati’nda lirikali’q qaharman tu’sinigi boyi’nsha S.Axmetov[1], K.Xudaybergenov[2], Q.Ja’rimbetov[3], Q.Worazi’mbetov[4] ha’m basqada bir qansha ilimpazlardi’n’ pikirleri bar.

A’debiyattani’w atamalari’ni’n’ wori’ssha-qaraqalpaqsha tu’sindirme so’zliginde[5] lirikali’q qaharman haqqi’nda bi’layi’nsha ani’qlama beriledi: «Lirikali’q poeziyada su’yinishi-ku’yinishleri, kewil keshirmeleri, arzi’w a’rmanlari’ sa’wlelengen adam obrazi’. Lirikali’q poeziyada atqari’wshi’ men avtor jeke wo’zinin’ woy sezimlerin beretug’i’n ko’rkem obraz». Al, a’debiyatshi’ B.Genjemuratov lirikali’q qaharman haqqi’nda bi’lay deydi: «…ha’r ta’repleme izertlewlerdin’ na’tiyjesinde lirikali’q qaharman ha’m shayi’r yekewi bir na’rse, bir tu’sinik degen pikirdin’ wo’zi de qa’te ko’zqaraslarg’a ali’p keledi degen juwmaqqa keldik. Lirikali’q qaharman tu’sinigi shayi’rg’a sali’sti’rg’anda ken’ mazmundi’ wo’z ishine qamti’ydi’. Poeziyali’q shi’g’armada birinshi bet-«men»nin’ monologi’ boli’wi’ mu’mkin, biraq wonda emociyali’q gradaciyalar joq yeken, ha’tteki wol iri ko’lemli qosi’q bolsa da, lirikali’q do’retpe dep ta’n ali’nbaydi’, lirikali’q qaharman tuwrali’ ga’p boli’wi’ da mu’mkin yemes»[6],-dep jazadi’.

V.Belinskiy, N.Cherni’shevskiy ha’m basqada rus klassik jazi’wshi’lari’ni’n’ kritikali’q maqalalari’nda shayi’rdi’n’ ruwxi’y du’nyasi’ woni’n’ shi’g’armalari’nda so’zsiz ko’rinetug’i’nli’g’i’ bir neshe ma’rte ayti’lg’an ha’m ayti’lmaqta.

A’debiyatshi’ K.Qudaybergenov «Lirikada geroy ma’selesine» atli’ maqalasi’nda lirikali’q qaharmandi’ «shayi’rdi’n’ ruwxi’y du’nyasi’»ni’n’ jemisi yekenligin aytadi’. Biraq, avtordi’n’ aytqani’nday, shayi’rdi’n’ ruwxi’y du’nyasi’

---

[1] Ахметов С. Қарақалпақ совет поэзиясы. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1988, 88-б
[2] Худайбергенов К. Лирика ҳәм өмир. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1971; Usi’ avtor. Дәуир ҳәм парыз. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1989
[3] Жәримбетов Қ. XIX әсир қарақалпақ лирикасының жанрлық қәсийетлери ҳәм раўажланыў тарийхы. Нөкис, «Билим», 2004
[4] Оразымбетов Қ. Ҳәзирги дәўирдеги қарақалпақ лирикасында көркемлик излениўшилик. Нөкис, «Билим», 1992
[5] Ахметов С., Есенов Ж., Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. Нөкис, «Билим», 1994, 115-116-б
[6] Генжемуратов Б. М.Сейтниязовтың «Ўатан гедайы» поэмасында лирикалық қаҳарман характери. Түркий халықлар әдебиятының гейпара мәселелери. Нөкис, 2004, 19-21-б

termininin’ mazmun shegarasi’ bu’gingi ku’nde ku’ta’ ken’eytirilip jiberilgen[1]. Bul termindi V.G.Belinskiydin’ qanday ma’nide qollang’ani’na di’qqat awdarayi’q. Wol «M.Lermontovti’n’ qosi’qlari’» maqalasi’nda ha’r qanday shayi’r g’ana wo’zi haqqi’nda aytqanda ko’pshilik adamzat haqqi’nda aytatug’i’ni’n uqti’radi’, al u’lken talantqa iye bolmag’an shayi’rdi’n’ g’ana wo’zinin’ jeke qayg’i’-quwani’shlari’ menen sheklenetug’i’ni’n, wo’zinin’ «shi’ri’ldag’an» dawi’si’nan wo’zi la’zzetlenetug’i’ni’n aytadi’. Shayi’rdi’n’ tvorchestvoli’q miynetinin’ negizinde woni’n’ ruwxi’y du’nyasi’ jatatug’i’nli’g’i’n ha’m woni’n’ shi’g’armalari’ni’n’ xarakterin tu’sindiriwde birinshi gezekte woni’n’ ruwxi’y du’nyasi’ boli’w kerekligin aytadi’. V.G.Belinskiydin’ pikirinshe, «ha’r qanday qosi’q jazg’an adam wo’zinin’ ruwxi’y du’nyasi’n shi’n ma’nisinde ashi’p bere almaydi’, kim shayi’r boli’p tuwi’lsa, sol g’ana wo’z ruwxi’y du’nyasi’n ashi’p bere aladi’. Yekinshiden, jarli’ ruwxi’y du’nya yemes, al tek bay ruwxi’y du’nya g’ana izertlewge turarli’q. U’shinshiden, ha’r bir adamni’n’ ruwxi’y du’nyasi’ shi’n ma’nisindegi ruwxi’y du’nya boli’p yesaplana bermeydi, al biraz adamlardi’n’ ruwxi’y du’nyasi’ jarli’ boli’p, jaman islengen su’wretke usaydi’, qansha uri’nsan’ da bunday su’wretlerde terekti u’yilgen sho’pten, atti’ taydan, ag’ash tu’birdi adamnan ayi’ra almaysan’.

Bizin’ ushi’n du’nyada wo’z kelbetine iye bolmag’an jarli’ ruwxi’y du’nyalardi’n’ bar yekenligin, tilekke qarsi’, wolardi’n’ wo’z kelbetine iye ruwxi’y bay du’nyalarg’a qarag’anda a’dewir ko’pligin ha’m shayi’rdi’n’ ruwxi’y du’nyasi’ qansha bay bolsa, woni’n’ sonsha ku’shli shayi’r bolatug’i’nli’g’i’n ayti’wdi’n’ wo’zi jetkilikli»[2]. Al ha’zirgi ku’nde shayi’rdi’n’ ruwxi’y du’nyasi’ terminin shayi’rdi’n’ minez qulqi’n da, wo’mir tariyxi’n da, turmi’sli’q ta’jiriybesin de wo’z ishine qamti’ytug’i’n termin retinde tu’siniwshiler ko’p. Shi’ni’nda da, ko’rkem shi’g’armani’n’ ideyali’q-ko’rkemlik quni’n belgilewde sol turmi’sli’q fakttin’ shayi’rdi’n’ wo’mir tariyxi’nda bolg’ani’ yaki bolmag’ani’, wo’z ko’zi menen ko’rgeni yaki ko’rmegeni hesh qanday a’hmiyetke iye yemes.

[1] Худайбергенов К. Лирика ҳәм өмир. Нөкис, «Қарақалпақстан», 5-б
[2] Белинский В.Г. Собрание сочинений в 3-х томах, t.3, стр. 373

Biraq, a’debiyatti’n’ barli’q janrlari’nda da avtor turmi’sli’q materialdi’ wo’z ju’regi arqali’ wo’tkeriwi, wo’zinin’ jan sezimi menen suwg’ari’wi’ sha’rt. Bul, lirikag’a da ta’n boli’p, wonda shayi’rdi’n’ ruwxi’y du’nyasi’ni’n’ bayli’g’i’, fantaziyasi’, joqari’ adamgershilik sezimleri tuwri’dan-tuwri’ epikali’q shi’g’armalardag’i’day basqa personajlar arqali’ yemes, al lirikali’q «men»i arqali’ beriledi. Bul wori’nda Pushkin, Lermontovlardi’n’ qosi’qlari’nda qaysi’ fakttin’ shayi’r wo’mirinde ushi’rasqani’n yaki ushi’raspag’ani’n an’g’ari’w mu’mkin yemesligin ayti’wdi’n’ wo’zi jetkilikli.[1]

Demek, lirikali’q qaharman obrazi’n jasaw ushi’n faktti’n’ bibliografiyali’li’g’i’ni’n’ hesh qanday a’hmiyetke iye yemesligin ko’remiz. Yen’ tiykarg’i’si’–lirikali’q qaharmanni’n’ woy-sezimlerin juwmaqlasqan boli’wi’nda, basqalarg’a da ta’sir jasarli’q da’rejede teren’ ha’m ko’rkem beriliwinde, joqari’ adamgershilik ideyalari’n tasti’yi’qlay ali’wi’nda boli’p yesaplanadi’. Bul wori’nda, lirikada obektiv haqi’yqatli’qti’n’ sa’wleleniwi menen shayi’rdi’n’ ruwxi’y du’nyasi’ woy sezimleri’ni’n’ beriliwi ma’selesin aralasti’ri’p jibermew kerek. Bular birin-biri biykarlaytug’i’n yaki’ bir-birine qarama-qarsi’ keletug’i’n ma’sele yemes, al birin-biri toli’qti’ratug’i’n, wo’z-ara birigip ketetug’i’n ma’seleler boli’p yesaplanadi’. Yag’ni’y, lirikali’q qaharmanni’n’ tiykari’n obektiv haqi’yqatli’q quraydi’ ha’m wol shayi’rdi’n’ subekti arqali’ wo’tse g’ana lirikali’q shi’g’armada konkret formag’a iye boladi’.

Shayi’rdi’n’ wo’z ko’kiregin ken’ ashi’p taslawi’–bul woni’n’ woyi’na ne kelse soni’ ayta beriwi, juwapkersizligi yemes, al woni’n’ xali’q ag’i’mi’n tolqi’nlandi’ri’wshi’ turmi’s ha’diyselerine bolg’an ko’zqarasi’n ko’rkem bere ali’wdi’ an’latadi’. Bul ko’zqaras arqali’ beriliwshi ideyani’n’ shen’beri avtordi’ g’ana yemes, al pu’tkil ken’ xali’q ko’pshiligin wo’z ishine aladi’. A’ne sonli’qtan da lirikali’q qaharman atamasi’ shayi’r obrazi’ termininen ken’, wol juwmaqlawshi’ boli’p yesaplanadi’. Soni’n’ menen bir waqi’tta lirikali’q qaharmanda shayi’rdi’n’ basqalardan wo’zgesheligi de wo’z sa’wlesin tabadi’.

[1] Худайбергенов К. Дәуир ҳәм парыз. Әдебий критикалық мақалалар. Нөкис. «Қарақалпақстан», 1987, 29-30-бб.

M.Isakovskiy «poeziyada haqi’yqat original shayi’r boli’w, hesh kimge usamaw–bul yen’ da’slep wo’zinshelikti saqlap qali’wdi’ bildiredi. Bul–poeziyada wo’zindegi adamgershilik si’patlardi’, ruwxi’y bayli’qti’n’ ku’shin ko’rsetiwdi an’latadi’»[1]–degen so’zlerinde shayi’rdi’n’ lirikali’q qaharman menen baylani’sti’ri’wshi’li’q shegaralari’ ko’rsetiledi.

Qosi’q jazg’an ha’r qanday shayi’r wo’z ruwxi’y du’nyasi’n toli’q sa’wlelendire almawi’ mu’kin. Sonday-aq, talanti’ shayi’rlar da geybir qosi’qlari’nda lirikali’q qaharmandi’ juwmaqlawshi’ obraz da’rejesine ko’tere almawi’ mu’mkin. Degen menen, bul na’rse ha’r qanday shayi’rdi’n’ lirikali’q qaharman obrazi’n jasawdag’i’ indvidaulli’q wo’zgesheligin biykarlay almaydi’. Usi’ ko’zqarastan biz K.Karimovti’n’ poeziyasi’nda lirikali’q qaharman obrazi’n jasawdi’n’ wo’zgesheligin ani’qlawg’a umti’lami’z.

Shayi’r lirikalari’nda qaharman obrazi’n jarati’wda bir qansha ko’rkemlik izlenisler seziledi. Mi’sali’, woni’n’ shi’g’armalari’nda lirikali’q qaharmanni’n’ ku’yinishi, su’yinishi woni’n’ jeke da’rti yaki qayg’i’si’ boli’p qalmastan, uli’wma insan turmi’si’ menen baylani’sli’ su’wretlengen:

Du’nya ju’yrik wor qoyanday i’rg’i’g’an,
Sen jedellew quwsan’ a’bden qarg’i’g’an,
Talay ret qi’ynap qoli’ qi’sqali’q,
Ken’ ja’ha’ndi’ alaqanday tar qi’lg’an.

Ku’nler menen tu’n keshirip azapli’,
Wor qoyang’a ko’pler qurg’an duzaqti’,
Ayadi’ u’mit aqi’ri’nda wo’kinish,
Ha’r bir qoyg’an qa’demlerin’ hi’sapli’.

Men ha’m wor qoyang’a aw qi’lg’an,
Qarun baydi’n’ da’wletine daw qi’lg’an,
Ko’rip tursi’z qulpi’ tasti’n’ qasi’nda,

[1] Искаковский М. «О поэтическом мастерстве». Москва, С-П. 1953. стр. 136

Barli’q u’mit-talpi’ni’wi’m tawsi’lg’an. (8-bet)

Bul qatarlardi’ woqi’p woti’ri’p, bul du’nyadan bayli’q quwi’p wo’tken lirikali’q qaharmanni’n’ ruwxi’y sazasi’n yesitkendey bolami’z. Woni’n’ wo’tkinshi du’nyadan ketkennen keyingi wo’kinishli jag’daylari’, sezimleri woqi’wshi’ni’n’ sezimine ku’shli ta’sir yetedi. «Ko’rip tursi’z qulpi’ tasti’n’ qasi’nda, barli’q u’mit talpi’ni’wi’m tawsi’lg’an» qatarlari’nda shayi’r bul du’nyani’n’ wo’tkinshi yekenligin teren’irek uqti’rg’anday seziledi. Bul yeki qatarda shayi’rdi’n’ aytajaq woyi’ ju’da’ obrazli’ yetip berilgen. Wol woqi’wshi’da tek ayani’sh sezimin woyati’p qoymastan, wo’mirdin’ mazmuni’, ma’nisi tuwrali’ woylani’wg’a iytermeleydi.

Shayi’r lirikali’q qaharmanni’n’ du’nya, wo’mir haqqi’ndag’i’ tragediyali’q xarakterdegi woylari’n obrazli’ qatarlar, ko’rkem woy, lirikag’a ta’n sezimler menen qari’sti’ri’p jiberedi. Sol arqali’ adamzat ta’g’diri menen baylani’sli’ ma’selelerdi ko’teredi.

Shayi’rdi’n’ do’retiwshiligindegi lirikali’q qaharman jarati’w ma’selesinde wo’zine ta’n wo’zgeshelikler bar. A’sirese, bul peyzajli’q shi’g’armalarda da ko’rinedi. Woni’n’ peyzajli’q qosi’qlari’ lirikali’q qaharmanni’n’ ruwxi’y du’nyasi’n teren’ ashi’p beriwi menen aji’rali’p turadi’. «Ba’ha’r okkulari’» ha’m «Ba’ha’r» dep baslanatug’i’n qosi’qlarda ta’biyat obrazi’ belgili bir ideyani’ beriwshi ko’rkem detal si’pati’nda sheber qollani’lg’an. «Ba’ha’r okkulari’»nda lirikali’q qaharmanni’n’ da’wirlik problemalar menen baylani’sli’ ishki tolg’ani’slari’n shayi’r «siren gu’li»nin’ gu’llewi arqali’ sheber jetkergen:

Bir shoq gu’lin u’zdin’ sirennin’,
Jag’i’mli’ xosh iyiske toldi’,
Ishi bul ka’mbag’al bo’lmemnin’.

. . . Ba’ha’r jazg’a tutasqan waqta,
aq gu’l ashti’ Amur sireni,
A’miwdegi ashshi’ topi’raqta.

K.Karimov ba’ha’r ko’rinisindegi bir payi’tti’ su’wretley woti’ri’p, ku’tilmegen poetikali’q sheshim beredi. «Ashshi’» topi’raqta gu’l ashqan siren gu’li obrazi’–shi’damli’li’qti’n’, wo’mirshen’liktin’ belgisi bolsa kerek. Bundag’i’ su’wretlengen siren gu’linin’ obrazi’ woqi’wshi’larda tu’rlishe ta’sir qaldi’radi’. Woni’ ha’r kim wo’zinshe qabi’llaydi’.

Al, «Ba’ha’r...» dep baslanatug’i’n verlibrinde bolsa, lirikali’q qaharman obrazi’n jarati’wda ju’da’ qi’sqa, tarti’mli’ kishi syujet a’hmiyetli rol atqarg’an: Qosi’qta syujet «qurg’aq bayanlaw», sxematizmnen quti’li’p, jumbaqli’ tu’s alg’an. Biraq, wonda birden ko’zge taslanatug’i’n syujet joq. Belgili bir waqi’t ishindegi lirikali’q qaharmanni’n’ ruwxi’y du’nyasi’na ta’sir yetken ba’ha’r payi’ti’ wo’z su’wretleniwin tapqan:

Ba’ha’r. Appaq gu’lge mali’ng’an,
Alma ag’ashi’ni’n’ tu’binde,
Yerkinlikti, ma’n’gi wo’mirdi,
Suli’wli’qti’ teren’ sezindim,
Sol payi’tta go’zzal ag’ashqa,
Balta urdi’. Gu’l japi’rag’i’
Shashlari’ma to’gildi sawlap,
Sonnan berli shashlari’m appaq (213-bet)

Eger epikali’q shi’g’armalarda qaharman obrazi’ woni’n’ tu’rli sha’rayattag’i’ halati’n su’wretlew arqali’ jarati’latug’i’n bolsa, lirikada, atap aytqanda joqari’da keltirilgen ja’mi 8 qatar qosi’qta lirikali’q qaharmanni’n’ qi’sqa pursat ishindegi woy-sezimlerin teren’lestiriw arqali’, woni’n’ obrazi’ jarati’lg’an. Qosi’qta ba’ha’r ma’wsimin xarakterleytug’i’n a’hmiyetli peyzajli’q detallar: appaq gu’l, gu’llegen alma ag’ashi’, woni’n’ a’jayi’p suli’wli’g’i’, woqi’wshi’ni’n’ ko’z aldi’nda yeleslep turadi’. Al, wayran yetiwshi balta–obrazli’ ko’rkem detal. Shayi’r usi’ obrazli’ detallarg’a «jasi’ri’ng’an» kishi syujette lirikali’q qaharmanni’n’ su’yiniw ha’m ku’yiniw sezimlerin qatar sa’wlelendire alg’an. «Bul syujettin’ arti’nda pu’tindi, go’zzal du’nyani’ ha’m jaqsi’ni’, usi’g’an qusag’an jaqsi’ pazi’yletlerdi

buzi'wg'a qarsi' qarati'lg'an ku'yinish bar»[1]. Lirikali'q qaharmanni'n' wo'mirindegi tragediyali'q momentke baylansli' tolg'ani'sli' sezimler bar.

Al, shayi'rdi'n' «Jon'i'shqalar tag'i' keldi woraqqa» qosi'g'i'n woqi'g'ani'mi'zda, ta'biyatti' gu'zetiwshi serli lirikali'q qaharmandi' ko'remiz. Wonda ta'biyatti'n' ha'r bir qubi'li'si'nda insan wo'mirinin' belgili bir ma'writine ta'n wo'zgeshelikti qaharman sezip qaladi':

Jon'i'shqalar tag'i' keldi woraqqa,
Suwsi'ldag'an jipektey jasi'l maysalar,
Tan' shi'g'i' kepesten buri'nlaw yele,
Polat shalg'i'lardi'n' hu'kimi menen
Xosh iyis tarati'p ji'g'i'ladi' jerge.

Misli sol jon'i'shqa maysasi' yan'li',
Wo'mirimnin' ku'nlerin-waqi't shalg'i'si',
Wormaqta ma'n'gilik wo'tmish qushag'i'na,
Ha'r ma'writ, ha'r pasi'l, ha'r pursat,
Ji'g'i'li'p tu'spekte. Ji'g'i'li'p tu'spekte.

Qosi'qta yeki tu'rli qubi'li's wo'z-ara sali'sti'ri'li'p parallelizm usi'li'nda lirikali'q qaharmanni'n' wo'mir haqqi'ndag'i' filosofiyali'q juwmag'i'n ko'rkem nag'i'slap bergen. «Polat shalg'i'» ha'm «waqi't shalg'i'si'»-ta'biyat bo'lekshelerinin' «hu'kimdari'». Biri-wo'simliktin', biri-insanni'n'. Waqi't «shalg'i'si'» aldi'ndag'i' lirikali'q qaharmanni'n' ruwxi'y du'nyasi'ndag'i', qa'lbindegi payda bolg'an sezimler woni' tolg'ani'slarg'a saladi'.

Biz lirikadag'i' insan woy-sezimin sa'wlelendiriwdi turmi'sti' haqi'yqat ko'rsetiwi yekenin bilemiz. Bunda ha'zirgi qaraqalpaq lirikasi'nda I.Yusupov, Sh.Seyitov, K.Raxmanov, J.Izbasqanov, B.Genjemuratov ha'm tag'i' basqalar a'dewir tabi'sqa yerisken. K.Karimovti'n' qosi'qlari'nda biz lirikali'q qaharman

[1] Оразымбетов Қ. Ҳәзирги дәўирдеги қарақалпақ лирикасында көркемлик излениўшилик. Нөкис, «Билим», 1992, 59-б.

obrazi’n do’retiwde joqari’da ati’ atalg’an shayi’rlar do’retiwshiliginde ushi’raspaytug’i’n ko’rkemlik qa’siyetlerdi tabami’z.

Shayi’rdi’n’ ta’riplew mazmuni’nda jazi’lg’an lirikalari’ndag’i’ qaharman obrazi’na ku’shli ko’terin’ki ruwx ta’n. Wolarda xalqi’mi’zdi’n’ milliy wo’zinsheligi, xarakteri, wo’tmishi sheber sa’wlelengen. Lirikali’q qaharmandi’ tolg’atqan sezimler wo’zine say ko’rkem formada jetkeriledi. Mi’sali’,

Toqsan uwi’q ti’msali’ to’rt pasi’ldi’n’,
Basquri’n’, beldewin’ qali’-hasi’ldi’n’,
Baw-shuwi’n’ qi’zlarday qi’zi’l-jasi’lli’,
Neshe a’sirlerge si’rlas aq wotaw.

Ko’pdur bul du’nyani’n’ keshiw, wo’tkeli,
Ha’rkimge da’wran bir kelip-ketkeli,
Wotaw tiksem deyip qaraqalpaq yeli,
Neshe a’sir a’rman yetken aq wotaw. (31-bet)

Bul qosi’q qatarlari’n woqi’g’anda, aq wotaw ta’ripi qaraqalpaq halqi’ni’n’ bu’gingi jetisken a’rmani’-el g’a’rezsizligine jetisiwi menen baylani’si’p ketedi. Wonda lirikali’q qaharmanni’n’ milliy maqtani’sh sezimleri halqi’mi’zdi’n’ neshe a’sirlik wo’tmishi menen qari’si’p ketedi. Qosi’qta aq wotawg’a ta’n na’rseler sanali’p wo’tilmegen, al lirik qaharmanni’n’ sog’an baylani’sli’ sezimleri obrazli’ til menen jetkerilip, woqi’wshi’da na’zik sezimlerin woyati’wshi’ «qural»g’a aylang’an.

Belgili izertlewshi K.Xudaybergenov lirikali’q qaharman obrazi’n jarati’w ma’selesin shayi’rdi’n’ yen’ tiykarg’i’ wazi’ypalari’nan yesaplap: «Lirikali’q geroy adamni’n’ ruwxi’y du’nyasi’ni’n’ bayli’g’i’n ashpay turi’p joqari’ ideyani’ bere almaydi’. Bul, lirikada poetikali’q ideyani’n’ woy-sezimler ag’i’mi’ arqali’ beriliw wo’zgesheligin ko’rsetedi»[1]dep ko’rkem shi’g’arma elementlerinin’ bir-birine ti’g’i’z baylani’sta yekenligin belgilep ko’rsetedi.

---

[1] Худайбергенов К. Дәўир ҳәм парыз. Нөкис. «Қарақалпақстан», 1987, 54-б

K.Karimov qosi’qlari’nda shayi’r lirikali’q qaharmanni’n’ sezimin woyati’wshi’ detallardi’, predmetlerdi su’wretley woti’ri’p, ku’tilmegen juwmaq beredi. Bul, ko’binese woqi’wshi’da u’lken estetikali’q ta’sir qaldi’radi’, wo’zine tartadi’, woylani’wg’a, tolg’ani’wg’a iytermeleydi, wondag’i’ sezimlerdi woyati’wshi’ ku’shlerdin’ ha’wij ali’wi’na tu’rtki jasaydi’. Bul, wo’z gezeginde lirikali’q qaharmanni’n’ tiplik xarakterge iye yekenligin belgileydi ha’m qosi’qti’n’ ko’rkem mazmuni’n teren’lestiredi. Ma’selen, shayi’rdi’n’ «Tu’n» qosi’g’i’ni’n’:

Ko’kten si’g’alag’an aydi’n’ nurlari’n,
Jami’li’p woypatlar, tawlar qalg’i’ydi’,
Qalg’i’ydi’ okean, ten’iz qi’rg’ag’i’,
Ha’tte pitispegen jawlar qalg’i’ydi’.

Uyqi’ tartti’ri’wshi’ bunday aqshamda,
Yeki taypa g’ana qalg’i’mawg’a bar,
Biri uri’lardur payi’t paylag’an,
Yekinshisi woni’n’-ashi’qlar-

-degen qatarlari’nda tu’n ti’ni’shli’g’i’ndag’i’ bunday ko’rinislerdin’ shayi’rda woyatqan woy-sezimleri sa’wlelengen.

Shayi’r tu’ngi ji’m-ji’rtli’q penen ha’reketti bir-birine kontrast qoyi’w na’tiyjesinde u’lken filosofiyali’q juwmaqti’ shi’g’aradi’. Bul lirikada pikir juwmaqlang’an ko’riniske iye, lirikali’q qaharmanni’n’ obrazi’ toli’q jarati’lg’an.

Solay yetip, shayi’r K.Karimov do’retiwshiliginde lirikali’q qaharman jarati’w ma’selesinde bir qansha ko’rkemlik izlenislerge umti’li’slardi’ ko’riwge boladi’.

## III.2. Shayi’rdi’n’ poemalari’nda qaharman obrazi’n jasaw sheberligi

Ko’rkem a’debiyatta qaharman obrazi’n jasawdi’n’ ta’jiriybeleri bar, wolar neshe ji’llar dawami’nda qa’liplesken. «Solardi’n’ yen’ basli’ ta’jiriybelerinin’ biri qaharman obrazi’n jasawda turmi’s haqi’yqatli’g’i’n tiplestiriwge, yag’ni’y, qaharman obrazi’n jasawda woni’n’ turmi’s haqi’yqatli’g’i’na sa’ykesligi principin

saqlaw ma’selesi boli’p tabi’ladi’»[1]. Qaharman obrazi’n jasawdi’n’ ta’jiriybesi xali’q turmi’si’ni’n’ rawajlani’wi’ndag’i’ basli’ bag’darlar menen, payda boli’p ati’rg’an jan’ali’qlar menen, jan’a da’wir menen tikkeley baylani’sli’ ju’zege keledi. Wo’mirimizde jasap ati’rg’an usi’nday qaharmanlar a’debiyati’mi’zda qaharman obrazi’n jasawg’a tiykar boladi’.

A’debiy a’meliyat soni’ ko’rsetedi, bir neshe adamlardi’n’ si’patli’ belgilerin uli’wmalasti’ri’w g’ana yemes, al tariyxta bolg’an, boli’p ati’rg’an, bolajaq adamlardi’n’ da obrazi’ ko’rkem shi’g’armada su’wretlene beredi. Sonli’qtan ko’rkem shi’g’armadag’i’ ha’r qanday a’debiy qaharman shayi’rdi’n’ fantaziyasi’ arqali’ do’regen uli’wmalasti’ri’lg’an a’debiy qaharman obrazi’ boladi’.

Qaharman obrazi’n jasawdi’n’ yekinshi ta’jiriybesi–ko’rkem shi’g’armada su’wretlengen qaharman menen ku’ndelikli turmi’si’mi’zda jasap ati’rg’an adamlardi’n’ wo’z-ara qatnasi’ haqqi’ndag’i’ ma’sele turadi’. Basqasha aytqanda, a’debiy qaharman menen woni’n’ prototipi arasi’nda qanday baylani’s bar?

Prototip qaharmanni’n’ wo’zi me? Bazi’ bir ali’mlar ko’rkem shi’g’armadag’i’ a’debiy obrazdi’ turmi’stag’i’ ko’rgen yamasa haqi’yqat tariyxi’y shaxsti’n’ nag’i’z wo’zi dep qaraydi’. Bul pikirdi toli’g’i’ menen maqul dep qarawg’a bolmaydi’. Sebebi, qaharman–ko’rkem shi’g’armani’n’ specifikali’q wo’zgesheligi. Sonli’qtan qaharman obrazi’n jasawdi’n’ yekinshi sha’rti–turmi’s haqi’yqatli’g’i’nan poetik obraz jarati’w ni’zamli’li’g’i’na boysi’nadi’. Duri’s, a’debiy obrazdi’n’ tariyxi’y jaqtan konkret boli’wi’, belgili da’wirdin’ turmi’si’nan ali’p su’wretleniwi–ko’rkem a’debiyatti’n’ negizgi belgilerinin’ biri. Biraq, qanday qaharman obrazi’ do’rese de, wol turmi’stag’i’ prototipine tek sha’rtli tu’rde g’ana sa’ykes keledi. Demek, qaharman obrazi’n woni’n’ prototipine ten’lep qoyi’w–shi’g’armada naturalistlik usi’ldi’n’ wo’ris ali’wi’ menen birge, qaharman obrazi’ni’n’ jasali’wi’ndag’i’ wo’zine ta’n ayri’qshali’qti’ moyi’nlamaw boli’p tabi’ladi’.

[1] Султанов Қ. Заманлас жаным менен… Нөкис, «Қарақалпақстан», 1972, 6-б

«Qaharman obrazi’n du’ziwdin’ ta’jiriybelerinen biri–sol qaharmanni’n’ ishki keshirmelerin su’wretlewge qarati’ladi’»[1]. Woni’n’ indvidual xarakterisiz qaharman obrazi’n tu’siniw mu’mkin yemes. Xarakter qaharman obrazi’n jasawdi’n’ bir ta’jiriybesi boli’p qalmastan, woni’n’ turmi’s penen baylani’si’n, milliy wo’zgeshelikti ko’rsetiwshi belgi boladi’. Sonli’qtan keyingi ji’llardag’i’ a’debiy processte xarakterdin’ ashi’li’wi’na ayri’qsha a’hmiyet beriledi. Tipik xarakter–ko’rkem shi’g’armani’n’ yen’ negizgi sha’rtlerinin’ biri dep qaraladi’. Sebebi, indvidual xarakter–shayi’rg’a u’lken do’retiwshilik wazi’ypa ju’kleydi. Turmi’s haqi’yqatli’g’i’n xarakterdin’ logikasi’na baylani’sli’ paydalani’wdi’ talap yetedi. Shi’g’armada su’wretlengen turmi’s haqi’yqatli’g’i’nan kelip shi’g’i’p woni’n’ yen’ negizgisin tan’lap ala biliwge, woni’ duri’s su’wretlewge bag’dar beredi. Bul ilimiy-teoriyali’q juwmaqlar bizge XX a’sirdin’ 80-ji’llari’ndag’i’ qaraqalpaq poemalari’n da, soni’n’ ishinde K.Karimovti’n’ poemalari’n izertlewge de belgili da’rejede ja’rdem beredi dep woylaymi’z.

Poema janri’ XX a’sir qaraqalpaq a’debiyati’nda belgili wori’n tutadi’. Woni’ izertlewge S.Axmetovti’n’, A’.Nasrullaevti’n’, Q.Sultanovti’n’, G.Esemuratovti’n’, T.Ma’mbetniyazovti’n’, Q.Ja’rimbetovti’n’, J.Yesenovti’n’ ha’m tag’i’ basqa a’debiyatshi’ ali’mlardi’n’ izertlew jumi’slari’ arnalg’an[2].

Bizin’ magistrlik dissertaciyami’zdi’n’ tiykarg’i’ izertlew obekti bolg’an K.Karimovti’n’ poeziyasi’nda woni’n’ poemalari’ belgili wori’n iyeleydi. Shayi’r XX a’sir qaraqalpaq poemasi’ni’n’ rawajlani’wi’na wo’zinin’ «Jigirmalanshi’ a’sir sazasi’», «Muhabbat qi’ssasi’», «Watan», «A’sirge barabar bir zamat», «A’sir a’psanasi’» shi’g’armalari’ menen belgili u’les qosti’. Shayi’rdi’n’ bul poemalari’nda qaharman obrazi’n jasawdi’n’ wo’zine ta’n joli’ bar. Avtor wo’zinin’ poemalari’nda da’wir alg’a qoyg’an problemalarg’a tiykarg’i’ di’qqat qaratadi’. Ma’selen, shayi’rdi’n’ «A’sirge barabar bir zamat»[3] poemasi’nda

---

[1] Султанов Қ. Заманлас жаным менен… Нөкис, «Қарақалпақстан», 1972, 16-б

[2] Ахметов С. Қарақалпақ совет поэзиясы. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1988; Насруллаев Ә. Заман ҳәм лиро-эпикалық поэзия. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1985; Султанов Қ. Заманлас жаным менен… Нөкис, «Қарақалпақстан», 1972; Жәримбетов Қ. «Каракалпакская советская поэзия периода Великий отчественной войны (Нукус, 1982)»; Есенов Ж. Поэзия жулдызы. Нөкис, «Қарақалпақстан», 2003.

[3] Каримов К. Ўақыт минарасы. (Қосықлар ҳәм поэмалар) Нөкис. «Қарақалпақстан», 1981. (yendigi mi’sallar usi’ basi’li’mnan ali’nadi’. Qawi’s ishinde tek beti ko’rsetiledi)

qaharman obrazi'n jasawda woni'n' prototiplik tiykari'na, yag'ni'y Juman Qaraqulov haqqi'ndag'i' hu'jjetlik materiallarg'a su'yenilgen. Poemani'n' a'debiy qaharmani'ni'n' prototipi–bizin' jerlesimiz, Ulli' Watandarli'q uri's qaharmani' Juman Qaraqulov boli'p tabi'ladi'. Jawi'ngerdin' uri'sta ko'rsetken yerligi uri's qatnasi'wshi'si' general Malkinnin' yeske tu'siriwlerinde mo'hirlenip qalg'an. Wonda to'mendegidey qatarlardi' woqi'ymi'z: «Juman qulashi'n ken' jayi'p, brustverde jati'r yedi. Wol usi' jati'si'nda da astan-kesten bolg'an jaw pulemyoti'ni'n' uyasi'n ko'kiregi menen jappaqshi' boli'p ati'rg'anday». Bunnan basqa yeske tu'siriwde komandirdin' dushpan pulemyoti'n joq yetiwdi J.Qaraqulovqa tapsi'rg'ani', jaw DZOTi'na jaqi'nlag'anda qoyi'w dumanni'n' serpilip, quyashti'n' jarqi'rap ketkenligi, alg'a ji'li'slawdi'n' paydasi'z boli'p qalg'anli'g'i', na'tiyjede, J.Qaraqulovti'n' qoli'ndag'i' granatalar menen jaw DZOTi'na wo'zinin' boyi'n atqanli'g'i' ha'm tag'i' da basqalar jo'ninde mag'li'wmatlar bar. Yeske tu'siriwdegi qaharmanli'q ha'reketke toli' mag'li'wmatlar shayi'r K.Karimovqa Watandarli'q uri's da'wirinin' ashshi' haqi'yqatli'g'i'ni'n' bir g'ana momentin ko'rkem shi'nli'qqa aylandi'ri'wg'a tiykar bolg'an. Demek, J.Qaraqulov obrazi'ni'n' hu'jjetlik tiykari' bar. Hu'jjettegi saqlani'p qalg'an mag'li'wmatlar jazi'wshi'ni'n' ko'rkem qi'yali'ni'n' shari'qlawi'na tu'rtki bolg'an. Na'tiyjede, shayi'r J.Qaraqulovti'n' jawi'nger si'pati'ndag'i' ma'rtligin, watansu'yiwshiligin, pida'yi'li'g'i'n woqi'wshi'g'a emocional ta'sirshen' formada jetkeriwge miyassar bolg'an. Avtor qaharmanni'n' ha'reketin, qi'ymi'l–mimikasi'n, uri'sti'n' qatan' sharayati'n su'wretlew menen sheklenip qoymastan, woni'n' ishki psixologiyali'q keshirmelerine de u'lken itibar bergen. Bul na'rse qaharman obrazi'ni'n' isenimli boli'p shi'g'i'wi'na xi'zmet yetken. Ma'selen, jaw DZOTi'na qaray yen'beklep barati'rg'anda a'debiy qaharmanni'n' psixologiyasi'nda to'mendegidey so'zler keshedi:

«Wo Karpat tawlari', wo'zin' ma'det ber,
Jarami'zdan ti'nbay qan aqsi'n meyli!
Qara tawlar ali'p panan'a bizdi
Aman jetker jawdi'n' shebine shekem!» (72-b)

Ko’rinip turg’ani’nday, avtor qaharmanni’n’ wo’z basi’n wo’limge tigip barati’rg’andag’i’ psixologiyali’q halati’n ju’da’ duri’s ha’m isenimli su’wretlegen. Wo’ytkeni, adam balasi’ni’n’ wo’z wo’mirine qa’wip do’ngende ta’biyatqa, qudaytalag’a si’yi’ni’wi’ buri’nnan bar na’rse. Usi’ arqali’ qaharmanni’n’ wo’z-wo’zine degen isenimdi artti’ri’wg’a umti’li’p ati’rg’ani’n sa’wlelendiriwi de di’qqatqa i’layi’q. Al, a’debiy qaharman wo’z qurallas dosti’ Sarkisyanni’n’ woqqa ushqani’n ko’rip to’mendegidey woylarg’a bati’wi’ da isenimli shi’qqan:

«A’h, sag’an ne bodi’,
So’yle Sarkisyan…
Ko’tere almaysan’ basi’n’di’ nege?
Perzentin joytpasi’n tag’i’ bir ana,
A’ke Aman-esen qaytsi’n u’yine
Wo’lme Sarkisyan» (72-b).

Jaw DZOTi’n birgelikte joq yetiw buyi’ri’lg’an qurallasi’ Sarkisyannan ayri’lg’an J.Qaraqulov buyri’qti’ jalg’i’z wo’zi wori’nlawg’a bel baylaydi’. Wo’z basi’n a’jelge tikken qaharmanni’n’ ishki psixologiyali’q keshirmeleri to’mendegidey qi’sqa, tuji’ri’mli’, biraq emocional ta’sirshen’ qatarlar menen berilgen:

«Ba’lki uli’n’ sag’an bara almas aman,
Xosh bol, uzaqtag’i’ u’lke tan’lari’,
Aq su’tin’e razi’ bol anajan!» (72-b).

Demek, K.Karimov general Malkinnin’ yeske tu’siriwlerinde tan’balani’p qalg’an obektiv haqi’yqatli’qti’ ko’rkem haqi’yqatli’qqa aylandi’ri’w maqsetinde lirikali’q ha’m epikali’q su’wretlew usi’llari’n sheberlik penen qollang’an. Yeger de, yeske tu’siriwdegi J.Qaraqulov haqqi’ndag’i’ mag’li’wmatlar qurg’aq avtorli’q bayanlawlar menen berilgende jawi’nger obrazi’ bunday ta’sirshen’ da’rejege ko’terile almag’an bolar yedi. Basi’n wo’z watani’ni’n’ azatli’g’i’ ushi’n wo’limge tikken J.Qaraqulovti’n’ wo’mirinin’ yen’ joqarg’i’ shi’n’i’n su’wretlewge degen umti’li’s shayi’rg’a qaharman obrazi’n jasaw joli’nda bir qansha tabi’slardi’ qolg’a kirgiziwine mu’mkinshilik jaratqan. Basqasha aytqanda, salmaqli’ ideya–Watan

azatli'g'i' ushi'n jani'n pida' yetken ma'rt jawi'ngerdin' obrazi'n jasawdi'n' maqset yetip qoyi'li'wi' ha'm wog'an sa'ykes ko'rkem formani'n' tan'lani'wi' K.Karimovti'n' «A'sirge barabar bir zamat» poemasi'nda qaharman obrazi'n jasawda belgili da'rejedegi jetiskenlikke yerisiwine tiykar bolg'an.

K.Karimovti'n' «A'sir a'psanasi'»[1], «Jigirmalanshi' a'sir sazasi'»[2] poemalari' paraxatshi'li'qti' qorg'aw problemalari'na arnalg'an. Sonli'qtan da ati' atalg'an poemalardag'i' qaharman obrazlari' da usi' problemag'a baylani'sli' jasaladi'. Bul poemalardi'n' ko'rkem formasi' dramali'q poemalardi'n' ko'rkem formasi'n yeske tu'siredi. Wolardi'n' ko'rkem quri'li'si'nda lirikali'q ha'm dramali'q elementler bir-birine sin'isip ketken. Ma'selen, «A'sir a'psanasi'» poemasi' wo'zine ta'n kompoziciyag'a iye. Yag'ni'y avtordi'n' kiris so'zi ha'm juwmag'i' bar. Wolardi'n' wortasi'nda Iblis penen Egoisttin', Egoist penen Prezidenttin' dialogi' berilgen, u'y quri'wshi', haq niyetli adamzat wa'kili, avtor qusag'an subektlerdin' so'zleri menen ta'minlengen. Basqasha aytqanda qaharman obrazi' wolardi'n' bir-biri menen wo'z-ara dialogi, personajlardi'n' monologi, avtordi'n' monologi formasi'nda ashi'ladi'. Demek, avtor qaharman obrazi'n ashi'wda ko'pdawi'sli'li'q principine su'yengen. Wol tek avtor so'zi ha'm lirikali'q qaharmanni'n' so'zi, woni'n' ishki keshirmeleri menen sheklenip qali'wdi' qa'lemeydi. Bul poema avtori'ni'n' alg'a qoyg'an maqsetine–paraxatshi'li'qti' qorg'aw ideyasi'na wonday sa'ykes kelmes yedi. Shayi'r bul poemalardi' jazarda 1980-ji'llarda a'debiy ja'miyetshilik arasi'nda u'lken tabi'sqa iye bolg'an A.Aripovti'n' «Ja'nnetke jol», I.Yusupovti'n' «Ma'n'gi bulaq», T.Ma'tmuratovti'n' «Jaqsi' adamni'n' ju'regi» qusag'an poemalardag'i' qaharman obrazi'n jasaw da'stu'rinen sheber u'yrengenligi ha'm wonnan wo'zinin' maqsetine say original poemalardi' jazi'wda sheber paydalang'anli'g'i' sezilip turadi'. Juwmaqlap aytqanda K.Karimovti'n' joqari'da ati' atalg'an yeki poemasi'nda da qaharman obrazi'n jasawda personajlardi'n' dialoglari', monologlari' basli' rol woynag'an. Sonli'qtan da, a'debiyatshi' ali'm

[1] Каримов К. Аралдан келдим (Қосықлар ҳәм поэма). Нөкис, «Қарақалпақстан», 1991.
[2] Каримов К. Мениң терезелерим (Қосықлар ҳәм поэмалар). Нөкис, «Қарақалпақстан», 1985,

J.Xoshniyazov bul poema tuwrali': «K.Karimov «A'sir a'psanasi'» degen poemasi'na dramali'q tu's berip, woni' dialogli'q usi'lda jazg'an. Wol bizin' poemami'zg'a unamsi'z obraz retinde jan'a yenisip kiyati'rg'an Iblis ha'm Egoistlerdin' ha'reketleri arqali' ha'zirgi da'wirdegi qa'weterli qubi'li'slarg'a adamzatti' qarsi' qoyi'wg'a niyetlengen. Bul wog'ada awi'r, a'hmiyetli tema yekenligi wo'z-o'zinen ko'rinip tur. Bug'an bizin' shayi'rlari'mi'zdi'n' da aralasi'p ati'rg'anli'g'i' quwanarli'q jag'day»[1],-degen pikirdi bildirgen yedi.

Belgili a'debiyatshi' ali'm Q.Kamalov shayi'r T.Ma'tmuratovti'n' «Menin' juldi'zi'm», M.Berdievti'n' «Son'g'i' woq» poemalari' tuwrali' pikir ju'rite woti'ri'p, to'mendegishe jazg'an yedi: «T.Ma'tmuratovti'n', M.Berdievti'n' poemalari'nda bu'gingi du'nyani'n' progressiv adamlari'ni'n' woy-pikirin tipiklestirip beriwge umti'li'wshi'li'q bar. Bunnan aldi'n'g'i' ji'llar poemalari'nda bunday du'nya ju'zlik problemalarg'a arnap shi'g'arma jazi'w tendenciyasi' sezilmeytug'i'n yedi. Bizin' shayi'rlari'mi'z a'debiyati'mi'zg'a kelgen usi' jan'ali'qti'–shi'g'armani'n' pu'tkil du'nya problemasi'na quri'w tendenciyasi'n ju'da' ku'shli dawam yetiwi ha'm teren'lestiriwi kerek»[2]. Ilimpazdi'n' bul pikiri 1986-ji'li' ayti'lg'an yedi. K.Karimovti'n' biz joqari'da tallap wo'tken «A'sir a'psanasi'», «Jigirmalanshi' a'sir sazasi'» poemalari' ilimpazdi'n' joqari'da aytqani'nday, du'nya ju'zlik problemag'a–paraxatshi'li'qti' qorg'aw mashqalasi'na arnalg'anli'g'i' menen bahali'. Shayi'rdi'n' ja'ne bir poemasi' «Jigirmalanshi' a'sir sazasi'» do'retpesi de paraxatshi'li'qti' qorg'aw mashqalasi'na arnalg'an. Bul poema da shayi'rdi'n' da'wir talabi'na bolg'an juwabi' boli'p tabi'ladi'. Bul poemani'n' da tar, woshaq basi' ko'lemindegi mashqalag'a yemes, al du'nya ju'zlik problemag'a arnali'wi' shayi'rdi'n' woylaw gorizonti'ni'n' ken'liginen, lirikali'q qaharmanni'n' pu'tkil du'nya da'rti, uri'sti' qaralaw, paraxatshi'li'qti' saqlaw da'rti menen ba'nt yekenliginen da'rek beredi. Sonli'qtan da shayi'r poemag'a publicistikali'q si'pat yengizip, woni'n' woqi'wshi'g'a degen ta'sirshen'ligin artti'ri'wg'a yerisken. Poemani'n' 1983-

---

[1] Хошниязов Ж. Дәуир талабы ҳәм көркем әдебият (Поэзия–88)// «Әмиўдәрья», 1989, №6, 98-б.
[2] Камалов Қ. Дала бүркити (әдебий критикалық мақалалар жыйнағы). Нөкис, «Қарақалпақстан», 1990, 131-б.

ji’ldi’n’ aqi’ri’ ha’m 1984-ji’ldi’n’ basi’nda jazi’lg’anli’g’i’n yesapqa alsaq, wondag’i’ publicistikali’q woylawdi’n’, publicistikali’q ruwxti’n’ basi’mli’g’i’ wo’z-o’zinen tu’sinikli boladi’. Wo’ytkeni usi’ ji’llari’ poeziyami’zda publicistikali’q si’patti’n’, ashi’q so’zliliktin’ ken’ yen jayg’anli’g’i’ ilimpazlari’mi’z ta’repinen bir neshe ma’rtebe atap wo’tildi. Ma’selen, belgili a’debiyatshi’ S.Axmetov I.Yusupovti’n’ 1984-ji’li’ «A’miwda’rya» jurnali’ni’n’ №5 ani’nda ja’riyalang’an «Dialektika», «Jaqsi’ adamlar», «Ashi’q so’z» qosi’qlari’nda qayta quri’w da’wiri ruwxi’ni’n’ ju’da’ ashi’q tu’rde sa’wlelengenligi tuwrali’ jazg’an yedi[1]. Sonday-aq ilimpaz M.Seytniyazovti’n’ «A’miw, Aral menin’ wo’mirimde»[2] atli’ poemasi’n bahalay woti’ri’p, wonda Aral mashqalasi’ni’n’ ashi’q tu’rde su’wretlengenligi haqqi’nda ayta kelip, bul shi’g’armani’ publicistikali’q poema si’pati’nda bahalag’an yedi[3]. Rasi’nda da, usi’ poema menen derlik bir da’wirde do’regen K.Karimovti’n’ «Jigirmalanshi’ a’sir sazasi’» poemasi’nda qaharman obrazi’n jarati’wda pu’tkil du’nya problemalari’, soni’n’ ishinde paraxatshi’li’qti’ qorg’aw mashqalasi’ tuwrali’ shayi’rdi’n’ ashi’q tu’rde pikir ju’ritiwi woni’n’ jan’ali’g’i’nan, wo’zine ta’n soqpag’i’nan da’rek beredi. Sonday-aq joqari’da ati’ atalg’an «A’sir a’psansi’» poemasi’n jazarda shayi’rdi’n’ wo’zine zamanlas shayi’rlardi’n’ do’retiwshiliginen, a’sirese, A.Aripovti’n’ «Ja’nnetke jol», I.Yusupovti’n’ «Ma’n’gi bulaq», T.Ma’tmuratovti’n’ «Juldi’zi’m menin’» do’retpelerinen sheber u’yrengenligi seziledi. Bul poemada qaharman obrazi’n jasawda realistlik ha’m mifologiyali’q su’wretlew elementlerinin’ sheber tu’rde ushlasti’ri’wi’ K.Karimovti’n’ wo’zine ta’n stilinen da’rek beredi. Mi’sali’, shayi’rdi’n’ «A’sir a’psanasi’» poemasi’nda realistlik bag’dardi’ wo’zinde sa’wlelendirgen U’y quri’wshi’, Prezident, Avtor si’yaqli’ personajlar menen birge Iblis h.t.b qusag’an mifologiyali’q obrazlar da qatnasadi’. A’debiyatshi’ Q.Kamalov tap usi’nday ko’rkem formag’a iye T.Ma’tmuratovti’n’ «Juldi’zi’m menin’» poemasi’ tuwrali’ «Ilimpazlar…

---

[1] Ахметов С. Қарақалпақ совет поэзиясы (әдебий критикалық изертлеў). Нөкис, «Қарақалпақстан», 1988, 368-б.
[2] Сейтниязов М. Әмиў, Арал мениң өмиримде// «Әмиўдәрья», 1986, №12
[3] Ахметов С. Сонда 384-б.

wo’zlerinin’ hadal miynetlerinin’ jemisi pu’tkil adamzatti’, wo’zlerin ni’pqi’rt yetiwge bag’darlang’ani’n tu’singennen keyin wolardi’n’ ko’zine mifologiyali’q figuralar (ma’selen, a’beshiy ruwx) yelesleydi»[1].

Uli’wmalasti’ri’p aytqanda, biz poemalari’n tallap woti’rg’an K.Karimov da’wir talabi’na say shi’g’armalar do’retip, 1980-ji’llarda lirikali’q poema, publicistikali’q poema, dramali’q poema, liro-epikali’q poema qusag’an janrlarda shi’g’armalar do’retip, wolarda qaharman obrazi’n jasawda u’lken sheberlik ko’rsetkeninin’ gu’wasi’ bolami’z. Demek, shayi’r poemalari’ndag’i’ qaharman obrazi’n jasawdag’i’ wo’zine ta’n wo’zgeshelik te woni’n’ indvidualli’q stilinen da’rek berip turadi’.

[1] Камалов Қ. Дала бүркити (әдебий критикалық мақалалар жыйнағы). Нөкис, «Қарақалпақстан», 1990, 182-б.

## Juwmaq

Milliy poeziyami’zg’a 1970-ji’llardi’n’ II yari’mi’ ha’m 80-ji’llardi’n’ basi’nda kirip kelgen H.Ayi’mbetov, K.Karimov, J.Xoshniyazov, J.Izbasqanov usag’an bir qansha shayi’rlari’mi’zdi’n’ a’debiy miyrasi’ u’lken qi’zi’g’i’wshi’li’q woyatadi’. Wolardi’n’ ko’rkem obraz jasaw, qaharman obrazi’n du’ziw, turmi’s shi’nli’g’i’n ko’rkem haqi’yqatli’qqa aylandi’ri’w boyi’nsha ta’kirarlanbas joli’, soqpag’i’ bar. Sonli’qtan wolardi’n’ poeziyali’q shi’g’armalari’n g’a’rezsizlik zamani’ talabi’na say arnawli’ tu’rde izertlew bu’gingi ku’nde a’hmiyetli ma’sele boli’p tabi’ladi’. K.Karimov poeziyasi’ da XX a’sirdin’ son’g’i’ sheregindegi qaraqalpaq poeziyasi’nda wo’zine ta’n worni’na iye. Sonli’qtan woni’n’ poeziyasi’n arnawli’ tu’rde u’yreniw sheshiliwin ku’tip turg’an a’hmiyetli ma’selelerdin’ biri yedi. Usi’ sebepli biz woni’n’ poeziyasi’ni’n’ ideli’q-tematikali’q, janrli’q wo’zgesheliklerin, qaharman obrazi’n jasaw joli’ndag’i’ wo’zine ta’nligin izertlewdi wo’z aldi’mi’zg’a maqset yetip qoyg’an yedik. Izertlew bari’si’nda biz to’mendegidey juwmaqlarg’a keldik.

Biz wo’zimizdin’ ilimiy-teoriyali’q juwmaqlari’mi’zdi’ bayan yetpesten buri’n K.Karimov poeziyasi’ni’n’ ko’rkemlik ha’m ja’miyetlik-siyasiy da’reklerine toqtap wo’tiwdi maqul ko’rdik. Sebebi bular woni’n’ poeziyasi’ni’n’ sag’alari’ boli’p, shayi’r poeziyasi’ni’n’ indvidualli’q wo’zgesheligin belgilewde u’lken a’hmiyetke iye boldi’. Birinshiden, 1960-ji’llardi’n’ basi’na kelip qaraqalpaq poeziyasi’ a’dewir toli’sti’. Wol wo’zinin’ da’stu’riy shen’berinen atlap wo’tip, du’nya poeziyasi’ni’n’ aldi’n’g’i’ da’stu’rlerin iyelewge qaray u’lken adi’m atti’. Bug’an biz I.Yusupov, D.Aytmuratov, Sh.Seyitov, T.Ma’tmuratov h.t. basqalardi’n’ do’retiwshiligin mi’sal si’pati’nda ko’rsetiwimizge boladi’. K.Karimovti’n’ da milliy poeziyami’zda wo’z soqpag’i’n tabi’wi’na woni’n’ du’nya poeziyasi’ni’n’ aldi’n’g’i’ da’stu’rlerinen u’yreniwi u’lken a’hmiyetke iye boldi’. Bunda woni’n’ bir jag’i’nan Saadiydin’, A.S.Pushkinnin’, A.Blokti’n’ shi’g’armalari’n qaraqalpaq tiline awdari’wi’ u’lken a’hmiyetke iye bolg’an bolsa, yekinshi jag’i’nan, qon’si’las tu’rkiy xali’qlar bolg’an wo’zbek shayi’rlari’ A.Aripovti’n’, E.Vahidovti’n’, qazaq shayi’ri’ Wo.Suleymenovti’n’, sonday-aq,

milliy poeziyadag'i' A.Dabi'lovti'n', I.Yusupovti'n', Sh.Seyitovti'n', T.Ma'tmuratovlardi'n' ko'rkem–a'debiy da'stu'rlerdi, yen' basli'si', shayi'rdi'n wo'zinin' milliy–epikali'q da'stu'r menen ja'ha'n poeziyasi'ndag'i' aldi'n'g'i' a'debiy da'stu'rlerdi sheber ushlasti'ri'wg'a umti'li'wi' woni'n' poeziyasi'ni'n' bu'gingi da'rejege ko'teriliwine jol ashi'p berdi. Yekinshiden, K.Karimovti'n' talanti' yepkinli rawajlang'an 1980-ji'llardi'n' II yari'mi' yelimizdin' siyasiy-ekonomikali'q ha'm ruwxi'y turmi'si'nda u'lken wo'zgerisler, jan'ali'qqa umti'li'w ji'llari' boli'p milliy tariyxi'mi'zg'a kirdi. Usi'ni'n' na'tiyjesinde poeziyami'zda ko'rkem obraz jasawda buri'ng'a tar klassli'q, partiyali'q, ideologiyali'q ko'zqarastan waz keshilip, uli'wmainsaniyli'q, gumanistlik principlerdi basshi'li'qqa ali'w jolg'a tu'se basladi'. Buni' yen' da'slep poeziyami'zda I.Yusupov, M.Seytniyazov, D.Aytmuratov, Sh.Seyitov, T.Ma'tmuratov ha'm K.Raxmanovlar 1970-ji'llardi'n' yekinshi yari'mi'nda-aq baslap bergen bolsa, 1980-ji'llarg'a kelip bul izlenislerdi J.Izbasqanov, K.Karimov, J.Xoshniyazov h.t.basqalar dawam yetti. Mine usi' na'rsenin' wo'zi de K.Karimov poeziyasi'nda uli'wmainsani'yli'q, gumanistlik, diniy-ag'arti'wshi'li'k ideyalardi'n' alg'a su'riliwine tiykar boldi'. Bul woni'n' poeziyasi'ni'n' indvidual wo'zgesheligin belgilewge, wo'z soqpag'i'n tabi'wi'na imkaniyat jaratti'. Buni' biz magistrlik dissertaciyami'zdi' jazi'w bari'si'nda to'mendegidey wo'zgesheliklerde de ko're bildik:

1. K.Karimov poeziyasi'na to'mendegidey ideyali'q-tematikali'q ra'n'ba'ra'nlik ta'n: a) watan temasi'; b) tuwg'an jer sag'i'ni'shi'; d) i'shqi'-muhabbat temasi'; e) dosli'q temasi'; g) ta'biyat go'zalli'g'i'; j) ekologiya temasi' z) filosofiyali'q ma'seleler; i) haqi'yqatli'q temasi'; k) zi'yanli' a'detlerdi a'shkaralaw; l) balali'q ha'm jasli'q temasi'; h.t.b si'yaqli' tematikali'q wo'zgeshelikler woni'n' shi'g'armalari'ndag'i': a) ti'ni'sh ha'm abadan turmi'sti' saqlaw; b) go'zalli'qti' qa'dirlew; v) watandi' su'yiw; g) insandi' qa'dirlew; d) milletler ara tati'wli'q; ye) milliy qadiriyatlardi' qa'sterlew si'yaqli' ideyalardi' jetkeriw ushi'n qollani'lg'an. Ati' atalg'an temalar ha'm ideyalar shayi'rdi'n' woylaw gorizonti'ni'n' ken'liginen da'rek beredi.

2. K.Karimovti’n’ qosi’qlari’n di’qqat penen woqi’saq, wolardi’n’ lirikali’q qaharmani’ tar, woshaq basi’ mashqalalari’ do’gereginde qali’p qoymay, pu’tkil du’nya mashqalalari’na shekem ko’terile alg’anli’g’i’nan da’rek beredi. Lirikali’q qosi’qlari’nda publicistikali’q si’pat penen lirizm qari’si’p ketken, usi’ apqali’ wo’zinin’ woqi’wshi’g’a degen estetikali’q ta’sirin ku’sheytken. Shayi’rdi’n’ pikirleri filosofiyali’q teren’ligi, awi’spali’ obrazli’ ma’nige, simvolikali’q xarakterge iye boli’wi’ menen ayi’ri’li’p turadi’. Bulardi’n’ barli’g’i’ shayi’rdi’n’ talanti’ni’n’, mashaqatli’ izlenislerinin’ jemisi boli’p tabi’ladi’.

3. K.Karimov XX a’sirdin’ 80-ji’llari’ndag’i’ qaraqalpaq poemasi’ni’n’ rawajlani’wi’na belgili u’les qosti’. A’sirese, wol bul janrdi’n’ ideyali’q-tematikali’q jaqtan bayi’wi’na, janrli’q-stillik jaqtan wo’sip-o’rkenlewine wo’zinin’ «Watan», «A’sir a’psanasi’», «A’sirge barabar bir zamat», «Jigirmalanshi’ a’sir sazasi’», «Muhabbat qi’ssasi’» poemalari’ menen u’les qosti’. Shayi’r poemalari’ tematikasi’ ha’m ko’rkem formasi’ boyi’nsha ra’n’ba’-ra’n’ boli’p tabi’ladi’. Wolarda Watan, tuwg’an jer, paraxatshi’li’qti’ qorg’aw, uri’sti’ qaralaw, muhabbatti’n’ qa’dir-qi’mbati’na jetiw temalari’ sheberlik penen su’wretlengen.

4. K.Karimovti’n’ lirika salasi’ndag’i’ izlenislerin woni’n’ janrdi’n’ imkaniyatlari’n ken’eytiw, estetikali’q ta’sirshen’ligin artti’ri’w joli’ndag’i’ umti’li’slari’ si’pati’nda bahalaw mu’mkin. Sonli’qtan da ha’zirgi qaraqalpaq poeziyasi’ni’n’ janrli’q jaqtan bayi’wi’nda, formali’q jaqtan jetilisiwinde shayi’rdi’n’ lirikali’q shi’g’armalari’ belgili wori’n iyeleydi. Avtor tu’pkilikli tu’rkiy xali’qlar poeziyasi’na ta’n qosi’q, terme-tolg’aw, Shi’g’i’s xali’qlari’ poeziyasi’na ta’n qasida, rubayi’, hakku, Eevropa xali’qlari’ poeziyasi’na ta’n sonet, romans, elegiya, epigramma, verlibr, ballada ha’m t.b. janrlarg’a tiyisli poetikali’q do’retpelerin jazdi’. A’sirese woni’n’ lirikasi’nda tu’rkiy xali’qlar a’debiyati’nda a’yyemnen baslap rawajlani’p kiyati’rg’an qosi’qti’n’ a’lwan tu’rlerin taba alami’z. Sonday-aq shayi’r poeziyasi’nda wo’z sag’asi’n yevropa poeziyasi’nan alg’an verlibrlik qosi’q formasi’ da wo’nimli isletilgen.

5. Joqari’da biz atlari’n atap wo’tken poemalari’n tallaw arqali’ K.Karimovti’n’ poemani’n’ janrli’q ta’biyati’n bir qansha duri’s men’gergenin bile alami’z. Ma’selen, «Jigirmalanshi’ a’sir sazasi’» poemasi’ndag’i’ paraxatshi’li’qti’ qorg’awg’a baylani’sli’ waqi’yalar avtordi’n’ niyetine bola publicistikali’q poemani’n’ janrli’q ta’biyati’na say su’wretlengen bolsa, «A’sir a’psanasi’»ndag’i’ tap usi’nday uri’sti’ qaralaw ha’m paraxatshi’li’qti’ qorg’aw ma’seleleri dramali’q poemani’n’ janrli’q ta’biyati’na baylani’sli’ berilgenin ko’remiz. Wo’ytkeni, bir-birine uqsas tematikag’a ko’rkem forma tan’lawda avtordi’n’ yendirgen jan’ali’g’i’ sonnan ibarat, birinshi poemada publicistikali’q stilge basi’m wori’n aji’rati’lg’an bolsa, yekinshi poemada qaharmanlardi’n’ wo’z so’zlerine u’lken ju’k arti’lg’an. Al, avtordi’n’ «Watan» poemasi’ lirikali’q qaharmanni’n’ woy-keshirmelerine quri’lg’an. Bul da avtordi’n’ niyeti menen baylani’sli’. Wo’ytkeni lirikali’q poemani’n’ janrli’q ta’biyati’ da usi’ni’ talap qi’lar yedi. «Muhabbat qi’ssasi’» poemasi’ bolsa avtor ta’repinen dramali’q poema retinde jazi’lg’an. Sebebi, wo’tmishtegi bir-birine ashi’q jaslardi’n’ ta’g’dirindegi dramatik waqi’yalardi’, tragediyali’q momentlerdi su’wretlewge poemani’n’ usi’ tu’rinin’ janrli’q ta’biyati’ ju’da’ mas keler yedi. Shayi’rdi’n’ «A’sirge barabar bir zamat» poemasi’nda qaharmanni’n’ Ulli’ Watandarli’q uri’stag’i’ qaharmanli’g’i’n su’wretlewge ha’m wog’an degen degen avtorli’q poziciyani’ beriwge wo’zinde lirikali’q ha’m epikali’q elementlerdi ja’mlestirgen liro-epikali’q poema janri’ sa’ykes keler yedi. Bul na’rse wog’an ha’zirgi qaraqalpaq poema janri’n rawajlandi’ri’wg’a u’les qosi’wg’a imkaniyat jaratqanli’g’i’n an’lawi’mi’g’a boladi’.

6. K.Karimov lirikali’q shi’g’armalari’nda qaharman obrazi’n jarati’wdi’n’ wo’zine ta’n joli’ bar. Uli’wmainsaniyli’q ha’m gumanistlik, diniy-ag’arti’wshi’li’q ideyalar, da’wir alg’a qoyg’an ja’miyetlik-siyasiy, ekologiyali’q h.t.b. mashqalalar lirikali’q qaharmandi’ ba’rhama woylani’wg’a, tolg’ani’wg’a ma’jbu’rleydi. Lirikali’q qaharman tek shayi’rdi’n’ jeke da’rti menen sheklenip qoymastan, uli’wma xali’q, millet da’rti jo’ninde, da’wir alg’a qoyg’an mashqalalar tuwrali’ woylaydi’. Ha’tteki, putkil du’nyali’q, global problemalar tuwrali’ woylaw da wog’an jat yemes.

## Paydalani’lg’an a’debiyatlar

### I. Prezident miynetleri.


1. Каримов.И. Руўхый тиклениў жолында. Ташкент, «Өзбекстан», 1996
2. Karimiv I. Joqari’ ma’na’wiyat–jen’ilmes ku’sh. Tashkent, «Ma’naviyat», 2008.
3. Каримов И. А. Бизнинг бош мақсадимиз жамиятни демократиялаштириш ва янгилаш, мамлакатни модернизация ва ислоҳ этишдур – Тошкент. «Ўзбекистон» 2005.
4. Миллий ғәрезсизлик идеясы тийкарлары: түсиниклер ҳәм принциплер. Нөкис, «Қарақалпақстан», 2001


### II. Tiykarg’i’ a’debiyatlar


5. Абрамович. Г.А. Введение в литературоведение. Москва, «Просвешение», 1979,
6. Ахметов З. Өлең сөздің теориясы. Алма-аты, «Жазушы», 1973
7. Ахметов С. Қарақалпақ совет поэзиясы. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1988,
8. Ахметов. С. Талантқа талап. Нөкис «Қарақалпақстан», 1986,
9. Ахметов С., Султанов Қ. Әдебияттаныў. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1987
10. Базарбаев Ж. «Көңлим мүлки» жолға әнжам болғанда // «Еркин Қарақалпақстан», 2005, 15-сентябрь.
11. Бекбергенова З. Ҳәзирги қарақалпақ поэзиясында фольклорлық дәстүрлер. Нөкис, «Илим», 2011
12. Белинский В.Г. Танланган асарлар Тошкент. Уз. Дав. нашр, 1955,
13. Бобоев Т., Адабиётшунослик асослари, Тошкент, «Ўзбекистон», 2002.
14. Генжемуратов Б. М.Сейтниязовтың «Ўатан гедайы» поэмасында лирикалық қаҳарман характери–Түркий халықлар әдебиятының гейпара мәселелери. Нөкис, 2004.
15. Есенов Ж. Поэзия жулдызы (И.Юсупов дөретиўшилигиниң гейпара мәселелери). Нөкис, «Билим», 2003.

16. Есенов Ж. Қардың аппақлығы–кеўил пәклиги// «Еркин Қарақалпақстан», 2008, 23-февраль, №3 3-б
17. Жәримбетов Қ., Рубайы ма яки төртлик пе//«Вопросы поэтики русской и каракалпакской литературы», 1999, 35-б.
18. Жәримбетов Қ. XIX әсир қарақалпақ лирикасының жанрлық қәсийетлери ҳәм раўажланыўы тарийхы. Нөкис «Билим», 2004,
19. Ja’rimbetov Q. A’debiyattani’wdan sabaqlar. Woqi’w qollanba. No’kis, «Qaraqalpaqstan», 2012.
20. Киндикова М.Н. Эволюция образной системы в алтайский лирике (традиции и новаторство). Горноалтайское отделение «Алтайского книжного издательства», 1989.
21. Қуронов Д. Адабиётшуносликка кириш. Тошкент, «Абдулла Қодирий номидаги халқ мероси нашриёти», 2004,
22. Лотман М. Ю. О поэтах и поэзии. Санкт-Петербург, «Искусство-С.П», 2001
23. Мамбетниязов Т. Поэзия ҳаққында ойлар. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1985
24. Мамбетниязов Т. Жаңа қарақалпақ поэзиясы ҳәм дәўир талабы. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1994
25. Мәмбетниязов Т. Қарақалпақ совет лирикасы. Нөкис, «Қаракалпақстан», 1988
26. Мәмбетов К. Әдебият теориясы. Нөкис, «Билим», 1995.
27. Нуржанов П. Верлибр ҳаққында ойлар// «Әмиўдәрья», 1990, №4
28. Нуржанов П. Дәўир талабы ҳәм көркем әдебият. Нөкис, «Билим», 1993
29. Нуржанов М. К.Каримов қосықларында экология темасы// «Әмиўдәрья», 2013. №2
30. Оразымбетов Қ. Ҳәзирги дәўирдеги қарақалпақ лирикасында көркемлик излениўшилик, Нөкис, «Билим», 1992.
31. Оразымбетов Қ. Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы, Нөкис, «Билим», 2004.
32. Оразымбетов Қ. Қосық теориясы. Тошкент. «Янги аср авлоди», 2010.

33.Оразымбетов Қ. Сезимлер дүньясының есигин ашың.– Генжемуратов Б. Сайланды шығармалар. Бир томлық (қосықлар ҳәм поэмалар). Нөкис, «Қарақалпақстан», 2012, 6-б.
34. Пахратдинов Ә., Алламбергенов К., Бекбергенова М. ХХ әсир қарақалпақ әдебияты тарийхы. Нөкис, «Қарақалпақстан», 2011.
35. Расулов А. Бадиийлик – безавол янгилик. Илмий- адабий мақолалалар, талкинлар, этюдлар. «Шарқ» Тошкент, 2007.
36. Рахимжонов Н. Ўзбек совет адабиётида поэма. Тошкент, 1986.
37. Раҳимжонов Н. Мустақиллик даври ўзбек шеърияти. Тошкент, «Фан», 2007.
38. Саримсоқов Б. Бадиийлик асослари ва мезонлари. Тошкент, 2004.
39. Султанов И. Адабиёт назарияси. Тошкент, «Фан», 1981.
40. Султанов Қ. Заманлас жаным менен. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1972.
41. Turdi'baev Q. G'a'rezsizlik da'wirindegi qaraqaqpaq poeziyasi'. No'kis, «Qaraqaqpaqstan», 2011,
42. Тўйчиев У. Ўзбек поэзиясида бармоқ системаси. Тошкент, «Фан», 1966,
43. Умуров Ҳ. Адабиёт назарияси, Тошкент, «Шарқ», 2002,
44. Хошниязов Ж., Мерўерт шықлар (рецензия)// «Жас Ленинши», 1982. 19-май,
45.Худайбердиев И. Адабиётшуносликка кириш. Тошкент, «Иқтисод-молия» 2007,
46. Худайбергенов К. Лирика ҳәм өмир. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1971
47. Худайбергенов К. Дәўир ҳәм парыз. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1987.
48. Худайбергенов Э. Адабиётшуносликка кириш, Тошкент, «ЎАЖБНТ» маркази, 2003.
49. Ҳаққулов И. Тақдир ва тафаккур. Тошкент, «Шарқ», 2007.
50. Ҳамдамов У. Бадиий тафаккур тадрижи. Тошкент, «Янги аср авлоди», 2002
51. Шарафиддинов О. Замон, қалб, поэзия. Тошкент, 1962.
52. Юлдошев Қ. Ёниқ сўз. Адабий ўйлар. Тошкент, «Янги аср авлоди», 2006

## III. Qosi'msha a'debiyatlar


53. Ахметов С., Есенов Ж., Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги, Нөкис, «Билим», 1994
54. Генжемуратов Б. Мәртликти сағыныў–Елим ел болсын деп едим. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1994, 3-11-бб.
55. Генжемуратов Б. Поэзия-бул иләҳий дүнья//«Әмиўдәрья», 1991, №2, 122-124-бб.
56. Генжемуратов Б. Ҳәзирги қарақалпақ поэзиясы: монофониялылықтан полифониялылыққа, аламаншылықтан индвидуальлыққа//«Әмиўдәрья», 2001. №3
57. Квятковский А., Краткий поэтический словарь. Москва, «Советская энциклопедия», 1986.
58. Қарақалпақстан Республикасы жазыўшылары. Библиографиялық мағлыўмат. Нашрга тайёрловчи З.Бекбергенова. Ташкент. «EXTREMUM PRESS», 2011.
59. Турдыбаев Қ. Ҳәзирги қарақалпақ лирикасы. Библиографиялық көрсеткиш. Нөкис, «Қарақалпақстан», 2009.
60. Турдыбаев Қ. Ҳәзирги лиро-эпикалық поэзия. Библиографиялық көрсеткиш. Нөкис, «Қарақалпақстан», 2010.
61. Ҳотамов Н., Саримсоқов Б., Адабиётшунослик терминларининг русча-ўзбекча изоҳли луғати. Тошкент, «Ўқитувчи», 1979,


## III. Aftoreferatlar


62. Досымбетова А. Шаўдирбой Сейитов лирикасида бадий шакл (анъанавий ва Янги шакллар уйғунлиги, ифода усуллари, эркин шерларнинг шаклий хусусиятлари). Фил… фан… номз… афтореф. Нукус, 2008
63. Мамбетова М. Стихосложение в поэзии И.Юсупова. Афтореф… дисс… кан… фил… наук. Нукус, 1999

64. Генжемуратов Б. Поэтика лирики Ажинияза. Aфтореф… дисс… кан… фил… наук. Нукус, 1996.

65. Генжемуратов Б. Ҳәзирги қарақалпақ поэзиясы: монофониялылықтан полифониялылыққа, аламаншылықтан индивидуаллыққа//«Әмиўдәрья», 2001. №3

66. Қурбонбоев И. 90-йиллар ўзбек шеъриятида образлилик. Фил… фан… номз… афтореф. Нукус, 2005

67. Алламбергенова П. Традиции Мактумкули в каракалпакской литературе (На материале каракалпакской литературы XIX века). Фил… фан… номз… афтореф. Нукус, 1999

68. Пахратдинов Д. Традиции классиков Востока в лирике И.Юсупова. Фил… фан… номз… афтореф. Нукус, 2001.

**IV. Көркем әдебиятлар**

69. Блок А. Бүлбил бағы. Қосықлар ҳәм поэмалар. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1984. Аўдарған К.Каримов.

70. Дәўлетназаров Ҳ. Дос болыў хәмменин қолынан келмес. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1994

71. Дәўлетназаров Ҳ. Ашық болмаған ким бар. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1991.

72. Каримов К. Аралықлар (қосықлар). Нөкис, «Қарақалпақстан», 1981.

73. Каримов К. Ўақыт минарасы (қосыклар ҳәм поэма). Нөкис, «Қарақалпақстан», 1983.

74. Каримов К. Мениң терезелерим (қосықлар ҳәм поэмалар). Нөкис, «Қарақалпақстан», 1985.

75. Каримов К. Аралдан келдим (қосықлар ҳәм поэма). Нөкис, «Қарақалпақстан», 1991.

76. Каримов К. Көңлим мүлки. Таңланған қосықлар. Нөкис, «Билим», 2005,

77. Каримов К. Умытылған ярым ай (қосықлар). Нөкис, «Қарақалпақстан», 1998.

78. Каримов К. Жибериң (ашық хат)//«Әмиўдәрья», 1990, №6, 34-35б.

79. Каримтекли. Байрамың мүбәрек, Өзбекстан// «Еркин Қарақалпақстан», 1998-жыл, 30-август, №103-104

80. Каримов К. Өзбекстан-Ўатан, әй жәннет мәкан//«Еркин Қарақалпақстан», 2001-жыл 1-сентябрь, N 103

81. Каримтекли. Бүгин уллы уллы байрам қарақалпақта//«Еркин Қарақалпақстан», 2004-жыл 23-октябрь, №128

82. Каримов К. Жоғалған пурсат//«Еркин Қарақалпақстан», 2005, декабр, №146

83. Сейитов Ш. Жоллар. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1987.

84. Юсупов И. Дузлы самаллар. Қосықлар ҳәм «Әжинияз» операсы ушын либретто. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1988.